TINDAK TUTUR PAKON ING NOVEL *KUNARPA TAN BISA KANDHA* ANGGITANIPUN SUPARTO BRATA

SKRIPSI

Kaaturaken Dhumateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Minangka Salah Satunggaling Sarat
Pikantuk Gelar Sarjana Pendidikan

Dening
Fajar Istikhomah
09205241013

PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2013

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Tindak Tutur Pakon Ing Novel Kunarpa Tan Bisa Kandha Anggitanipun Suparto Brata* sampun pikantuk pasarujukan dening pembimbing saha sampun siyaga dipunlajengaken ujian.

Yogyakarta, April 2013

Pembimbing I,

Prof. Dr. Endang Nurhayati, M. Hum.
NIP. 19571231 198303 2 004

Yogyakarta, April 2013

Pembimbing II,

Drs. Hardiyanto, M. Hum.
NIP. 19561130 198411 1 001

PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Tindak Tutur Pakon Ing Novel Kunarpa Tan Bisa Kandha Anggitanipun Suparto Brata* menika sampun dipunandharaken ing pendadaran wonten sangajenging *Dewan Penguji* ing tanggal 26 April 2013 saha dipuntetepaken lulus.

DEWAN PENGUJI

Asma	*Jabatan*	Tapak Asma	Tanggal
Dr. Suwardi, M. Hum.	Ketua Penguji		08-05-2013
Drs. Hardiyanto, M. Hum.	Sekretaris Penguji		13-05-2013
Dra. Siti Mulyani, M. Hum.	Penguji I		07-05-2013
Prof. Dr. Endang Nurhayati, M. Hum.	Penguji II		13-05-2013

Yogyakarta, Mei 2013
Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Dekan,

Prof. Dr. Zamzani, M. Pd.
NIP 19550505 198011 1 001

WEDHARAN

Ingkang tandha tangan wonten ngandhap menika, kula:

Nama	: Fajar Istikhomah
NIM	: 09205241013
Program Studi	: Pendidikan Bahasa Jawa
Fakultas	: Bahasa dan Seni

medharaken bilih skripsi menika damelan kula piyambak. Sapangertosan kula, wosing skripsi beda kaliyan skripsi ingkang sinerat dening tiyang sanesipun, kajawi bab tartamtu ingkang kula pendhet kangge pamanggih dhasar kanthi njumbuhaken tata cara saha etika panyeratan. Menawi wedharan menika kabukti boten leres, dados tanggel jawab kula piyambak.

Yogyakarta, April 2013

Panyerat,



Fajar Istikhomah

NIM 09205241013

SESANTI

“Aja anggege mangsa”

Sedaya upaya kangge mujudaken gegayuhan kedah dipunlampahi setunggal mbaka setunggal

(Sarjana Hadiatmaja, 2010: 95)

PISUNGSUNG

Alhamdulillah kula aturaken dhumateng Gusti Allah Ingkang Maha Asih saha Maha Welas, skripsi menika kula pisungsungaken dhateng Ibu ingkang sampun paring panyengkuyung saha donga pangestunipun saengga skripsi menika saged karampungaken.

PRAWACANA

Alhamdulillah puji saha syukur kula aturaken dhumateng Gusti Allah ingkang Maha Asih saha Maha Welas, ingkang sampun paring rahmat, hidayah, saha inayah saengga kula saged ngaimpun skripsi kanthi irah-irahan *Tindak Tutur Pakon Ing Novel Kunarpa Tan Bisa Kandha Anggitanipun Suparto Brata* menika kangge sarat pikantuk *gelar sarjana pendidikan*.

Panyeratan skripsi saged kaimpun kanthi pambiyantu saking tiyang sanes. Awit saking menika, kula ngaturaken atur panuwun dhateng:

1. Bapak Prof. Dr. Zamzani, M. Pd. minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring kalodhangan kangge nindakaken panaliten;
2. Bapak Dr. Suwardi, M. Hum. minangka Pangarsaning Jurusan Pendidikan Bahasa Jawa ingkang sampun paring panyengkuyung supados nyekapaken skripsi;
3. Ibu Prof. Dr. Endang Nurhayati, M. Hum. minangka pembimbing I ingkang sampun paring bimbingan saha wewarah dhateng kula kanthi tlatos saha sabar;
4. Bapak Drs. Hardiyanto, M. Hum. minangka pembimbing II ingkang sampun paring bimbingan dhateng kula kanthi sabar saha tlatos;
5. Para Dosen ingkang sampun paring ngelmu dhateng kula saha staf Jurusan Pendidikan Bahasa dan Seni ingkang sampun paring pambiyantu bab *administrasi* saengga skripsi menika saged karampungaken;
6. Tiyang sepuh saha keluwarga kula ingkang sampun paring panyengkuyung saha donga pangestu dhateng kula;
7. Kanca-kanca Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah angkatan 2009 ingkang sampun paring panyengkuyung saha pambiyantunipun;
8. Sedaya tiyang ingkang sampun paring pambiyantu dhateng kula, ingkang boten saged kula sebataken setunggal-setunggal, kula ngaturaken atur panuwun.

Temtu kemawon panyeratan skripsi menika dereng saged kawastanan sae, jangkep, menapa malih sampurna. Pramila saking menika sedaya pangandikan menapa dene panyaruwe ingkang tumuju murih langkung sae, jangkep, saha sampurnaning skripsi menika, tansah katampi kanthi bingahing manah saha atur agunging panuwun.

Yogyakarta, April 2013

Panyerat,

Fajar Istikhomah
NIM 09205241013

WOSING ISI

Kaca

IRAH-IRAHAN i

PASARUJUKAN ii

PANGESAHAN iii

WEDHARAN iv

SESANTI v

PISUNGSUNG vi

PRAWACANA vii

WOSING ISI ix

DHAFTAR TABEL xiii

DHAFTAR GAMBAR xiv

DHAFTAR LAMPIRAN xv

DHAFTAR TETENGER xvi

SARINING PANALITEN xvii

BAB I PURWAKA

A. Dhasaraning Panaliten 1

B. Underaning Perkawis 3

C. Watesaning Perkawis 4

D. Perkawis ingkang badhe Karembag 5

E. Ancasing Panaliten 5

F. Paedahing Panaliten 6

G. Pangertosan 6

BAB II GEGARAN TEORI

A. Tindak Tutur 7

B. Perangan-peranganing Kawontenan Tutur 9

C. Jinising Tindak Tutur 11

D. Ukara 13

E. Ukara Pakon 18

F. Ukara Pakon Tanduk saha Ukara Pakon Tanggap 19

G. Titikan Pakon Tanduk saha Pakon Tanggap 21

H. Tegesipun Tindak Tutur Ukara Pakon 22
I. Nalaring Pikir 23
J. Panaliten ingkang Jumbuh 24
BAB III CARA PANALITEN
A. Jinising Panaliten 26
B. Data lan Sumbering Dat 26
C. Caranipun Ngempalaken Data 27
D. Pirantining Panaliten 27
E. Caranipun Nganalisis Data 29
F. Caranipun Ngesahaken Data 30
BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN
A. Asiling Panaliten 33
B. Pirembagan 48
1. Tindak Tutur Langsung Pakon 49
a. Tindak Tutur Langsung Pakon Tanduk 50
1) Tindak Tutur Langsung Pakon Tanduk {D-}+{-a} Ateges Pakon Limrah 50
2) Tindak Tutur Langsung Pakon Tanduk {N-}+{D-}+{-a} .. 52
a) Tindak Tutur Langsung Pakon Tanduk {N-}+{D-}+{-a} Ateges Pakon Limrah..... 52
b) Tindak Tutur Langsung Pakon Tanduk {N-}+{D-}+{-a} Ateges Pakon Pangajak..... 54
3) Tindak Tutur Langsung Pakon Tanduk {N-}+{D-}+{-ana}/ {-nana} Ateges Pakon Pangajak..... 56
b. Tindak Tutur Langsung Pakon Tanggap 58
1) Tindak Tutur Langsung Pakon Tanggap {D-}+{-en}/{-nen} 58
a) Tindak Tutur Langsung Pakon Tanggap {D-}+{-en}/{-nen} Ateges Pakon Limrah..... 58
b) Tindak Tutur Langsung Pakon Tanggap {D-}+{-en}/{-nen} Ateges Pakon Panantang..... 60
2) Tindak Tutur Langsung Pakon Tanggap {D-}+{-ana}/{-nana} 62

a) Tindak Tutur Langsung Pakon Tanggap
{D-}+{-ana}/{-nana} Ateges Pakon Limrah 62
b) Tindak Tutur Langsung Pakon Tanggap
{D-}+{-ana}/{-nana} Ateges Pakon Paminta..... 64
c) Tindak Tutur Langsung Pakon Tanggap
{D-}+{-ana}/{-nana} Ateges Pakon Panantang 65
3) Tindak Tutur Langsung Pakon Tanggap {D-}+{-na}/{-kna} 67
a) Tindak Tutur Langsung Pakon Tanggap
{D-}+{-na}/{-kna} Ateges Pakon Limrah..... 67
b) Tindak Tutur Langsung Pakon Tanggap
{D-}+{-na}/{-kna} Ateges Pakon Pangajak..... 69
2. Tindak Tutur Boten Langsung Pakon..... 72
a. Tindak Tutur Boten Langsung Pakon Tanduk..... 73
1) Tindak Tutur Boten Langsung Pakon Tanduk {D-}+{-a} 73
a) Tindak Tutur Boten Langsung Pakon Tanduk
{D-}+{-a} Ateges Pakon Limrah..... 73
b) Tindak Tutur Boten Langsung Pakon Tanduk
{D-}+{-a} Ateges Paminta..... 75
2) Tindak Tutur Boten Langsung Pakon Tanduk{N-}+{D-}+{-a} 79
a) Tindak Tutur Boten Langsung Pakon Tanduk
{N-}+{D-}+{-a} Ateges Pakon Limrah..... 79
b) Tindak Tutur Boten Langsung Pakon Tanduk
{N-}+{D-}+{-a} Ateges Pakon Pangajak..... 81
b. Tindak Tutur Boten Langsung Pakon Tanggap..... 83
1) Tindak Tutur Boten Langsung Pakon Tanggap
{D-}+{-en}/{-nen} 83
a) Tindak Tutur Boten Langsung Pakon Tanggap
{D-}+{-en}/{-nen} Ateges Pakon Limrah..... 84
b) Tindak Tutur Boten Langsung Pakon Tanggap
{D-}+{-en}/{-nen} Ateges Pakon Paminta 87
2) Tindak Tutur Boten Langsung Pakon Tanggap

{D-}+{-ana}/{-nana} 92
a) Tindak Tutur Boten Langsung Pakon Tanggap
{D-}+{-ana}/{-nana} Ateges Pakon Limrah 93
b) Tindak Tutur Boten Langsung Pakon Tanggap
{D-}+{-ana}/{-nana} Ateges Pakon Paminta 95
3) Tindak Tutur Boten Langsung Pakon Tanggap
{D-}+{-na}/{-kna} 96
a) Tindak Tutur Boten Langsung Pakon Tanggap
{D-}+{-na}/{-kna} Ateges Pakon Limrah 97
b) Tindak Tutur Boten Langsung Pakon Tanggap
{D-}+{-na}/{-kna} Ateges Pakon Paminta 98
c) Tindak Tutur Boten Langsung Pakon Tanggap
{D-}+{-na}/{-kna} Ateges Pakon Pamenging 101
BAB V PANUTUP
A. Dudutan 104
B. Implikasi 105
C. Pamrayogi 105
DAFTAR PUSTAKA 106
LAMPIRAN 108

DHAFTAR *TABEL*

Kaca

Tabel 1 Titikan Pakon Tanduk 21

Tabel 2 Titikan Pakon Tanggap 21

Tabel 3 Analisis Data 29

Tabel 4 Jinising, Titikan, saha Tegesing Pakon Tanduk saha Tanggap 34

DHAFTAR *GAMBAR*

Kaca

Gambar 1: *Gambar* Kertu Data 28

DHAFTAR *LAMPIRAN*

Kaca

Lampiran 1: *Tabel* Analisis Data 108

DHAFTAR TETENGER

Tetenger:

ê	*tanda diakritik,* nerangaken vokal e pepet (ungel dados *'ungêl'*)
é	*tanda diakritik,* nerangaken vokal e taling (dene dados *'déné'*)
((...))	*tanda kurung*, dipunginakaken kangge nandhani *satuan* basa ingkang salebetipun asifat *arbitrer*
(-)	*tanda hubung*, dipunginakaken kangge nyambung tembung kaliyan wuwuhan
(-)	*tanda pisah*, katrangan oposisi
(/)	*tanda garis miring tunggal*, dipunginakaken kangge nggantosaken tembung '*utawi*'
{...}	*kurung kurawal*, nedahaken *morfem*
('...')	*tanda petik tunggal*, ngapit tegesing tembung terjemahan saha andharan
("...")	*tanda petik rangkap*, ngapit *petikan langsung*
→	dipunwaos 'dados'
(=)	dipunwaos 'dhapukanipun dados'
(+)	dipunwaos 'kawuwuhan'
(!)	*tanda seru*, dipunginakaken kangge wedharan arupi pakon utawi prentah
(.)	*tanda titik*, dipunginakaken kangge wedharan arupi pawartos ing *satuan* basa
(?)	*tanda tanya*, dipunginakaken kangge wedharan arupi pitakenan ingkang mbetahaken wangsulan

TINDAK TUTUR PAKON ING NOVEL *KUNARPA TAN BISA KANDHA* ANGGITANIPUN SUPARTO BRATA

Dening
Fajar Istikhomah
NIM 0920541013

SARINING PANALITEN

Ancasing panaliten inggih menika njlentrehaken jinising tindak tutur pakon. Njlentrehaken titikanipun pakon tanduk saha pakon tanggap. Salajengipun njlentrehaken tegesing pakon wonten novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha*.

Panaliten menika ngginakaken metode deskriptif. Sumber data panaliten inggih menika novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* anggitanipun Suparto Brata. Panaliten menika ngrembag mliginipun perkawis tindak tutur pakon tanduk saha pakon tanggap. Data dipunkempalaken kanthi teknik maos saha teknik cathet. Data dipunanalisis kanthi teknik analisis deskripsi. Data kaesahaken kanthi cara validitas (triangulasi teori) saha reliabilitas (*stabilitas*).

Asiling panaliten gayut kaliyan (1) jinising tindak tutur pakon wonten novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* anggitanipun Suparto Brata dipuntingali saking *tinjauan sudut pandang pragmatik* inggih menika tindak tutur saha cakrik ukara. Dipuntingali kanthi *struktural* cakrik ukara inggih menika cakrik ukara pakon, ukara carita, saha ukara pitaken, (2) titikanipun pakon tanduk wonten novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* anggitanipun Suparto Brata kapanggihaken kalih titikan inggih menika sarana panambang {–a}, {-ana}/{-nana}. Panambang {–a} saged manggen wonten lingga utawi tanduk wantah. Pakon tanggap wonten novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* anggitanipun Suparto Brata kapanggihaken tigang titikan inggih menika sarana panambang {-en}/{-nen}, {-ana}/{-nana}, saha {–na}/{-kna}, saha (3) tegesing pakon ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* anggitanipun Suparto Brata kapanggihaken gangsal wujud inggih menika pakon limrah, pakon panantang, pakon paminta, pakon pangajak, saha pakon pamenging.

BAB I
PURWAKA

A. Dhasaraning Panaliten

Basa Jawi mujudaken salah satunggaling basa ing Indonesia, ingkang dados piranti rerembaganipun tiyang Jawi. Ing jaman samangke basa Jawi taksih kaangge srawung padintenan mliginipun tiyang Jawi Tengah, Daerah Istimewa Yogyakarta, saha Jawi Timur. Wonten pasrawungan dipunbetahaken tindak tutur amargi tindak tutur menika sarining pasrawungan.

Wonten rembagan pragmatik menika tindak tutur minangka asiling ujaran. Asiling ujaran beda-beda manut kawontenan nalika medhar. Kawontenan kala wau dados dhasar beda-bedaning ukara saha tegesipun. Wonten tindak tutur boten namung nengenaken teges saha wujuding ukara ananging ugi nggatosaken bab tumindaking wicantenan. Tindak tutur menika nggatosaken teges saha wujuding ukara, awit saking menika ukara dados wigatosing kajian tindak tutur.

Ukara inggih menika rerangkening tembung ingkang medharaken raos pangraos kadosta pitakenan, pakon, panyuwunan, saha perkawis sanesipun. Wonten ing paramasastra Jawi ukara gadhah wujud maneka warni, kadosta ukara carita, ukara pitaken, ukara pakon, wonten ugi ingkang nambahi cakrik sanesipun, kadosta ukara pangajak, ukara larangan, ukara pangajab, ukara prajanji, ukara panyuwunan, ukara upama, ukara panantang, ukara pangece, saha ukara panglulu. Salah satunggaling cakrik ukara ingkang dipunginakaken ing salebeting pasrawungan inggih menika ukara pakon. Ukara pakon inggih menika ukara ingkang mengku teges mrentah utawi pakon. Wujuding pakon katindakaken

ingkang sami rerembagan, ingkang wicantenan menika ingkang mrentah dene ingkang mirengaken menika ingkang nindakaken tumindak.

Titikanipun ukara pakon inggih menika nengenaken kanthi permati tumindakipun tiyang ingkang dipunprentah. Caranipun mrentah saged ngginakaken ukara ingkang jangkep utawi ukara cekak. Tuladhanipun ukara pakon kanthi ukara jangkep, *"Yun, tulung tutupen lawang mburi kae!"* ukara menika menawi dipuntingali saking strukturipun (jejer, wasesa, saha lesan) kalebet ukara jangkep dene tuladha ukara *"Mrenea!"* menika kalebet ukara cekak amargi namung mengku wasesa. Titikan ukara pakon sanesipun inggih menika nengenaken wasesa ingkang nandhangi pakaryan, ukaranipun awujud tembung kriya utawi frasa kriya. Ing basa seratan, adatipun ngginakaken tandha pakon (!) ing pungkasaning ukara.

Titikan salajengipun, ukara pakon kala-kala ngginakaken tembung pambiyantu, kadosta, cobi, mangga, mugi-mugi, nyuwun tulung, awi, prayoga, lan sapanunggalanipun. Tembung pambiyantu menika ngewahi tuturan pakon dados tuturan ingkang urmat. Ananging ukara pakon ugi ngginakaken tembung-tembung krama ingkang ndadosaken tuturan pakon menika urmat saha ngajeni tiyang ingkang dipunsuwuni pitulungan. Ukara pakon menika mengku unsur leksikal utawi unsur gramatikal (panambang).

Jinisipun ukara pakon warni-warni, inggih menika pakon tanduk, pakon tanggap, ukara pakon temening tumindak, ukara pakon panyuwunan, saha ukara pakon larangan. Ukara pakon menika gadhah wujud kangge negesaken ingkang

dados jalaran penutur ngandharaken tuturan pakon, kadosta pakon limrah, pakon pangajak, pakon paminta, pakon panantang, saha pakon pamenging.

Titikanipun ukara pakon tanduk inggih menika wonten ater-ateripun hanuswara ({n-}, {m-}, {ng-}, {ny-}), menawi dipunrimbag dados tanduk lingga utawi tanduk wantah sarana panambang {-a}, tanduk i- kriya sarana panambang {–ana}/{-nana}, saha tanduk ke-kriya sarana panambang {–na}/{-kna}. Dene titikanipun ukara pakon tanggap menawi dipunrimbag dados pakon tanggap ko-wantah sarana panambang {–en}/{-nen}, pakon tanggap ko-i sarana panambang {–ana}/{-nana}, saha pakon tanggap ko-ké sarana panambang {–na}/{-kna}.

Tindak tutur pakon tanduk saha pakon tanggap boten namung dipuncakaken ing pasrawungan nanging ugi saged dipuncakaken wonten seratan, salah satunggalipun ing novel. Novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* mujudaken salah satunggaling novel basa Jawi anggitanipun Suparto Brata. Novel menika kalebet novel seri detektip ingkang nyariosaken bab detektip. Wonten novel menika kathah dipunpanggihaken wujuding tuturan pakon. Tindak tutur pakon ingkang dipunpanggihaken dipunbedakaken antawisipun pakon tanduk saha pakon tanggap. Panaliten menika badhe ngrembag bab jinising tindak tutur ukara pakon, titikanipun pakon tanduk lan pakon tanggap, saha tegesing pakon tanduk lan ukara pakon tanggap ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* anggitanipun Suparto Brata.

B. Underaning Perkawis

Adhedhasar dhasaring panaliten ing nginggil, saged katata underaning perkawis kados andharan ing ngandhap menika:

1. jinising tindak tutur pakon tanduk ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* anggitanipun Suparto Brata;
2. jinising tindak tutur pakon tanggap ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* anggitanipun Suparto Brata;
3. tegesing pakon tanduk ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* anggitanipun Suparto Brata;
4. tegesing pakon tanggap ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* anggitanipun Suparto Brata;
5. titikanipun pakon tanduk ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* anggitanipun Suparto Brata;
6. titikanipun pakon tanggap ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* anggitanipun Suparto Brata;
7. wiyaring teba saha cak-cakanipun pakon tanduk ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* anggitanipun Suparto Brata;
8. wiyaring teba saha cak-cakanipun pakon tanggap ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* anggitanipun Suparto Brata.

C. Watesaning Perkawis

Adhedhasar dhasaring panaliten saha underaning perkawis, saged dipunwatesi perkawisipun kados andharan ing ngandhap menika:

1. jinising tindak tutur pakon tanduk saha ukara pakon tanggap ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* anggitanipun Suparto Brata;
2. titikanipun pakon tanduk saha pakon tanggap ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* anggitanipun Suparto Brata;

3. tegesipun pakon tanduk saha pakon tanggap ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* anggitanipun Suparto Brata.

D. Perkawis ingkang badhe Karembag

Kanthi adhedhasar watesaning perkawis, pramila perkawis ingkang badhe karembag inggih menika:

1. menapa kemawon jinising tindak tutur pakon tanduk saha pakon tanggap ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* anggitanipun Suparto Brata?
2. menapa kemawon titikanipun pakon tanduk saha pakon tanggap ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* anggitanipun Suparto Brata?
3. menapa kemawon tegesipun pakon tanduk saha pakon tanggap ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* anggitanipun Suparto Brata?

E. Ancasing Panaliten

Jumbuh kaliyan perkawis ingkang karembag, ancasing panaliten inggih menika makaten.

1. Njlentrehaken jinising tindak tutur pakon tanduk saha pakon tanggap wonten novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* anggitanipun Suparto Brata.
2. Njlentrehaken titikanipun pakon tanduk saha pakon tanggap wonten novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* anggitanipun Suparto Brata.
3. Njlentrehaken tegesing pakon tanduk saha pakon tanggap wonten novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* anggitanipun Suparto Brata.

F. Paedahing Panaliten

Panaliten menika kaangkah gadhah paedah supados saged nambahi seserapan ngelmu basa *kajian pragmatik* bab tindak tutur mliginipun kangge tiyang-tiyang ingkang remen maos novel.

G. Pangertosan

Variabel ing irah-irahan panaliten *Tindak Tutur Pakon Ing Novel Kunarpa Tan Bisa Kandha Anggitanipun Suparto Brata*, kajlentrehaken kados ing ngandhap menika.

1. Tindak tutur inggih menika saperangan tutur ingkang dados patraping pasrawungan ingkang nengenaken tumindak nalika wicantenan, tumindak minangka asil saking ujaran ingkang dipunandharaken penutur dhateng mitra tutur.
2. Ukara pakon inggih menika ukara ingkang wosipun mrentah dhateng tiyang angka kalih utawi tiyang ingkang kaajak rembagan supados nindakaken menapa ingkang dipunprentahaken tiyang ingkang kapisan.
3. Pakon tanduk inggih menika ukara pakon ingkang wasesanipun tembung tanduk.
4. Pakon tanggap inggih menika ukara pakon ingkang wasesanipun tembung tanggap.

BAB II
GEGARAN TEORI

A. Tindak Tutur

Wicantenan ing pasrawungan wonten penutur saha mitra tutur. Wicantenan menika wonten sambung rapetipun antawisipun penutur (O_1) saha mitra tutur (O_2) amargi wonten pasrawungan penutur ngandharaken perkawis dhateng mitra tutur. Miturut Purwo (1990: 19) bilih wonten ing salebeting wicantenan antawisipun penutur saha mitra tutur boten namung ngandharaken ukara nanging ugi nindakaken tumindak. Wicantenan kanthi tumindak ing salebeting ujaran menika dipunwastani tindak tutur.

Miturut Chaer saha Leoni (2010: 50) ngandharaken bilih tindak tutur minangka tandha pribadhi, ingkang asipat *psikologis*, saha nemtokaken dayaning basa saking penutur nalika ngadhepi kawontenan tartamtu. Wonten tindak tutur langkung dipuntingali tegesing tumindak ing tuturan. Tindak tutur menika patraping lelampahan sosial ingkang wonten sambung rapetipun kaliyan tiyang-tiyang ingkang sami wicantenan ing kawontenan saha panggenan tartamtu. Pamanggih sanesipun inggih menika saking Cahyono (1995: 223) ngandharaken bilih *kajian tindak bahasa* langkung dipuntegesaken *fungsi* saking wicantenanipun. *Tindak bahasa* dipuntegesaken saking *fungsi*-nipun wicantenan supados dipunmangertosi dening mitra tutur.

Miturut pamanggihipun Austin (wonten ing Leech, 2011: 280) bilih sedaya tuturan menika wujuding tumindak saha boten namung ngandharaken ngengingi donya. Sedaya tuturan kalawau boten namung awujud tuturan kemawon nanging

ugi awujud tumindak ingkang saged ndayani mitra tutur supados nindakaken tumindak. Austin ugi mbedakaken tigang tumindak ingkang gayut kaliyan *ujaran*, inggih menika *tindak lokusioner*, *tindak ilokusioner*, saha *tindak perlokusioner*. Pamanggihipun Searle (wonten ing Rahardi (2005: 35) nyengkuyung pamanggihipun Austin bilih praktik ngginakaken basa menika kalebet jinising tindak tutur. Tindak tutur kaperang dados tiga inggih menika *tindak tutur lokusi*, *tindak tutur ilokusi*, saha *tindak tutur perlokusi*.

Wonten rembagan pragmatik, wicantenan ingkang limrah saged dipunpanggihi ing novel. Adhedhasar pamanggihipun Nurgiyantoro (2010: 312) ngandharaken bilih wujuding wicantenan ingkang asipat pragmatik menika wicantenan ingkang gesang saha limrah sanajan perkawis menika wonten novel, ateges wicantenan menika jumbuh kaliyan *konteks* panganggenipun, wicantenan ingkang memper utawi nggambaraken kados kawontenan sanyatanipun gayut kaliyan panganggening basa.

Rerembagan pragmatik sanesipun nyinau tegesing ujaran utawi dayaning ujaran, miturut pamanggihipun Gunarwan (wonten ing Kaswanti Purwo, 1994: 84) ngandharaken bilih *satuan analisis ujaran* wonten pragmatik menika sanes ukara (amargi ukara inggih menika *satuan tata bahasa*), nanging tindak ujar utawi tindak tutur (*speech act*). Kadosta setunggal ujaran *"Kula rumaos ngelak."*, sajatosipun nindakaken kalih tindak ujaran, inggih menika nyukani sumerep saha panyuwunan. Tindak tutur menika gadhah paedah kangge mahyakaken tumindak, boten namung setunggal tumindak ing ujaran nanging ugi saged kathah tumindak ingkang dipuntindakaken.

Pamanggih sanesipun miturut Fromkin saha Rodman (ing Tarigan, 1986: 33) bilih tindak ujar *(speech act)* inggih menika tata cara nindakaken tumindak kanthi ngginakaken paedahing ukara. Wonten rembagan tindak tutur kedah mangertos wigatosing konteks pangandikan. Konteks tutur menika ingkang dados *latar/setting sosial* antawisipun penutur saha mitra tutur nalika pangandikan. Yule kados dipunandharaken wonten Cahyono (1995: 214) bilih wonten mapinten-pinten jinising *konteks*, ingkang kapisan konteks linguistik utawi *koteks*, kaping kalih *konteks fisik*. *Konteks* ugi gayut kaliyan kawontenan basa.

Stubbs kados dipunandharaken ing Cahyono (1995: 215) bilih unsur-unsur *konteks* kaperang dados enem, inggih menika penutur saha mitra tutur, *latar* (*setting*), piweling, *channel*, saha *kode*. Salajengipun miturut pamanggihipun Kaswanti Purwo (1990: 19) bilih tumindak ingkang dipuntindakaken nalika wicantenan wonten gangsal, inggih menika: (1) panyuwunan (*request*), (2) panyuwunan idin (*permission request*), (3) *tawaran* (*offers*), (4) pangajak (*invitation*), saha (5) *tawaran* ingkang dipuntampi (*acception of offers*).

Saking pamanggihipun para ahli saged dipunpendhet dudutan bilih tindak tutur menika sedaya ingkang dipuntindakaken manungsa awujud pangandikan ingkang dipunjangkepi tumindak saha laras kaliyan *konteks* ujaran. Tindak tutur menika nggatosaken tumindak ing ujaran ingkang jumbuh kaliyan *konteks* ujaranipun.

B. Perangan-peranganing Kawontenan Tutur

Miturut Leech (wonten ing Wijana, 1996: 9) *Pragmatics studies meaning in reliation to speech situation*, kedah wigatos dhateng perangan-perangan ing

studi pragmatik. Perangan-peranganipun inggih menika, penutur saha ingkang dipunajak gineman (*lawan tutur*), konteks tuturan, ancasing tuturan, tuturan dados wujuding tumindak, saha tuturan dados asiling tumindak *verbal*. Perkawis-perkawis kalawau kaandharaken kados mekaten.

1. Penutur saha ingkang dipunajak gineman (*lawan tutur*)

Menawi tuturan kaserat wonten media seratan, sedaya konsep penutur saha lawan tutur nyakup panyerat saha pamaos. Perangan-perangan ingkang wonten sambung rapetipun kaliyan penutur saha lawan tutur inggih menika yuswa, mila bukanipun perkawis *sosial ekonomi*, jinising tiyang (jaler utawi estri), *tingkat kekerabatan*, lan sapanunggalanipun.

2. Konteks tuturan

Konteks tuturan menika nyakup sedaya *aspek fisik* utawi *setting sosial* ingkang jumbuh kaliyan tuturan. Konteks ingkang mengku *fisik* menika dipunsebat koteks (*cotext*) nanging menawi konteks menika *setting sosial*. Wonten rembagan pragmatik, konteks inggih menika sedaya mila bukanipun ngelmu ingkang dipunmangertosi dening penutur saha lawan tutur.

3. Ancasing tuturan

Wujuding tuturan menika kedah nggatosaken makna saha ancas tartamtu. Wujuding tuturan dipunginakaken kangge ngandharaken makna ingkang sami utawi suwalikipun, sedaya makna saged dipunandharaken kanthi tuturan ingkang sami.

4. Tuturan dados wujuding tumindak

Tuturan menika dados wujuding tumindak, wonten rembagan pragmatik langkung nyinau basa ing undha usukipun ingkang langkung nyata tinimbang tata basa.

5. Tuturan dados asiling tumindak *verbal*

Tuturan menika wujud saking tindak tutur. Awit saking menika tuturan ingkang dipunasilaken wujud saking asiling tumindak *verbal*.

Saking pamanggihipun para ahli, nalika tuturan kedah nggatosaken perangan-perangan ingkang dados wigatosing tindak tutur, inggih menika penutur saha lawan tutur, konteks, ancasing tuturan, tuturan ingkang dados wujuding tumindak, saha tuturan ingkang dados asiling tumindak *verbal*.

C. Jinising Tindak Tutur

Miturut Wijana (1996: 30-32), jinising tindak tutur kaperang dados sekawan inggih menika tindak tutur langsung, tindak tutur boten langsung, tindak tutur literal, saha tindak tutur boten literal.

1. Tindak Tutur Langsung

Ukara menawi dipuntingali saking cakrikipun kaperang dados ukara carita (*deklaratif*), ukara pitaken (*interogatif*), saha ukara paken (*imperatif*). Ukara carita menika kangge ngandharaken pawartos, menawi ukara pitaken menika ngandharaken samubarang pitakenan, saha ukara pakon menika ngandharaken pakon, pangajak, paminta, saha pameling. Tindak tutur menika awujud tindak tutur langsung (*direct speech act*). Menawi tindak tutur langsung menika, titikanipun menawi ukara carita kedah ngginakaken tandha titik (.), ukara

pitakenan kedah ngginakaken tandha pitaken (?), saha ukara pakon ngginakaken tandha pakon (!). Wosipun kedah kados tuturan ingkang dipunandharaken, saha pigunanipun *konvensional*: carita, pitakenan, saha pakon.

2. Tindak Tutur Boten Langsung

Tindak tutur tidak langsung menika, tindak tutur ingkang dipunandharaken kanthi boten langsung. Tindak tutur menika mbetahaken tumindak saha ukara ingkang ngemu teges. Cakrik ukara carita saha ukara pitakenan saking tindak tutur boten langsung ginanipun saged pakon.

3. Tindak Tutur Literal

Tindak tutur ingkang tegesipun sami kaliyan makna saking tembung-tembung ingkang dipunandharaken. Manahipun penutur sami kaliyan ingkang badhe kaandharaken.

4. Tindak Tutur Tidak Literal

Tindak tutur menika suwalikipun saking tindak tutur literal, *tuturan*-ipun ingkang gadhah teges boten sami kaliyan *makna*-nipun tuturan.

Pamanggih sanes saking Yule (1996: 95-98) gayut kaliyan tigang wujud *struktural* kaliyan tigang *fungsi* pasrawungan. Wujuding *struktural* inggih menika *deklaratif*, *interogatif*, saha *imperatife* nanging *fungsi* pasrawungan inggih menika ukara carita, ukara pitaken, saha ukara pakon. Menawi wonten gegayutan antawisipun *struktur* saha *fungsi* dipunwastani tindak tutur langsung. Salajengipun menawi wonten gegayutan boten langsung antawisipun *struktur* kaliyan *fungsi* kalebet tindak tutur boten langsung.

Wujud *deklaratif* dipunginakaken kangge ngandharaken ukara carita saged dipunsebat tindak tutur langsung. Ananging menawi *deklaratif* menika dipunginakaken kangge ngandharaken panyuwunan dipunsebat tindak tutur boten langsung. Menawi *interogatif* menika awujud pitakenan, nanging *fungsi*-nipun saged pakon. *Fungsi* saking sedaya tuturan menika pakon nanging *struktur imperatif* menika ingkang dados wakil saking tindak tutur.

Saking pamanggihipun para ahli saged dipunpendhet dudutan bilih jinising tindak tutur dipuntingali kanthi cara medharaken kaperang dados kalih. Kapisan tindak tutur langsung, tindak tutur ingkang dipunginakaken jumbuh kaliyan pigunanipun, kaping kalih tindak tutur boten langsung, struktur kaliyan pigunanipun beda namung *struktur imperatif* ingkang jumbuh kaliyan pigunanipun, inggih menika *fungsi* ukara pakon. Salajengipun wonten ingkang nambahi jinising tindak tutur inggih menika tindak tutur literal, gadhah teges ingkang sami kaliyan teges tembung ingkang dipunandharaken saha tindak tutur boten literal inggih menika tuturan ingkang tegesipun boten sami kaliyan teges tuturan ingkang dipunandharaken.

D. Ukara

Tindak tutur menika nggatosaken teges saha wujuding ukara, awit saking menika ukara dados titikanipun tindak tutur. Miturut pamanggihipun Chaer (1994: 240) bilih dhasaripun ukara inggih menika *konstituen* dhasar saha laguning pocapan wonten pungkasan, amargi kawontenan *konjungsi* wonten menawi dipunbetahaken. Boten saben ukara ngginakaken *konjungsi*. Ukara inggih menika rerangkening tembung sawetawis, ingkang dados dhasar wedharaning manungsa

ingkang awujud katrangan, pitakenan, panyuwun, utawi perkawis sanes (Antunsuhono 1956: 7).

Miturut Padmosoekatjo (1987: 135) bilih ukara menika wedharing raos pangraos ingkang kalairaken sarana basa utawi tembung. Ukara menika mawi kalih perangan, inggih menika jejer kaliyan wasesa. Jejer menika perangan ingkang dipuncariyosaken nanging wasesa menika perangan ingkang ngandharaken jejeripun utawi pakarti ingkang dipuntindakaken jejer. Wonten paramasastra anggitanipun Antusuhono (1956: 7-8), ukara menika kadadosan saking mapinten-pinten warni. Ukara menawi dipuntingali saking tumindakipun jejer mawi wasesa, wasesa mawi lesan utawi katrangan sanes kaperang dados kalih inggih menika ukara tanduk saha ukara tanggap.

1. Ukara Tanduk

Ukara tanduk inggih menika ukara wedharaning raos pangraos, déné ingkang dados wigatosing gineman inggih menika wasesanipun utawi jejeripun ingkang nandhang pakaryan. Ukara tanduk menika kawuwuhan ater-ater anuswara ({m-}, {n-}, {ny-}, {ng-}). Tuladha ukara tanduk: *Dik Mimin mangan sega liwet*.

2. Ukara Tanggap

Ukara tanggap inggih menika wedharaning raos pangraos, déné ingkang dados wigatosing inggih menika lesanipun utawi jejeripun ingkang nandhang pakaryan. Miturut Sasangka (1989: 113), wasesa ing ukara tanggap menika ngginakaken tembung kriya ingkang kawuwuhan ater-ater dak-, kok-, di-, ka-, ke-, saha seselan –in-. Tuladhanipun ukara tanggap: *Sidin ditendang Siman*.

Ukara menawi dipuntingali saking wujudipun, ukara kaperang dados tiga inggih menika ukara jangkep (ukara lamba), ukara ora ganep (ukara boten jangkep), saha ukara rangkep (ukara camboran).

a. Ukara Ganep utawi Ukara Lamba (Ukara Jangkep)

Ukara jangkep menika ukara ingkang kadadosan saking jejer, wasesa, lesan, saha katrangan utawi sakedhikipun kaperang saking jejer saha wasesa. Tuladha ukara jangkep: *Bocah, klambi ireng kaé, mangan sega gorèng restoran Solo kok cimat-cimit*.

b. Ukara Ora Ganep (Ukara Boten Jangkep)

Ukara boten jangkep menawi ing basa lésan, kados pitakenan utawi pakon peranganipun boten jangkep, wujudipun saged jejer kemawon ugi saged wasesanipun kemawon. Ukara boten jangkep tinemu ing ukara pakon, pangajab, pangajak, pitakenan, lan sapanunggalanipun. Tuladha ukara boten jangkep: *Wah, apiké!*.

c. Ukara Rangkep (Ukara Camboran)

Ukara camboran inggih menika ukara lamba ingkang dipunraketaken dados setunggal mujudaken ukara ingkang dawa, déné ukara camboran iku kaperang dados ukara camboran sajajar, raketan saha sungsun. Tuladha ukara camboran sajajar: *Adhiku lagi sinau, kakang lagi reresik, déné aku dhewe nganggur wae*.

Ukara menawi dipuntingali saking wedharing pikir, gagasan saha tegesipun kaperang dados wolu inggih menika ukara carita, ukara pitaken, ukara

pakon, ukara pangajak, ukara panyuwun, ukara pangajab, ukara prajanji, saha ukara upama.

a. Ukara Carita *(Kalimat Berita)*

Ukara carita menika ukara wedharing raos pangraos manungsa, tumuju dhateng tiyang ingkang dipunajak gineman supados mangertosi menapa kemawon ingkang dipunwedharaken. Ukara carita menika magepokan tumrap piyambak utawi tiyang sanes, saged ugi nyariosaken kadadosan ingkang dipunmirengaken, kadadosan ingkang dipuntingali, ugi saged pitutur lan sapanunggalanipun. Tuladha ukara carita: *Bésuk sasi Mulud ngenjang, ing Jogja wonten pasar malem.*

b. Ukara Pitaken *(Kalimat Tanya)*

Ukara pitaken inggih menika wedharaning raos pangraos manungsa ingkang awujud pitakenan supados ingkang nyuwun pirsa saged mangertosi bab-bab ingkang dipunpitakenaken. Tuladha ukara pitaken: *Punapa menika kagunganipun?*

c. Ukara Pakon *(Kalimat Perintah)*

Ukara pakon inggih menika wedharaning raos pangraos manungsa, tumuju dhateng tiyang kapindho supados nindakaken pakaryan. Tuladha ukara pakon: *Balèkna barang-barang silihan, Pan!*

d. Ukara Pangajak *(Kalimat Ajakan)*

Ukara pangajak menika sami kaliyan ukara pakon nanging ingkang dipunprentah dipunajak tumindak sesarengan. Ukara pangajak limrahipun ngginakaken tembung ayo, mangga, awi, coba, prayoga, lan sapanunggalanipun. Tuladha ukara pangajak: *Cobi dipunwaos malih, kajengipun radi cetha*.

e. Ukara Panyuwun *(Kalimat Permintaan)*

Ukara panyuwun menika ukara pakon ingkang alus, adatipun tembung ingkang limrah inggih menika krama. Tuladhanipun ukara panyuwun: *Kula aturi midhangetaken anggènipun medhar sabda*.

f. Ukara Pangajab *(Kalimat Harapan)*

Alusing ukara panyuwun dados ukara pangajab, limrahipun ngginakaken tembung *'muga-muga'*. Tuladha ukara pangajab: *Mugi-mugi sukmanipun anak kula tinampia ing pangajunaning Pangéran*.

g. Ukara prajanji *(kalimat perjanjian)*

Ukara prajanji menika ukara ingkang tumuju dhateng tiyang kapindho supados nindakaken menapa ingkang dipunjanjekaken. Limrahipun ngginakaken tembung panyambung: yen, menawa, angger, uger, lan sapaiturutipun. Tuladhanipun ukara prajanji: *Anggenipun mantu, menawi sampun cumepak samubarang butuhipun*.

h. Ukara Upama *(Kalimat Perumpamaan)*

Ukara upama menika langkung sami kaliyan ukara prajanji, déné bedanipun ing ukara prajanji menika saratipun sampun dipuncepeng sedaya, kaleksanan sedaya kangsenipun. Ananging menawi ing ukara upama menika awit tangèh saged tinemah menapa ingkang dipunwedharaken. Tuladha ukara upama: *Upama manungsa saged ngawuningani kekeraning Pangéran bakal linuwih anor raganipun*.

Saged dipunpendhet dudutanipun bilih ukara menika rerangkening tembung setunggal utawi kathah ingkang saged dipunwudhar kanthi *struktur*

ukaranipun miturut jejer saha wasesanipun, lajeng dipunginakaken manungsa ing pasrawungan kanthi mengku teges.

E. Ukara Pakon

Ukara pakon menika ukara ingkang nyuraosi tiyang angka kalih supados nindakaken pakaryan miturut dhawuh saking penutur. Miturut Setiyanto (2007: 228) bilih ukara pakon menika wedharing raos pangraos tumuju kangge tiyang angka kalih supados nindakaken pakaryan. Tiyang angka kalih menika ingkang nandhangi pakaryan.

Miturut pamanggihipun Kridalaksana (2001: 75) bilih ukara pakon ing basa Jawi menika dipuntandhani kanthi *unsur segmental*, inggih menika wonten *unsur leksikal* ugi *unsur gramatikal* (*sufiks* utawi panambang). Ing basa seratan, titikan ukara pakon menika wonten tandha pakon (!) ing sawingkingipun ukara.

Pamanggih saking Chaer saha Leoni (2010: 50) bilih ukara pakon utawi *kalimat imperatif* menika ukara ingkang wosipun gadhah panyuwunan supados ingkang mirengaken paring wangsulan awujud tumindak utawi nindakaken ingkang dipundhawuhi penutur. Pamanggihipun Dardjowidjojo (2003: 105) bilih ukara pakon menika salah satunggaling *wakil* saking *tindak ujaran direktif*, *respon*-ipun awujud tumindak.

Wujuding ukara pakon saged kaperang dados mapinten-pinten warni, miturut Antunsuhono (1956: 36-37) kadadosan saking: 1. ukara pakon menawi dipuntingali saking wasesanipun ngginakaken pakon tanduk; 2. ukara pakon menawi dipunbetahaken lesan utawi aranipun ingkang kedah dipuntandangi, ngginakaken ukara tanggap; 3. ukara pakon menawi kedah dipuntindakaken

ngginakaken tembung katrangan, temening tumindak; 4. ukara pakon ingkang urmat, pakon menika ngurmati tiyang ingkang dipunsuwuni pitulungan kanthi basa krama; 5. ukara pakon ingkang ateges nantang, ngece, utawi panglulu; 6. ukara larangan *(kalimat larangan)*, sami kaliyan ukara pakon nanging ing ukara larangan ngginakaken tembung "aja", haywa; 7. ukara pakon kaliyan larangan, ukara ingkang nggatosaken kados pundi tumindakipun tiyang; 8. ukara pangajak, ukara ingkang dipunprentah gadhah drajat ingkang sami kaliyan ingkang marentah; 9. ukara panyuwun menika ukara pakon nanging alus.

Saged dipunpendhet dudutanipun menawi ukara pakon menika ukara ingkang gadhah teges dhateng tiyang ingkang mirengaken (*mitra tutur*) nindakaken tumindak saha gadhah pangajab supados tiyang ingkang mirengaken mangertosi tumindak ingkang kedah dipuntindakaken saking andharan penutur, tumindak menika kalebet tanggepan saking *tuturan penutur*.

F. Pakon Tanduk saha Pakon Tanggap

Ukara tanduk menika ukara ingkang kawuwuhan ater-ater anuswara ({ny-}, {m-}, {ng-}, {n-}). Miturut Antunsuhono (1960: 45) menawi pakon tanduk menika menawi dipunrimbag wonten pakon tanduk wantah, tanduk i-kriya, saha tanduk ke-kriya. Ing pakon tanduk menika ingkang dipunbetahaken inggih menika jejeripun utawi kriyanipun. Tuladhanipun: *"Sardi macaa layang kabar kaé!"*

Ing cariyos wonten konteks: amargi detektif Handaka (penutur) saperlu mbetahaken katrangan saking Riris (mitra tutur), pramila detektif Handaka menika nimbali Riris badhe nyuwun katrangan supados ngadhep dhateng detektif Handaka ngengingi sedanipun Ibunipun.

Ukara *"Riris, kowe? Iya.* ***Mrenea!****"*, tembung *mrenea* saking tembung tanduk wantah: {N-} + {D-} = {m-} + *rene* → *mrene*, kawuwuhan ater-ater {*m*-} lajeng dados pakon tanduk amargi pikantuk panambang {*–a*}. Saben ukara ngemu teges piyambak-piyambak. Tuladhanipun ukara pakon tanduk *"Riris, kowe? Iya. Mrenea!"*, gadhah teges menawi tiyang kapisan ndhawuhi tiyang angka kalih supados mriki.

Miturut pamanggihipun Antunsuhono (1960: 46) bilih tembung tanggap menika saged dipundamel pakon. Ukaranipun dados ukara tanggap, dene ingkang dipunbetahaken inggih menika lesanipun. Ukara tanggap menika kawuwuhan ater-ater tripurusa inggih menika ater-ater dak-, kok-, di-. Menawi dipunrimbag kaaran pakon tanggap ko- wantah, pakon tanggap ko-i, saha pakon tanggap ko-ké. Tuladhanipun: *"Sardi, layang kabar kaé gawanen!"*

Konteks ing cariyos: penutur menika Marong ingkang mrentah Jumblat (mitra tutur) supados tumbas rokok amargi rokokipun namung kantun setunggal.

Ukaranipun: *"O, iya?* ***Ya tukokna yen ngono****. Gudang Garam abang. Iki dhuwite!."* Tembung *tukokna* ateges kedah kok-tukokake, menawi tembung *tukokna* dipunrimbag kadadosan saking tembung lingga *tuku* + -na= *tukuna* → *tukokna*. Rimbag pakon tanggapipun dados ko-ké. Tembung *tukokna*, dados pakon amargi sarana panambang {–na}, panambang {-na} ateges supados nindakaken kados ingkang dipunsebataken lingganipun.

G. Titikan Pakon Tanduk saha Pakon Tanggap

Miturut Kridalaksana, dkk. (2001: 75) bilih wujuding ukara pakon wonten basa krama dados ukara pangajak, tandhanipun ngginakaken ukara *'kula aturi'* utawi *'mangga'*. Wonten basa ngoko, wujuding pakon dipunwuwuhi panambang tartamtu ing kriya. Saged dipuntingali titikanipun wonten tabel ngandhap menika.

***Tabel 1*. Titikan pakon tanduk**

Verba Aktif	**Pakon**
D lunga	**D- + -a** Lungaa
N- mangan	**N- + -a** Mangana
N-i njupuki	**N-ana/-nana** Njupukana
N-aké nukokaké	**N-na/-kna** Nukokna

***Tabel 2*. Titikan pakon tanggap**

Verba Pasif	**Pakon**
di dituku	**D-en/-nen** Tukunen
di-i diparani	**D-ana/-nana** Paranana
di-aké diwènèhaké	**D-na/-kna** Wènèhna

Titikan sanesipun miturut pamanggihipun Antusuhono (1956: 24-25), pakon tanduk menika menawi dipunrimbag dados pakon tanduk wantah, pakon tanduk i-kriya, lan pakon tanduk ké-kriya. Menawi pakon tanduk wantah menika sarana panambang {–a}, pakon tanduk i-kriya sarana panambang {-ana}, lan pakon tanduk ké-kriya sarana panambang {–na}. Tumrap pakon tanggap menika menawi dipunrimbag dados pakon tanggap ko-wantah, pakon tanggap ko-i, lan pakon tanggap ko- ké ugi saged dipunrimbag mawi lingganipun, kados lingga + -

en (pakon tanggap ko-wantah), lingga + -ana (pakon tanggap ko-i), saha lingga + -na (pakon tanggap ko- ké).

Miturut Hadiwidjana (1967: 49) ukara pakon kajawi dipuntingali saking lagunipun, wujudipun sarana panambang {–a} ing wasesanipun: bawa utawi kriya. Lajeng menawi ing hagnya utawi pakon tanggap wantah sarana panambang {–en}. Menawi tumrap ing kawontenan (bawa) menika ajeg lingganipun, kadosta krasaa, rosaa, ijoa, lan sapanunggalanipun.

Saking pamanggihipun para ahli ing nginggil, saged dipunpendhet dudutan bilih titikanipun pakon tanduk inggih menika sarana panambang {–a}, {-ana}/{-nana}, saha {–na}/{-kna} menawi titikanipun pakon tanggap inggih menika sarana panambang {–en}/{-nen}, ugi saged sarana panambang {–ana}/{-nana}, saha {-na}/{-kna}.

H. Tegesipun Tindak Tutur Pakon

Tuturan pakon menika gadhah wujud kanthi ancas piyambak, inggih menika nggatosaken teges nalika tuturan pakon dipunandharaken penutur. Wujuding pakon ingkang mapinten-pinten warni dados jalaran penutur ngandharaken tuturan pakon kasebat. Miturut Sasangka (1989: 126-127) wujuding ukara pakon menika wonten gangsal, kados ing ngandhap menika.

1. Pakon limrah

Pakon utawi dhawuh inggih menika pituduh supados nindakaken (BJ, 1939: 458). Pakon limrah menika pakon ingkang adatipun mengku ukara lamba. Tuladhanipun: *Awas sing ngati-ati!*.

2. Pamenging

Pamenging utawi penging inggih menika ingkang dipunlarangi utawi murihipun boten dipuntindakaken (BJ, 1939: 484). Tuladhanipun: *Aja rame-rame simbah lagi sare.*

3. Pangajak

Pangajak utawi ajak inggih menika sami ngajak utawi nindakaken pangajak dhateng tiyang sanes (BJ, 1939: 3). Tuladhanipun: *Sadurunge diwiwiti, ayo padha ngeningke cipta*.

4. Panantang

Panantang inggih menika mratelakaken nantang (BJ, 1939: 462). Tuladhanipun: *Dolanan kana, yen kowe ora wedi didukani Bapak!*.

5. Paminta

Paminta inggih menika panyuwunan utawi pinta (BJ, 1939: 461). Tuladha: *Tulung, jupukna buku kuwi Dul*.

Miturut pamanggihipun para ahli saged dipunpendhet dudutan bilih saben tuturan pakon ingkang dipunandharaken penutur, penutur menika gadhah alesan piyambak kenging menapa nindakaken tuturan pakon kasebat supados mitra tutur saged mangertosi tegesipun tuturan pakon ingkang dipunandharaken penutur.

I. Nalaring Pikir

Panaliten menika kalebet *kajian Pragmatik*. Pragmatik menika *cabang* saking ngelmu basa ingkang nyinau teges saking tuturan penutur ing kawontenan *ujaran* tartamtu. Dipuntingali saking *pragmatik*-ipun, panaliten menika naliti tindak tutur. Tindak tutur ingkang dipuntliti inggih menika tindak tutur ukara

pakon. Tindak tutur ukara pakon inggih menika tindak tutur ingkang gadhah teges dhateng mitra tutur kedah nindakaken tumindak ingkang dipunandharaken saking penutur. *Tuturan* menika gadhah teges ingkang damel *mitra tutur* nindakaken samubarang, kadosta: pakon, wejangan, pamrayogi, ugi pangajak. Ukara menika satunggaling basa ingkang mangadeg piyambak, kedadosan saking rerangkening tembung-tembung ingkang saboten-botenipun dumadi saking setunggal klausa saha katitik laguning pocapan.

J. Panaliten ingkang Jumbuh

Panaliten ingkang dipuntindakaken Anita Indriani kanthi irah-irahan *Kajian Pragmatik Tindak Tutur Perintah Dalam Bahasa Jawa Pada Mahasiswa Yang Tinggal Di Samirono*. Panaliten menika njlentrehaken wujud saha *konteks* tindak tutur pakon wonten ing basa Jawi tumrap mahasiswa ingkang wonten ing Samirono. Panaliten menika sami-sami naliti pragmatik ngenani tindak tutur pakon. Ingkang sami-sami gadhah teges kangge pakon tiyang ingkang mirengaken kedah nindakaken tumindak. Ananging panaliten menika wonten bedanipun inggih menika jinising pakon ingkang dipunrembag saha *obyek* panaliten ingkang beda.

Panaliten sanes ingkang jumbuh inggih menika panaliten katindakaken dening Winda Kurniawan kanthi irah-irahan *Kajian Tindak Tutur Direktif Berbahasa Jawa Khutbah Jumat di Masjid Al Barokah Desa Kalak Kab. Pacitan*. Panaliten menika sami nindakaken panaliten ing perkawis pragmatik. Tindak tutur direktif saha tindak tutur pakon menika gadhah ancas ingkang langkung sami inggih menika nyuraosi tiyang angka kalih kedah nindakaken tumindak miturut

dhawuhipun penutur. Panaliten menika wonten bedanipun inggih menika jinising tindak tutur saha *obyek* panaliten ingkang dipunkaji.

Adhedhasar saking panaliten ingkang jumbuh, sampun dipunandharaken beda saha saminipun panaliten ingkang jumbuh kaliyan panaliten menika. Kabuktekaken menawi panaliten menika dereng dipunrembag panaliti sanes. Panaliten menika saged dipundadosaken gambaran kangge panaliten salajengipun.

BAB III
CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Wonten panaliten menika, panaliti ngginakaken metode *deskriptif*. Metode *deskriptif* menika dipuntindakaken adhedhasar kasunyatan utawi *fenomena empiris* ingkang wonten ing penutur-penuturipun saengga data ingkang dipunasilaken utawi dipunserat arupi basa kados paparan sawontenipun (Sudaryanto, 1988:62). Jinising metode *deskriptif* menika ngasilaken data-data kanthi *deskriptif* arupi data ingkang nyata, ingkang dipunserat kanthi ngandharaken basa *penutur*-ipun. Metode *deskriptif* menika dipunginakaken kangge njlentrehaken jinising tindak tutur pakon, tegesing pakon tanduk saha tanggap, sarta titikanipun tuturan pakon tanduk saha pakon tanggap ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha*.

B. Data lan Sumbering Data

Data ingkang dipunkaji wonten panaliten menika arupi tuturan-tuturan pakon inggih menika pakon tanduk saha pakon tanggap. Bab menika gayut kaliyan jinising tindak tutur pakon, tegesing pakon tanduk saha tanggap, sarta titikanipun. Sumber data panaliten saking novel basa Jawi kanthi irah-irahan *Kunarpa Tan Bisa Kandha* cariyos seri Detektip Handaka. Novel menika dipunserat kanthi seratan latin. Novel anggitanipun salah satunggaling *sastrawan* Jawi inggih menika nama Suparto Brata. Novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* dipuncethak dening panarbit NARASI nalika taun 2009. Novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* kandelipun 161 kaca ingkang kadadosan saking 20 irah-irahan.

Novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* dipundadosaken sasaraning panaliten amargi mengku tuturan pakon tanduk saha pakon tanggap.

C. Caranipun Ngempalaken Data

Kangge ngempalaken data ngginakaken kalih werni teknik, ingkang kapisan teknik maos inggih menika maos novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* kangge manggihaken data-data ingkang gayut kaliyan tindak tutur pakon tanduk saha pakon tanggap dipunlajengaken *pemahaman* kanthi temenan saha njlentrehaken jinising tindak tutur pakon, tegesing pakon tanduk saha tanggap, titikanipun pakon tanduk saha pakon tanggap. Teknik kaping kalih inggih menika teknik cathet, inggih menika nyerat sedaya tuturan ingkang dados panaliten tindak tutur pakon tanduk saha tanggap ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* ing *komputer*.

Cak-cakan ngempalaken data, inggih menika:

1. nyamektakaken sumbering data awujud novel,
2. maos kanthi tliti saben tuturaning paraga wonten novel,
3. sabibaripun maos dipunlajengaken nyathet data tuturan kasebat ing *komputer*,
4. asiling nyathet kalawau dipunlebetaken ing kertu data, salajengipun dipun-*klasifikasi* miturut jining tindak tutur pakon, titikanipun pakon tanduk saha pakon tanggap, saha tegesing pakon tanduk saha pakon tanggap.

D. Pirantining Panaliten

Pirantining panaliten inggih menika piranti ingkang dipunginakaken panaliti kangge ngasilaken data. Kangge ngasilaken data panaliten ngginakaken

panaliti ingkang ngempalaken saha nganalisis data ingkang jumbuh kaliyan teori. Pirantining pambiyantu arupi kertu data. Sabibaripun nyathet sedaya tuturan ingkang dados data tindak tutur pakon tanduk saha pakon tanggap dipunlebetaken wonten kertu data, ing kertu data dipunpantha-pantha miturut jinising tindak tutur pakon, titikanipun pakon tanduk saha pakon tanggap, saha tegesing pakon ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha*. Tuladha kartu data kados ing ngandhap.

No: 01

Konteks: Tuturan menika kadadosan antawisipun Sulun Prabu dados penutur kaliyan Pipin ingkang dados lawan tuturipun. Tuturan menika kadadosan ing wanci enjing. Tuturan menika ugi kadadean ing griyanipun Sulun Prabu. *Relasi* antawisipun Sulun Prabu kaliyan Pipin inggih menika raket sanget amargi Pipin putra pambarep Sulun Prabu. Ancasing tuturan menika Sulun Prabu nepungaken Handaka kaliyan putra-putranipun kanthi nepungaken setunggal-setunggal. Wekdal menika Pipin liwat lajeng dipuntimbali bapakipun. Pipin dipuntepungaken kaliyan Handaka kanca bapakipun. Wekdal menika Handaka nyuwun pirsa gegayutanipun Pipin kaliyan Marong, menapa dereng pala krama. Handaka inggih nlesih bab Eram, lajeng Sulun Prabu ndhawuhi Pipin madosi rayi-rayinipun saperlu tepungan kaliyan kancanipun saking Sala.

Tuturan: Sulun Prabu: *" Iya.* ***Golekana adhimu, ben padha kenal karo kancane bapak saka Sala iki!****"*

Pipin: " *Riris sampun wonten ngajeng. Manik mbokmenawi taksih tileman."*

Sumber: KTBK (Kunarpa Tan Bisa Kandha) kaca 20.

Analisis:

a. Jinising tindak tutur pakon: Tindak tutur langsung, cakrik ukara pakon. Titikanipun cakrik ukara pakon inggih menika kawiwitan hurup kapital saha tandha pakon (!) ing sawingkingipun ukara. Pakon tanggap wonten tembung *"Golekana"*.
b. Titikan pakon: Tembung *"Golekana"* saking tembung lingga "*golek"*, dipunrimbag pakon tanggap ko-i, saking tembung lingga + {–ana}. Titikanipun ukara pakon menika sarana panambang {–ana}.
c. Teges: Pakon limrah, penutur (Prabu Sulun) menika ndhawuhi mitra tutur (Pipin) madosi rayinipun saperlu tepungan kaliyan kancanipun saking Sala.

Gambar 1. Kertu Data

E. Caranipun Nganalisis Data

Teknik analisis data ingkang dipunginakaken wonten panaliten menika *analisis deskriptif* amargi gadhah ancas jlentrehaken saperangan jinising tindak tutur pakon, tegesing pakon tanduk saha tanggap, saha titikanipun pakon tanduk saha tanggap ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* anggitanipun Suparto Brata.

Cak-cakan ingkang dipunginakaken wonten analisis data inggih menika:

1. analisis data jumbuh kaliyan teori,
2. analisis sedaya tandha *satuan lingual* miturut jinising tindak tutur pakon, tegesing pakon tanduk saha tanggap, saha titikanipun pakon tanduk saha tanggap adhedhasar ngesahaken panaliten saha ngelmu basa saking panaliti,
3. salajengipun data ingkang sampun dipun-*analisis,* dipunpantha-pantha wonten *tabel* analisis data. Tuladha *tabel* analisis data kados ing ngadhap menika.

***Tabel 3*. Analisis Data**

No	Konteks	Data	Jinis Ukara Pakon					Titikanipun Ukara Pakon							Tegesing Ukara Pakon					Andharan
			TT		CU															
			Ttl	Ttdl	Pt	C	P	L D- +- -a	T dw N- +-a	Tko-i N- +-ana/-nana	Tko-ke N- +-na/-kna	Tgko-w D- +-en/-nen	Tgko-i D- +-ana/-nana	Tgko-ké D- +-na/-kna	PL	pgjk	pntg	pmnta	pmgg	
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21

Katrangan:
TT: Tindak tutur.
CU: Cakrik ukara.
Ttl: Tindak tutur langsung.
Tttl: Tindak tutur boten langsung.
Pt: Pitakenan.
C: Crita.
P: Pakon.
L (D-+-a): Lingga (D-+-a).
Tdw (N-+-a): Tanduk wantah (N-+-a).
Tko-i (N-+-ana/-nana): Tanduk ko-i (N-+-ana/-nana).
Tko-ké (N-+-na/-kna): Tanduk ko-ké (N-+-na/-kna).
Tgko-w (D-+-en/-nen): Tanggap ko-wantah (D-+-en/-nen).
Tgko-i (D-+-ana/-nana): Tanggap ko-i (D-+-ana/-nana).
Tgko-ké (D-+-na/-kna): Tanggap ko- ké (D-+-na/-kna).
PL: Pakon limrah.
Pgjk: Pangajak.
Pntg: Panantang.
Pmnta: Paminta.
Pmgg: Pamenging.

F. Caranipun Ngesahaken Data

Wonten panaliten menika caranipun ngesahaken data pikantuk saking validitas saha reliabilitas. Validitas ingkang dipunginakaken wonten panaliten inggih menika ngginakaken validitas triangulasi teori inggih menika ngempalaken data adhedhasar teori ingkang beda utawi nganalisis data ingkang sami kaliyan teori ingkang beda (Setiyadi, 2006:32). Validitas triangulasi teori menika kanthi *teori semantis*, teori semantis wonten panaliten menika nafsiraken data kanthi ningali wigatosing makna miturut *konteks*-ipun. Aplikasi saking validitas triangulasi teori kanthi *teori semantis* inggih menika:

Tuladha:
Riris : *"Paklik nimbali kula?"*
Handaka: *"Riris, kowe? Iya.* ***Mrenea!****"*
Riris : *"Kula kaliyan Mas Risang. Piyambakipun kepengin tepang kaliyan keluwarga kula ingkang tebih-tebih. Menika tunangan kula, kok, Paklik. Dados inggih bakal dados keluwarga piyambak."*

Tuturan ing nginggil menika kalebet tuturan ukara pakon tanduk. Tuturan menika antasiwipun Handaka (penutur) saha Riris (mitra tutur). Konteks

tuturanipun kadadosan amargi Handaka (penutur) mbetahaken katrangan saking Riris (mitra tutur), pramila Handaka menika nimbali Riris supados ngadhep Handaka ngengingi sedanipun Trianah. Tuturan dipunwedharaken kanthi swasana ngenggar-enggar manah. *"Riris, kowe? Iya.* ***Mrenea!****"*, tuturan kanthi *satuan lingual* tembung '*mrenea'* menika kalebet tindak tutur langsung kanthi cakrik ukara pakon. Titikan cakrik ukara pakon katingal ing tandha pakon (!). Tandha pakon (!) menika wonten sawingkingipun ukara. Tuturan menika dipunwedharaken jumbuh kaliyan *fungsi*-nipun, wosipun pakon sami kaliyan ukaranipun ingkang ngginakaken tandha pakon (!).

Tuturan pakon tandukipun katingal saking *satuan lingual* tembung *'Mrenea'*. Tembung *'Mrenea'* saking tanduk wantah*: mrene*, saking tembung lingga *'rene'* kawuwuhan ater-ater {*m-*} lajeng dados pakon tanduk amargi pikantuk panambang {*–a*}. Saben ukara ngemu teges, kadosta ukara pakon tanduk saha pakon tanggap. Tuladhanipun pakon tanduk *"Riris, kowe? Iya. Mrenea!"*, gadhah teges menawi tiyang kapisan ndhawuhi tiyang angka kalih supados mriki.

Reliabilitas ingkang dipunginakaken ing panaliten inggih menika *reliabilitas stabilitas* (*stability*) . *Reliabilitas stabilitas* gayut kaliyan *konsistensi* piranti kangge ngukur data ingkang dipunambali kaping kathah, reliabilitas stabilitas dipunginakaken kangge ngukur data ingkang sami nanging asilipun beda (Setiyadi, 2006:16-17).

Reliabilitas stabilitas wonten panaliten menika ningali saha maos kanthi dipunambali kaping kathah tumrap data miturut *konteks* ingkang dipuntegesi supados pikantuk data ingkang stabil (boten ewah-ewah). Data ingkang sampun

dipuntampi lajeng dipunkaji jumbuh kaliyan perkawis ingkang dipuntliti wonten panaliten inggih menika jinising tindak tutur pakon, titikanipun pakon tanduk saha pakon tanggap, saha tegesing pakon tanduk saha pakon tanggap.

BAB IV
ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN

A. Asiling Panaliten

Asiling panaliten menika mahyakaken bab-bab ingkang dipuntliti inggih menika jinising tindak tutur pakon, titikanipun pakon tanduk saha pakon tanggap, saha tegesing pakon tanduk saha pakon tanggap wonten novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* anggitanipun Suparto Brata. Jinising tindak tutur pakon dipuntingali saking *tinjauan sudut pandang pragmatik* wonten jinising tindak tutur miturut cara medharaken kanthi cakrik ukaranipun. Tindak tutur ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* anggitanipun Suparto Brata wonten tindak tutur langsung saha tindak tutur boten langsung. Tindak tutur langsung menika kanthi cakrik ukara pakon, titikanipun ukara pakon inggih menika wonten tandha pakon (!) sawingkingipun ukara. Tindak tutur boten langsung menika kanthi cakrik ukara carita saha ukara pitaken, titikanipun menawi ukara carita wonten tandha titik (.) sawingkingipun ukara saha ukara pitaken titikanipun tandha pitaken (?) sawingkingipun ukara.

Ukara pakon menika wonten pakon tanduk saha pakon tanggap. Titikanipun pakon tanduk sarana panambang {–a}, {-ana}/{-nana}, saha {–na}/{-kna} ugi sarana ater-ater hanuswara ({ny-}, {m-}, {ng-}, {n-}). Pakon tanggap titikanipun sarana panambang {–en}/{-nen}, {-ana}/{-nana}, saha {–na}/{-kna}. Tegesipun pakon wujudipun saged namung pakon limrah, lajeng pakon pangajak, pakon paminta, pakon panantang, saha pakon pamenging.

***Tabel 4*: Jinising Tindak Tutur Pakon, Titikanipun Pakon Tanduk saha Pakon Tanggap, saha Tegesing Pakon**

No	Jinising Tindak Tutur Pakon	Titikanipun Pakon	Tegesipun Pakon	Andharan
1	**2**	**3**	**4**	**5**
1	Langsung Cakrik ukara pakon 1). Pakon Tanduk	{D} + {-a}	Pakon limrah	Data 3/19: Handaka: *"Nanging, marga urip jejodhoan kanthi jodho katresnane ati, luwih aweh kebahagiyaan urip katimbang diprtuthes dipisahake! Dipidahake karo wong sing ditresnani kuwi bisa ndadekake urip katula-tula sadawene umur!* ***Emuta prekarane Pipin kang dipethal karo Ir. Eram!*** *Pipin dadi urip nglengleng kaya mengkono! Apa Panjenengan ora mesakake?"* a. Wosipun sami kaliyan ukara ingkang dipunwedhar. b. Titikanipun cakrik ukara pakon menika ing sawingkingipun ukara wonten tandha pakon (!). c. Wasesanipun awujud tembung tanduk. d. Wasesanipun dipunrimbag → *emut* + {-a} = *emuta*. e. Penutur ndhawuhi mitra tutur nindakaken menapa ingkang dipunandharaken penutur.
		{N-} + {D-} + {-a}	Pakon limrah	Data 3/74: Handaka: *"Priye. Nik?* ***Ngomonga!****"* a. Wosipun sami kaliyan ukara ingkang dipunwedhar. b. Titikanipun cakrik ukara pakon menika ing sawingkingipun ukara wonten tandha pakon (!). c. Wasesanipun awujud tembung tanduk. d. Wasesanipun menawi dipunrimbag → {ng-} + *omong* +{-a}= *ngomonga*. e. Penutur ndhawuhi mitra tutur nindakaken menapa ingkang dipunandharaken penutur.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
			Pakon pangajak	Data 3/23: Detektip Handaka: *"Manik! Dakgoleki kowe, Nik! Aku kepengin omong-omong karo kowe ing kamar kene!* ***Mrenea, ya!*** *Ijen wae! Mas Marong ben ngenteni neng kono, apa melu jagong neng ngarepan!"* a. Wosipun sami kaliyan ukara ingkang dipunwedhar. b. Kawiwitan huruf kapital saha wonten tandha pakon (!) ing sawingkingipun ukara. c. Wasesanipun awujud tembung tanduk. d. Wasesanipun menawi dipunrimbag → {m-} + *rene* + {-a} = *mrenea.* e. Penutur ndhawuhi mitra tutur nindakaken menapa ingkang dipunandharaken penutur kanthi pangajak.
			Pakon paminta	Data 3/62: Handaka: *"O, wis. Wis! Ya mung omong-omong bab keluwarga Sulun Prabu, kok. Dudu interogasi. Karo ngandhani yen sedane Mbakyu Tri iki ngandhut wewadi. Nanging, kowe ora perlu ngumbar warta kuwi marang sadhengah uwong. Malah mengko yen kowe nemoni bab-bab kang ora logis, nyleneh, aja crita sapa-sapa kajaba perlokna crita marang aku. Hèh, ya, ana maneh.* ***Mengko kowe saha keng rama saha ibumu pisan, bubar ngeterake layon menyang sarean, nglumpuka mrene maneh, ya!****"* a. Wosipun sami kaliyan ukara ingkang dipunwedhar. b. Kawiwitan huruf kapital saha wonten tandha pakon (!) ing sawingkingipun ukara.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
				c. Wasesanipun awujud tembung tanduk. d. Wasesanipun menawi dipunrimbag, {ng-} + *klumpuk* + {-a} = *nglumpuka.* e. Penutur ndhawuhi mitra tutur nindakaken menapa ingkang dipunandharaken penutur kanthi paminta manut *konteks*-ipun.
		{N-} + {D} + {-ana}	Pakon pangajak	Data 3/76: Handaka: *"**Mangga, Pak Polisi ugi mirsanana rumiyin!**"* a. Wosipun sami kaliyan ukara ingkang dipunwedhar. b. Kawiwitan huruf kapital saha wonten tandha pakon (!) ing sawingkingipun ukara. c. Wasesanipun awujud tembung tanduk. d. Wasesanipun menawi dipunrimbag, {m-} + *pirsa* + {-ana} = *mirsaana* → *mirsanana*. e. Penutur ndhawuhi mitra tutur nindakaken menapa ingkang dipunandharaken penutur kanthi *satuan lingual* '*mangga*'.
	2). Pakon Tanggap	{D} + {-en}	Pakon limrah	Data 3/73: Detektip Handaka: *"Iya! **Jawaben saiki, ta, wis!** Blak-blakan wae!"* a. Wosipun sami kaliyan ukara ingkang dipunwedhar. b. Kawiwitan huruf kapital saha wonten tandha pakon (!) ing sawingkingipun ukara. c. Wasesanipun awujud tembung tanggap. d. Wasesanipun menawi dipunrimbag, *Jawab* + {-en} = *jawaben.* e. Penutur ndhawuhi mitra tutur

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
				nindakaken menapa ingkang dipunandharaken penutur.
			Pakon panantang	Data 3/14: Pipin: *" Bakal ditarap, kowe! Diongkreh-ongkreh hubunganmu karo Risang!* ***Cobanen wae teka mrana!****"* a. Wosipun sami kaliyan ukara ingkang dipunwedhar. b. Kawiwitan huruf kapital saha wonten tandha pakon (!) ing sawingkingipun ukara. c. Wasesanipun awujud tembung tanggap. d. Wasesanipun menawi dipunrimbag, *coba* + {-en} = *cobaen* → *cobanen.* e. Penutur ndhawuhi mitra tutur nindakaken menapa ingkang dipunandharaken penutur kanthi panantang.
		{D} + {-ana}	Pakon limrah	Data 3/47: Handaka: *"Kowe apa terus mulih? Apa terus lungan karo Suherwindra? Kuwi perlu dakurus marga sapungkurmu, Nyonya Sulun Prabu tiba ing jedhing, terus seda!* ***Ayo, wangsulana!****"* a. Wosipun sami kaliyan ukara ingkang dipunwedhar. b. Kawiwitan huruf kapital saha wonten tandha pakon (!) ing sawingkingipun ukara. c. Wasesanipun awujud tembung tanggap. d. Wasesanipun menawi dipunrimbag, *wangsul* + {-ana} = *wangsulana.* e. Penutur ndhawuhi mitra tutur nindakaken menapa ingkang dipunandharaken penutur.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
			Pakon paminta	Data 3/30: Handaka: *"Gemes, aku! Cah ayu kaya kowe kuwi graitane mesthi jero saha angen-angene mesthi jembar! Jaman iki jamane wong ayu kaya kowe, Manik. Nikmatana.* ***Janjimu marang aku trepana!****"* a. Wosipun sami kaliyan ukara ingkang dipunwedhar. b. Kawiwitan huruf kapital saha wonten tandha pakon (!) ing sawingkingipun ukara. c. Wasesanipun awujud tembung tanggap. d. Wasesanipun menawi dipunrimbag, *trep* + {-ana} = *trepana.* e. Penutur ndhawuhi mitra tutur nindakaken menapa ingkang dipunandharaken penutur kanthi paminta.
			Pakon panantang	Data 3/71: Detektip Handaka: *"Ssstt!* ***Ayo, kana, lakonana pakonku!*** *Enggal!"* a. Wosipun sami kaliyan ukara ingkang dipunwedhar. b. Kawiwitan huruf kapital saha wonten tandha pakon (!) ing sawingkingipun ukara. c. Wasesanipun awujud tembung tanggap. d. Wasesanipun menawi dipunrimbag, *laku* + {-ana} = *lakuana* → *lakonana.* e. Penutur ndhawuhi mitra tutur nindakaken menapa ingkang dipunandharaken penutur kanthi panantang manut *konteks*-ipun.
		{D} + {-na}	Pakon limrah	Data 3/69: Handaka: *"Iki dudu tulisane dhukun sing kudu diramesi.*

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
				Iki kanggo cathetan Markas Resimenku, Mares Ska Detektip Bisma, paraga andesahae Pak Esmiet, pengarang sastra Jawa saka Blambangan. ***Wis, kana, lakokna!*** *Ëé, kosik. Enake kanca-kancamu wadon sing mau bengi kokundang, ya konen nulis mengkono, urut Mahar, terus sing sijine kuwi sapa?"* a. Wosipun sami kaliyan ukara ingkang dipunwedhar. b. Kawiwitan huruf kapital saha wonten tandha pakon (!) ing sawingkingipun ukara. c. Wasesanipun awujud tembung tanggap. d. Wasesanipun menawi dipunrimbag, *laku* + {-na} = *lakuna* → *lakokna.* e. Penutur ndhawuhi mitra tutur nindakaken menapa ingkang dipunandharaken penutur.
			Pakon pangajak	Data 3/72: Handaka: *"Manik?!* ***Mara jlentrehna, kena apa kowe ndadak ngabari Ir. Eram, wong Ir. Eram wis genah dudu keluwargamu maneh!"*** a. Wosipun sami kaliyan ukara ingkang dipunwedhar. b. Kawiwitan huruf kapital saha wonten tandha pakon (!) ing sawingkingipun ukara. c. Wasesanipun awujud tembung *'jlentrehna'*. d. Wasesanipun menawi dipunrimbag, *jlentreh* + {-na}= *jlentrehna*. e. Penutur ndhawuhi mitra tutur nindakaken menapa ingkang dipunandharaken penutur kanthi

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
				satuan lingual 'mara' .
2	Boten langsung a. Cakrik ukara carita 1). Pakon Tanduk	{D-} + {-a}	Pakon limrah	Data 3/54: Handaka: *"Apa kae, njaba kok ana rame-rame nggoleki kowe?* ***Metua dhisik, Nik****. Aku dakndhedhepi saka kene."* a. Wosipun beda kaliyan ukara ingkang dipunwedhar. b. Kawiwitan huruf kapital saha sawingkingipun ukara wonten tandha titik (.). c. Wasesanipun awujud tembung tanduk. d. Wasesanipun menawi dipunrimbag, *metu* + {-a}= *metua*. e. Penutur ndhawuhi mitra tutur nindakaken menapa ingkang dipunandharaken penutur .
			Pakon paminta	Data 3/52: Handaka: *"****Kowe melua ngupaya supaya kabeh ganep, kepetung Hehe, Pras, lan Jumblat.*** *Nanging, aja ngetarani yen kuwi mau marga usahaku arep nangkep kadurjanan ing omah iki!"* a. Wosipun beda kaliyan ukara ingkang dipunwedhar. b. Kawiwitan huruf kapital saha sawingkingipun ukara wonten tandha titik (.). c. Wasesanipun awujud tembung tanduk. d. Wasesanipun menawi dipunrimbag *melu* + {-a} = *melua*. e. Penutur ndhawuhi mitra tutur nindakaken menapa ingkang dipunandharaken penutur.
		{N-} + {D} + {-a}	Pakon limrah	Data 3/36: Handaka: *"Rene! Ayo daktuduhi liya maneh.* ***Bali meneka pang pelem cangkokan mau.***

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
				Terus munggaha maneh. Nginguka njaba pager tembok. Kowe rak weruh kayu lonjoran kaya tilas andhang. Dienggo andha. Wonge menek andha mau mlebu rene, mlembar liwat wit pelem kuwi!" a. Wosipun beda kaliyan ukara ingkang dipunwedhar. b. Kawiwitan huruf kapital saha sawingkingipun ukara wonten tandha titik (.). c. Wasesanipun awujud tembung tanduk. d. Wasesanipun menawi dipunrimbag, {m-} + *penek* + {-a}= *meneka*. e. Penutur ndhawuhi mitra tutur nindakaken menapa ingkang dipunandharaken penutur.
			Pakon pangajak	Data 3/53: Detektip Handaka: *"Ho-ho-ho! Aja kelimpe kowe, Manik!* ***Wis, ta kowe saiki nuruta wae karo pakonku.*** *Nganti menit iki, sing sujana yen ibumu diperjaya kuwi mung kowe, Marong, saha ramamu. Sidheman aja nganti wong liya maneh duwe pikiran kaya mengkono. Luwih sithik sing sujana, luwih apik. Dadi, Si durjana ora kudu waspada. Kita bisa golek limpene!"* a. Wosipun beda kaliyan ukara ingkang dipunwedhar. b. Kawiwitan huruf kapital saha sawingkingipun ukara wonten tandha titik (.). c. Wasesanipun awujud tembung tanduk. d. Wasesanipun menawi dipunrimbag, {n-} + *turut* + {-a}= *nuruta*. e. Penutur ndhawuhi mitra tutur nindakaken menapa ingkang

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
				dipunandharaken penutur kanthi pangajak manut *konteks*-ipun.
	2). Pakon Tanggap	{D-} + {-en}	Pakon limrah	Data 3/21: Tantiyam: *"O, iya ngono, Mas De.* ***Aturen dhewe****. Jam siji ya apik, jam telu ya kena. Pokoke aku melu ngeterke layon nganti tekan dipetak."* a. Wosipun beda kaliyan ukara ingkang dipunwedhar. b. Kawiwitan huruf kapital saha sawingkingipun ukara wonten tandha titik (.). c. Wasesanipun awujud tembung tanggap. d. Wasesanipun menawi dipunrimbag, *atur* + {-en} = *aturen*. e. Penutur ndhawuhi mitra tutur nindakaken menapa ingkang dipunandharaken penutur.
			Pakon paminta	Data 3/18: Handaka: *"Babar pisan ora tau ana kabare? Per telepon ya ora?* ***Coba, eling-elingen****."* a. Wosipun beda kaliyan ukara ingkang dipunwedhar. b. Kawiwitan huruf kapital saha sawingkingipun ukara wonten tandha titik (.). c. Wasesanipun awujud tembung tanggap. d. Wasesanipun menawi dipunrimbag, *eling* + {-en} = *elingen*. e. Penutur ndhawuhi mitra tutur nindakaken menapa ingkang dipunandharaken penutur kanthi wujud pakon paminta manut *konteks*-ipun.
		{D-} + {-ana}	Pakon limrah	Data 3/20: Sulun Prabu: *"Wis, Dhimas.* ***Urusana dhisik prekara iki nganti***

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
				cetha kabul kawusanane*.Mengko solusine kepriye, dipikir keri! Ya?"* a. Wosipun beda kaliyan ukara ingkang dipunwedhar. b. Kawiwitan huruf kapital saha sawingkingipun ukara wonten tandha titik (.). c. Wasesanipun awujud tembung tanggap. d. Wasesanipun menawi dipunrimbag, *urus* + {-ana} = *urusana*. e. Penutur ndhawuhi mitra tutur nindakaken menapa ingkang dipunandharaken penutur manut *konteks*-ipun.
			Pakon paminta	Data 3/39: Handaka: *"Kuwi ora gampang. Pirantine sing duwe kapulisen. Prosesine bakal kedawa-dawa.* ***Balenana wae mikir kaya mau.*** *Uruten sapa para tamu bengi sing rokokan Gudang Garam abang, nganggo sepatu kets."* a. Wosipun beda kaliyan ukara ingkang dipunwedhar. b. Kawiwitan huruf kapital saha sawingkingipun ukara wonten tandha titik (.). c. Wasesanipun awujud tembung tanggap. d. Wasesanipun menawi dipunrimbag, *bali* + {-ana} = *baliana* → *balenana*. e. Penutur ndhawuhi mitra tutur nindakaken menapa ingkang dipunandharaken penutur kanthi wujud pakon paminta manut *konteks*-ipun.
		{D-} + {-na}	Pakon limrah	Data 3/8: Handaka: *"Pipin, aku iki sedulur sinara wedine ramamu. Dhek isih jaka biyen komplot banget,*

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
				ngungkuli sedulur.Nasib saha cita-cita kaya-kaya wis nyawiji. Yen aku kerepotan, ditulung ramamu, yen ramamu kethetheran sinau, njaluk bantuan aku. ***La, siki rungokna****.* a. Wosipun beda kaliyan ukara ingkang dipunwedhar. b. Kawiwitan huruf kapital saha sawingkingipun ukara wonten tandha titik (.). c. Wasesanipun awujud tembung tanggap. d. Wasesanipun menawi dipunrimbag, *rungu* + {-na} = *runguna* → *rungokna*. e. Penutur ndhawuhi mitra tutur nindakaken menapa ingkang dipunandharaken penutur.
			Pakon paminta	Data 3/41: Handaka: *"Ayo, menyang ngarepan.* ***Ngene, yen bisa, bubar nyarekake jenasah, wong sing padha teka pesta dhek mau bengi klumpukna.*** *Kandhanana supaya melu ngepung ambeng. Aja nganti ana sing absen. Kumpul ngepung ambeng kuwi kira-kira jam telu awan, , rak iya, ta?"* a. Wosipun beda kaliyan ukara ingkang dipunwedhar. b. Kawiwitan huruf kapital saha sawingkingipun ukara wonten tandha titik (.). c. Wasesanipun awujud tembung tanggap. d. Wasesanipun menawi dipunrimbag, *klumpuk* + {-na}= *klumpukna*. e. Penutur ndhawuhi mitra tutur nindakaken menapa ingkang dipunandharaken penutur kanthi teges pakon paminta manut *konteks*-ipun.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
			Pakon pameng-ing	Data 3/61: Handaka: *"**Malah mengko yen kowe nemoni bab-bab kang ora logis, nyleneh, aja crita sapa-sapa kajaba perlokna crita marang aku**. "* a. Wosipun beda kaliyan ukara ingkang dipunwedhar. a. Kawiwitan huruf kapital saha sawingkingipun ukara wonten tandha titik (.). b. Wasesanipun awujud tembung tanggap. c. Wasesanipun menawi dipunrimbag *perlu* + {-na}= *perluna* → *perlokna*. b. Penutur ndhawuhi mitra tutur nindakaken menapa ingkang dipunandharaken penutur teges pakon pamenging kanthi *satuan lingual* '*aja*'.
3	b. Cakrik ukara pitaken 1). Pakon Tanduk	{D-} + {-a}	Pakon paminta	Data 3/48: Handaka:"*Prekarane rak wis genah! Bu Sulun seda ndadak. Diperjaya uwong. Mangka bubar omong srengen karo kowe, ing cedhak kulkas! Kowe mulih kanthi rasa mangkel! Genah, ta, yen polisi utawa reserse nggagapi sakabehe kemungkinane kang gegayutan karo lungamu sangu ati ndhongkol lan sedane Bu Sulun sing merga dijungkrakake ing jedhing!* ***Ayo, kandhaa terus terang wae, kowe disrengeni karo Bu Sulun mau bengi merga apa?*** *Merga anggonmu menehake bukete Bu Berlin, ta?"* a. Wosipun beda kaliyan ukara ingkang dipunwedhar. b. Kawiwitan huruf kapital saha sawingkingipun ukara wonten tandha pitaken (?).

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
				c. Wasesanipun awujud tembung tanduk. d. Wasesanipun menawi dipunrimbag, *kandha* + {-a} = *kandhaa*. e. Penutur ndhawuhi mitra tutur nindakaken menapa ingkang dipunandharaken penutur ateges pakon paminta manut *konteks*ipun.
	2). Pakon Tanggap	{D-} + {-en}	Pakon paminta	Data 3/11: Handaka: *"Aku njaluk jawaban sing jujur. Saiki ibumu wis ora ana, kowe ora perlu kuwatir.* ***Jawaben, apa sajrone dilarang ibumu, kowe isih sesambungan karo Ir. Eram?****"* a. Wosipun beda kaliyan ukara ingkang dipunwedhar. b. Kawiwitan huruf kapital saha sawingkingipun ukara wonten tandha pitaken (?). c. Wasesanipun awujud tembung tanggap. d. Wasesanipun menawi dipunrimbag, *jawab* + {-en}= *jawaben*. e. Penutur ndhawuhi mitra tutur nindakaken menapa ingkang dipunandharaken penutur kanthi teges pakon paminta manut *konteks*-ipun.
			Pakon limrah	Data 3/70: Handaka: *"Iki dudu tulisane dhukun sing kudu diramesi. Iki kanggo cathetan Markas Resimenku, Mares Ska Detektip Bisma, paraga andesahae Pak Esmiet, pengarang sastra Jawa saka Blambangan. Wis, kana, lakokna! Ëé, kosik.* ***Enake kanca-kancamu wadon sing mau bengi kokundang, ya konen nulis***

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
				mengkono, urut Mahar, terus sing sijine kuwi sapa?" a. Wosipun beda kaliyan ukara ingkang dipunwedhar. b. Kawiwitan huruf kapital saha sawingkingipun ukara wonten tandha pitaken (?). c. Wasesanipun awujud tembung tanggap. d. Wasesanipun menawi dipunrimbag, *akon* + {-en}= *akonen*. e. Penutur ndhawuhi mitra tutur nindakaken menapa ingkang dipunandharaken penutur manut *konteks*-ipun.
		{D-} + {-na}	Pakon paminta	Data 3/60: Handaka: *"Aku ora umuk.* ***Nanging, priye, coba critakna nalika kowe nampa saka Mbakyu Tri yen kowe ora oleh maneh magepokan karo Pipin?*** *Hubungan babar pisan diputus! Nganggo dielok-eloke sing kaya ngana kae! Priye coba, perasaanmu?!"* a. Wosipun beda kaliyan ukara ingkang dipunwedhar. b. Kawiwitan huruf kapital saha sawingkingipun ukara wonten tandha pitaken (?). c. Wasesanipun awujud tembung *'critakna'* d. Wasesanipun menawi dipunrimbag, *crita* + {-na}= *critana*→ *critakna*. e. Penutur ndhawuhi mitra tutur nindakaken menapa ingkang dipunandharaken penutur kanthi teges paminta manut *konteks*-ipun.

Adhedhasar tabel ing nginggil saged dipunmangertosi bilih wonten novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* anggitanipun Suparto Brata jinising tindak tutur pakon dipuntingali saking *tinjauan sudut pandang pragmatik* dipunperang dados tindak tutur langsung saha tindak tutur boten langsung. Tindak tutur langsung manut surasaning isi kedah kados tuturan ingkang dipunandharaken, menawi tuturanipun pakon surasanipun ugi pakon kanthi cakrik ukara pakon. Titikan ukara pakon inggih menika wonten sawingkingipun ukara tandhanipun pakon (!). Tindak tutur boten langsung manut surasaning wosipun boten sami kaliyan ukara ingkang dipunwedharaken. Adhedhasar surasaning isi, cakrik ukara carita saha ukara pitaken saged dipunginakaken kangge mrentah. Titikanipun cakrik ukara carita sawingkingipun ukara wonten tandha titik (.), menawi titikanipun ukara pitaken sawingkingipun ukara wonten tandha pitaken (?).

Tabel wonten nginggil nedahaken bilih titikanipun pakon tanduk sarana panambang {–a} saha {–ana}/{-nana}. Titikanipun pakon tanggap wonten tabel sarana panambang {–en}/{-nen}, {-ana}/{-nana}, saha {–na}/{-kna}. Tabel wonten nginggil ugi nedahaken tegesing tindak tutur pakon ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* anggitanipun Suparto Brata inggih menika pakon limrah, pakon panantang, pakon pangajak, pakon paminta, saha pakon pamenging.

B. Pirembagan

Panaliten menika ngrembag bab jinising tindak tutur pakon, titikanipun pakon tanggap saha pakon tanduk, lajeng tegesipun pakon tanggap saha pakon tanduk ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* anggitanipun Suparto Brata. Pirembagan ing panaliten menika dipunjumbuhaken kaliyan ancasing panaliten, inggih menika

njlentrehaken jinising tindak tutur pakon ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* anggitanipun Suparto Brata, njlentrehaken tegesing pakon tanduk saha pakon tanggap ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* anggitanipun Suparto Brata, saha njlentrehaken titikanipun pakon tanduk saha pakon tanggap ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* anggitanipun Suparto Brata.

Adhedhasar panaliten jinising tindak tutur pakon saged dipunperang adhedhasar *tinjauan sudut pandang pragmatik* inggih menika tindak tutur langsung saha tindak tutur boten langsung kanthi titikan cakrik ukara carita, cakrik ukara pitaken saha cakrik ukara pakon. Pakon tanduk saha pakon tanggap dipunperang dados kalih adhedhasar dhapukaning tembung. Salajengipun dipunanalisis adhedhasar tegesing pakon, inggih menika pakon limrah, pangajak, panantang, paminta, saha pamenging. Asiling data kajlentrehaken saking pirembagan ing ngandhap.

1. Tindak Tutur Langsung Pakon

Tindak tutur pakon langsung dipuntingali saking wosipun sami kaliyan ukara ingkang dipunwedharaken dening penutur. Tindak tutur langsung menika wedharanipun jumbuh kaliyan fungsi, kadosta ukara pakon titikanipun kanthi tandha pakon (!) saha ngemu *fungsi konvensional* inggih menika mrentah/ndhawuhi. Tindak tutur pakon ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* kapanggihaken kalih warni inggih menika pakon tanduk saha pakon tanggap kanthi titikanipun piyambak-piyambak. Asiling data kajlentrehaken ing ngandhap menika.

a. Tindak Tutur Langsung Pakon Tanduk

Tindak tutur langsung pakon tanduk menika tindak tutur pakon ingkang wosipun mrentah dhateng tiyang sanes supados nindakaken pakaryan ingkang dipunandharaken dening penutur kanthi wasesanipun tembung tanduk. Pakon dados pakon tanduk amargi gadhah titikanipun piyambak. Titikanipun kaperang dados kalih inggih menika pakon tanduk {D-} + {-a} saha pakon tanduk {N-} + {D-} + {-a}. Pakon tanduk {D-} + {-a} menika kadadosan saking tembung lingga sarana panambang {-a} dene pakon tanduk {N-} + {D-} + {-a} kadadosan saking tanduk wantah sarana panambang {-a}.

Saben tuturan pakon menika gadhah ancas piyambak-piyambak manut *konteks* ingkang njalari penutur ngandharaken tuturan pakon. Tegesing pakon ingkang kapanggihaken ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* inggih menika pakon limrah saha pakon pangajak.

1) Tindak Tutur Langsung Pakon Tanduk {D-} + {-a} Ateges Pakon Limrah

Pakon tanduk {D-} + {-a} menika pakon ingkang kadadosan saking tembung kriya lingga mawi panambang {-a}. Pakon limrah boten ngginakaken tembung pambiyantu kadosta *'muga-muga'*, *'aja',* lan sapanunggalanipun sarta kadhang kala namung awujud ukara boten jangkep manut *konteks*-ipun. Ing ngandhap menika jinising tindak tutur langsung pakon tanduk sarana panambang {-a} kanthi teges pakon limrah ingkang dipunpanggihaken ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha*.

Konteks: Tuturan antawisipun Sulun Prabu kaliyan Handaka. Handaka minangka O_1 saha Sulun Prabu minangka O_2. Tuturan menika kadadosan nalika Handaka tumut kepanggih rayinipun Sulun Prabu wonten sacelakipun kunarpa. Handaka kaliyan Sulun Prabu ngrembag pamawasipun

Handaka bab putri-putrinipun ingkang boten radi eman kanthi sedanipun Trianah. Handaka taken dhateng Sulun Prabu menawi ingkang tumindak durjana calon mantu kados pundi. Sulun Prabu wangsulan menawi durjananipun calon mantu enggal dipunsumingkiraken. Ancasing tuturan inggih menika Handaka ndhawuhi Sulun Prabu supados ngemut-emut perkawis sesambungan Pipin kaliyan Eram ingkang dipunpethal ingkang njalari gesangipun Pipin nglengleng. Tumindak ingkang dipuntindakaken Sulun Prabu sanes tumindak *verbal*.

Data 3/19:
Tuturan:
Sulun Prabu: *"Tembayatan urip jejodhoan sing kepeksane kudu disaranani tindak kadurjanan? Saka oyote wis ora becik. Iya, ta?"*
Handaka:*"Nanging, marga urip jejodhoan kanthi jodho katresnane ati, luwih aweh kebahagiyaan urip katimbang dipruthes dipisahake! Dipisahake karo wong sing ditresnani kuwi bisa ndadekake urip ketula-tula sadawane umur!* ***Emuta prekarane Pipin kang dipethal karo Ir. Eram!*** *Pipin dadi urip ngengleng kaya mengkono! Apa panjenengan ora mesakake?"*
Sulun Prabu: *"Iya, ya? Ah, mumet tenan aku, yen ngene iki! Mumet! Mumet!"*
(Sumber: KTBK/59)

Data ing nginggil kalebet tindak tutur langsung pakon tanduk {D-} + {-a} kanthi teges pakon limrah dipuntingali saking tuturan *"Emuta prekarane Pipin kang dipethal karo Ir. Eram!"*. Tuturan *"Emuta prekarane Pipin kang dipethal karo Ir. Eram!"* kalebet tindak tutur langsung amargi wosipun sami kaliyan ukara ingkang dipunwedhar. *Fungsi*-nipun mrentah kanthi cakrik ukara pakon, wonten basa seratan cakrik ukara pakon titikanipun kawiwitan hurup kapital saha ing sawingkingipun ukara wonten tandha pakon (!).

Tuturan menika antawisipun Handaka kaliyan Sulun Prabu. Handaka minangka penutur saha Sulun Prabu minangka mitra tutur. Tuturan menika ngrembag durjana ingkang merjaya Trianah. Handaka dhawuh dhateng Sulun Prabu ngemut-emut perkawisipun Pipin kaliyan Eram. Tumindak supados ngemut-emut katingal saking *satuan lingual* tembung *'emuta'*.

Satuan lingual tembung *'emuta'* dados pakon amargi kawuwuhan panambang {-a}. Panambang {-a} menawi dipunwuwuhaken wonten tembung kriya utawi tembung kahanan dados 'pakon'. Tembung *'Emuta'* menawi dipunrimbag →{D-} + {-a} → *emut* + {-a} = *emuta*. Ancasing tuturan menika supados Sulun Prabu minangka mitra tutur ngemut-emut perkawis Pipin kaliyan Eram ingkang dipunpedhot. Tuturan *"Emuta prekarane Pipin kang dipethal karo Ir. Eram!"* manut *konteks*-ipun ateges pakon limrah. Tuturan menika namung ngadharaken ingkang dipunkajengaken dening penutur dhateng mitra tutur. Tuturan menika sampun dipuntindakaken dening Sulun Prabu sanajan boten *langsung* dipunjlentrehaken ing salebeting novel.

2) Tindak Tutur Langsung Pakon Tanduk {N-} + {D-} + {-a}

Pakon tanduk {N-} + {D-} + {-a} menika dipunwuwuhi ater-ater anuswara supados mratelakaken kriya. Tembung tanduk wantah dados pakon tanduk amargi sarana panambang {-a}. Tegesing pakon tanduk {N-} + {D-} + {-a} ingkang dipunpanggihaken ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* inggih menika pakon limrah, pakon paminta, saha pakon pangajak.

a) Tindak Tutur Langsung Pakon Tanduk {N-} + {D-} + {-a} Ateges Pakon Limrah

Teges pakon limrah ing pakon tanduk {N-} + {D-} + {-a} menika pakon saking penutur dhateng mitra tutur, mitra tutur kedah nindakaken tumindak menapa ingkang dipunadharaken penutur. Tuladha kutipan data tindak tutur langsung pakon tanduk {N-} + {D-} + {-a} ateges pakon limrah dipunjlentrehaken ing ngandhap menika.

Konteks: Tuturan menika kadadosan antawisipun Pipin ingkang dados penutur saha Riris dados mitra tutur. Kadadosan menika ing wanci enjing sabibaripun Pipin dipuninterogasi dening Handaka bab buket, hadhiah tanggap warsanipun Pipin saha sesambunganipun kaliyan Eram. Pipin sabibaripun dipuninterogasi dening Handaka lajeng medal saking kamar Pipin madosi Riris kanthi tuturan ingkang katingal duka amargi sesambunganipun kaliyan Eram dipunongkreh-ongkreh. Tuturan menika Pipin ngaturi Riris supados enggal ngandhep Handaka amargi badhe dipuntakeni dhateng Handaka. Ancasing tuturan menika supados Riris minangka mitra tutur enggal murugi Handaka menawi dangu nengga dhatengipun Riris, Handaka enggal duka.

Data 3/15:

Tuturan:

Pipin: *"Aku ora kandha 'njugarake'. Mung diongkreh-ongkreh! Sajake seneng nyaruwe bab jejodhoan ngono kuwi. Coba, aku mau dipleter prekara sesambungan karo Mas Eram!* ***Kana, mranaa!*** *Selak nesu kae mengko ngenteni kesuwen tekamu!"*

(Sumber: KTBK/47)

Data ing nginggil kalebet tindak tutur pakon tanduk {N-} + {D-} + {-a} ateges pakon limrah. Tuturan menika antawisipun Pipin kaliyan Riris. Pipin minangka penutur ingkang medharaken tuturan pakon *"Kana, mranaa!"* saha Riris minangka mitra tutur ingkang mirengaken tuturan pakon kasebat. Tuturan menika dhawuh saking Pipin dhateng Riris enggal ngadhep Handaka amargi Handaka kalawau ndhawuhi Pipin supados nimbali Riris. Handaka nimbali Riris amargi badhe dipuntakeni bab sesambunganipun kaliyan Risang.

Tuturan *"Kana, mranaa!"* kalebet tindak tutur langsung pakon amargi wosipun sami kaliyan ukara ingkang dipunwedhar. Wosipun mrentah sami kaliyan titikan cakrik ukaranipun inggih menika pakon. Ing basa seratan, cakrik ukara pakon titikanipun kawiwitan hurup kapital saha wonten tandha pakon (!) ing sawingkingipun ukara. Pakon tanduk katingal ing *satuan lingual* tembung *'mranaa'*, tembung lingga ingkang kawuwuhan ater-ater anuswara {m-} dados pakon amargi sarana panambang {–a} ingkang ateges supados nindakaken

pakaryan kados ingkang dipunsebataken wonten lingganipun. Menawi dipunrimbag dados, {N-} + {D-} + {-a} → {m-} + *rana* + {-a} = *mranaa*. Ancasing tuturan menika supados Riris minangka mitra tutur nindakaken ingkang dipundhawuhi dening Pipin inggih menika enggal-enggal kapurih dhateng Handaka. Manut *konteks*-ipun tuturan *"Kana, mranaa!"* ateges pakon limrah, namung ngandharaken dhawuh dhateng mitra tutur.

b) Tindak Tutur Langsung Pakon Tanduk {N-} + {D-} + {-a} Ateges Pakon Pangajak

Pakon tanduk {N-} + {D-} + {-a} menika pakon ingkang ukaranipun awujud saking tembung tanduk ingkang mawi panambang {-a}. Pakon tanduk kanthi teges pangajak menika wosipun dhawuhi dhateng mitra tutur kanthi pangajak. Adatipun pakon pangajak kawuwuhan tembung pambiyantu, *'ayo'*, *'yo'*, *'cobi'*, lan sapanunggalanipun. Ing ngandhap menika tuladha tindak tutur pakon tanduk {N-} + {D-} + {-a} ateges pakon pangajak ingkang dipunpanggihaken ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* anggitanipun Suparto Brata.

Konteks: Tuturan antawisipun Handaka kaliyan Marong, Handaka penutur saha Marong lawan tuturipun. Wicantenan kadadosan wonten pekawisan wingking dalemipun Sulun Prabu. Handaka manggihaken Marong ingkang taksih methangkring ing pang pelem. Handaka ngajak Marong nyelaki jendhela lajeng nedahaken bab tlacak sepatu. Sasanesipun tlacak sepatu ugi wonten tegesan rokok Gudang Garam ing mriku. Marong dipundhawuhi Handaka supados nlacakaken kembangan sepatunipun menapa sami kaliyan tlacak kembangan sepatu durjana menika. Kanthi kapeksa Marong purun nlacakaken kembangan sepatunipun ing siti. Pranyata kembangan sepatunipun Marong kaliyan kembangan sepatu ing celak jendhela beda. Handaka pakon dhateng Marong supados tumut Handaka amargi badhe dipunsumerepi tlacak sanesipun. Ancasing tuturan menika supados Marong purun tumut Handaka ningali tlacak sepatu sanesipun.

Data 3/34:
Tuturan:
Handaka : *"Iya, coba, tlacakna kene! Aja ndredheg dhisik!"*
Marong : *"Naah, benten! Wah, Detektip Handaka ki gawe ati emut-emutan wae!"*

Handaka : *"Ë, durung tutug.* ***Ayo mrenea, daktuduhi tlacak liyane!****"*
(Sumber: KTBK/85)

Wonten data tuturan nginggil menika ngemu tindak tutur langsung pakon tanduk {N-} + {D-} + {-a} ateges pakon pangajak. Tuturan ingkang ungêlipun *"Ayo mrenea, daktuduhi tlacak liyane!"* kalebet tindak tutur langsung pakon amargi wosipun kaliyan *struktur* ukaranipun sami. *Struktur* ukaranipun menika ngginakaken cakrik ukara pakon, ing basa seratan cakrik ukara pakon titikanipun kawiwitan hurup kapital saha wonten tandha pakon (!) ing sawingkingipun ukara.

Pakon tanduk katingal ing *satuan lingual* tembung *'mrenea'*, tembung lingga ingkang kawuwuhan ater-ater anuswara {m-}, dados pakon amargi sarana panambang {–a} ingkang ateges supados nindakaken pakaryan kados ingkang dipunsebataken wonten lingganipun. Menawi dipunrimbag dados, {N-} + {D-} + {-a} → {m-} + *rene* + {-a} = *mrenea*. Tuturan menika kadadosan antawisipun Handaka kaliyan Marong. Marong menika pacanganipun Pipin putri pambarep saking Sulun Prabu.

Tuturan *"Ayo mrenea, daktuduhi tlacak liyane!"* gadhah awujud pakon pangajak. Wosing tuturan menika Handaka nindakaken pakon pangajak dhateng Marong. *Fungsi* pangajak saged katingal cetha wonten titikan partikel *'Ayo'*. *'Ayo'* menika manut surasaning nedahaken pangajak dhateng tiyang sanes.

Ancasing tuturan *"Ayo mrenea, daktuduhi tlacak liyane!"* menika supados Marong tumut ngetutaken Handaka ingkang badhe nedahaken tlacak sanesipun.

Dhawuh saking tuturan menika dipuntindakaken Marong sanajan boten langsung dipunjlentrehaken ing salebeting novel.

3) Tindak Tutur Langsung Pakon Tanduk {N-} + {D-} + {-ana}/{-nana} Ateges Pakon Pangajak

Pakon tanduk {N-} + {D-} + {-ana} menika pakon tanduk kanthi wasesanipun tembung tanduk ingkang kawuwuhan ater-ater anuswara saha dados pakon amargi sarana panambang {-ana}. Pakon pangajak menika wosipun dhawuh dhateng mitra tutur kanthi pangajak.

Adatipun pakon pangajak kawuwuhan tembung pambiyantu, *'ayo'*, *'yo'*, lan sapanunggalanipun. Ing ngandhap menika tuladha tindak tutur pakon tanduk {N-} + {D-} + {-ana} ateges pakon pangajak ingkang dipunpanggihaken ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* anggitanipun Suparto Brata.

Konteks: Tuturan menika kadadosan antawisipun Handaka kaliyan polisi. Kadadosan menika ing wanci sonten watara tabuh tiga, nalika kepungan ambeng. Ing kepungan ambeng menika Eram nampi serat kitir ingkang wosing radi aneh. Salajengipun Eram ngaturaken kitir wau dhateng Handaka. Handaka dhawuhi dhateng Pipin saha rayi-rayinipun supados nyerat kitir kanthi mboten ngewahi menapa-napa. Kawiwitan saking Pipin rumiyin lajeng rayi-rayinipun tuladha panyeratanipun. Handaka lajeng niti priksa tumrap panylidhikanipun, sinten ingkang saged dados durjananipun. Sedaya tiyang ingkang wonten gegayutan kaliyan kala wingi dalu saged dipundadosaken durjana. Saderengipun dipunjarwakaken Handaka, Handaka ndhawuhi marang sinten kemawon ingkang gadhah pepèngingan nyemak rumiyin. Salajengipun Handaka ugi ngaturi dhateng polisi mirsani seratan kitir kasebat. Ancasing tuturan menika supados polisi minangka mitra tutur nindakaken dhawuh saking Handaka ugi mirsani kitir kasebat.

Data 3/76:
Tuturan:
Detektip Handaka: *"**Mangga, Pak Polisi ugi mirsanana rumiyin!**"*

(Sumber: KTBK/147)

Data wonten nginggil menika kalebet tuturan ingkang ngemu tindak tutur langsung pakon tanduk. Tuturan menika kadadosan antawisipun Handaka kaliyan polisi. Handaka ngaturi polisi supados tumut mirsani seratan kitir ingkang dipuntampi dening Eram. Ancasing tuturan menika supados polisi minangka mitra tutur nindakaken dhawuh ningali serat kitir kasebat. Pakon tanduk saged katingal ing tembung *'mirsanana'*. Tembung *'mirsanana'* saged dados pakon amargi sarana panambang {–ana}. Panambang {–ana} gadhah teges pakon, nindakaken pakaryan kados ingkang dipunsebataken wonten lingganipun. Tembung *"mirsanana"* menawi dipunrimbag dados mekaten, {N-} + {D-}+ {-ana} → {m-} + *pirsa* + {-ana} = *mirsaana* → *mirsanana*.

Tuturan *"Mangga, Pak Polisi ugi mirsanana rumiyin!"* kalebet tindak tutur langsung pakon amargi wosipun sami kaliyan ukara ingkang dipunwedhar. Wosipun pakon lajeng *struktur* ukaranipun ngginakaken cakrik ukara pakon. Wonten basa seratan titikanipun cakrik ukara pakon menika awujud tandha pakon (!) ing sawingkingipun ukara.

Wonten tuturan *"Mangga, Pak Polisi ugi mirsanana rumiyin!"* menika manut *konteks*-ipun pakon pangajak saking Handaka dhateng Polisi supados mirsani bab serat kitir. Tuturan *"Mangga, Pak Polisi ugi mirsanana rumiyin!"* teges pakon pangajak ugi saged dipuntingali saking tembung pambiyantu inggih menika tembung *'mangga'*.

Ing novel wonten wedharan ingkang nedahaken bilih polisi menika nindakaken dhawuh kasebat inggih menika ing ukara *kertas mlembar-mlembar saka tangan siji menyang tangan liyane maneh. Saben sing lagi nyekel, padha*

menthelengi. Sadurunge tekan nggone Handaka didelengi dening wong sing padha kepengin weruh. Uga Dhokter Wandi, polisi, Mohamad Sadham, lan Sulun Prabu. Handaka kaya tukang sulap wae. Tumindak ingkang dipuntindakaken menika boten langsung ingkang awujud tumindak *non verbal*.

b. Tindak Tutur Langsung Pakon Tanggap

Pakon tanggap menika saking tembung tanggap ingkang kawuwuhan ater-ater {dak-}, {ko-}, {di-}, wasesanipun awujud tembung tanggap. Dados pakon amargi kawuwuhan panambang {-en}, {-ana}, saha {-na}. Jinising tindak tutur langsung pakon tanggap ingkang kapanggihaken ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* wonten tigang warni inggih menika {D-} + {-en}, {D-} + {-ana}, saha {D-} + {-na}.

1) Tindak Tutur Langsung Pakon Tanggap {D-} + {-en}/{-nen}

Pakon tanggap {D-} + {-en}/{-nen} menika wasesanipun awujud tembung tanggap ingkang kawuwuhan panambang {-en}. Jinising tindak tutur langsung pakon tanggap sarana panambang {-en} ingkang kapanggihaken ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* gadhah teges pakon limrah saha pakon panantang. Ing ngandhap menika kajlentrehaken tindak tutur langsung pakon tanggap kanthi titikan saha tegesipun piyambak.

a) Tindak Tutur Langsung Pakon Tanggap {D-} + {-en}/{-nen} Ateges Pakon limrah

Pakon tanggap {D-} + {-en}/{-nen} gadhah teges pakon limrah manut *konteks*-ipun. Ing ngandhap menika kajlentrehaken tindak tutur langsung pakon tanggap {D-} + {-en} ateges pakon limrah.

Konteks: Tuturan menika kadadosan antawisipun Handaka kaliyan Manik. Handaka minangka penutur saha Manik minangka mitra tutur. Tuturan menika kadadosan menika ing wanci sonten watara tabuh tiga, nalika kepungan ambeng. Ing kepungan ambeng menika Handaka njlentrehaken bab panylidhikanipun manut analisispun Handaka sedaya putri-putrinipun saha calon mantunipun saged, nate, saha gadhah kekiyatan merjaya Trianah. Handaka pitaken dhateng Manik ingkang njalari Manik interlokal Eram kalawau dalu. Manik nyobi mbanggel pitakenanipun Handaka. Handaka lajeng dhawuh dhateng Manik supados enggal mangsuli pitakenanipun Handaka. Ancasing tuturan menika supados Manik minangka mitra tutur nindakaken dhawuh saking Handaka.

Data 3/73:
Tuturan:
Handaka: *"Iya!* ***Jawaben saiki, ta, wis!*** *Blak-blakan wae!"*

(Sumber: KTBK/145)

Data wonten nginggil menika tuturan *"Jawaben saiki, ta, wis!"* kalebet tindak tutur langsung pakon tanggap. Tuturan menika kalebet tindak tutur langsung amargi wosipun sami kaliyan *struktur* ukara ingkang ngginakaken cakrik ukara pakon. Wonten basa seratan titikanipun cakrik ukara pakon menika awujud tandha pakon (!) ing sawingkingipun ukara. Tuturan menika kadadosan antawisipun Handaka kaliyan Manik. Handaka dhawuh dhateng Manik supados wangsulan bab pitakenanipun Handaka. Ancasing tuturan menika supados Manik minangka mitra tutur nindakaken dhawuh saking Handaka. Pakon tanggap saged katingal ing tembung *'jawaben'*.

Tembung *'jawaben'* saged dados pakon amargi sarana panambang {–en}. Panambang {–en} gadhah teges pakon, nindakaken pakaryan kados ingkang dipunsebataken wonten lingganipun. Tembung *'jawaben'* menawi dipunrimbag dados mekaten, {D-} + {-en} → *jawab* + {-en} = *jawaben*.

Tuturan *"Jawaben saiki, ta, wis!"* manut *konteks*-ipun gadhah teges pakon limrah. Penutur (Handaka) ngandharaken dhawuhipun dhateng mitra tutur (Manik) ingkang gadhah ancas supados Manik nindakaken tumindak ingkang dipunkajengaken Handaka.

b) Tindak Tutur Langsung Pakon Tanggap {D-} + {-en}/{-nen} Ateges Pakon Panantang

Pakon tanggap {D-} + {-en} awujud tembung tanggap kanthi panambang {-en}. Panambang {-en} mratelakaken pakon ingkang kedah dipuntindakaken dening tiyang sanes. Pakon tanggap {D-} + {-en} ateges pakon panantang amargi ukara pakon kasebat mratelakaken nantang manut *konteks*-ipun. Ing ngandhap tuladha tuturan pakon tanggap sarana panambang {-en} kanthi teges pakon panantang ingkang kapanggihaken ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* anggitanipun Suparto Brata.

Konteks: Tuturan menika antawisipin Pipin (O_1) kaliyan Riris (O_2). Tuturan menika kadadosan ing ngajengan. Pipin saderengipun sampun dipuntakeni kathah dhateng Handaka. Pipin dipundhawuhi Handaka nimbali Riris supados dhateng ing kamar Pipin ugi badhe dipuntakeni sami kaliyan Pipin wau. Pipin madosi rayinipun lajeng ngampiri Riris ingkang lenggahan ing ngajeng kaliyan Marong saha Risang. Pipin ngandharaken bilih Riris dipuntimbali Handaka dhateng kamaripun Pipin. Swasananipun katingal Pipin saweg cuwa amargi kalawau dipunongkreh-ongkreh sesambetanipun Pipin kaliyan Eram. Raketing kekadhangan menika rumaket, Pipin menika mbakyunipun Riris. Ancasing tuturan menika nantang Riris supados enggal ngadhep Handaka.

Data 3/14:
Tuturan:
Pipin: *"Ris! Ditimbali Paklik sing saka Sala! Nyang kamarku!*
Riris: *"Kena apa? Perlu apa?"*
Pipin:*" Bakal ditarap, kowe! Diongkreh-ongkreh hubunganmu karo Risang!* ***Cobanen wae teka mrana!****"*

(Sumber: KTBK/47)

Tuturan wonten nginggil menika tuturan antawisipun Pipin minangka penutur saha Riris minangka lawan tutur. Tuturan menika ngemu tindak tutur langsung pakon tanggap sarana panambang {-en} ingkang ateges pakon panantang. Tuturan *"Cobanen wae teka mrana!"* wosipun pakon kanthi *struktur* ukara ngginakaken cakrik ukara pakon. Ing basa seratan, cakrik ukara pakon titikanipun kawiwitan hurup kapital saha ing sawingkingipun ukara wonten tandha pakon (!). Dene pakon tanggap katingal ing *satuan lingual* tembung *'cobanen'*. Pakon tanggap menika ukaranipun awujud tembung tanggap. Dados pakon amargi kawuwuhan panambang {-en}. Tembung tanggap *'cobanen'* menawi dipunrimbag dados, {D-} + {-en} → *coba* + {-en} = *cobaen* → *cobanen*. Sasangka (1989: 51) bilih panambang {-en} menawi dipungadheng ing tembung ingkang pungkasanipun vokal, panambang {-en} menika dados {-nen}.

Fungsi pakon panantang menika katingal wonten titikan *satuan lingual 'Cobanen'*. Tuturan menika pakon saking Pipin dhateng Riris, rayinipun supados dhateng ngadhep Handaka. Riris mboten lajeng nindakaken menapa ingkang dipunkajengaken Pipin nanging gadhah pitakenan rumiyin bab kenging menapa saha wonten perlu menapa Handaka menika nimbali. Pipin lajeng nantang Riris supados nyobi dhateng Handaka menawi boten pitados.

Wosing tuturan menika Pipin pakon kanthi nantang Riris bilih Riris menika dipuntimbali Handaka. Ancasing tuturan menika supados Riris enggal-enggal ngadhep Handaka ingkang nimbali Riris kanthi prantara Pipin. *Satuan lingual "Cobanen"* menika nedahaken dhateng tiyang sanes nantang samubarang ingkang dipunkajengaken penutur.

2) Tindak Tutur Langsung Pakon Tanggap {D-} + {-ana}/{-nana}

Pakon tanggap menika ukara ingkang awujud tembung tanggap. Pakon tanggap ingkang kawuwuhan panambang {-ana} gadhah teges pakon. Ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* kapanggihaken jinising tindak tutur langsung pakon tanggap kanthi titikan panambang {-ana} ingkang gadhah teges piyambak.

a) Tindak Tutur Langsung Pakon Tanggap {D-} + {-ana}/{-nana} Ateges Pakon limrah

Pakon tanggap sarana panambang {-ana} gadhah teges pakon limrah manut *konteks*-ipun. Ing ngandhap menika kajlentrehaken tindak tutur langsung pakon tanggap {D-} + {-ana} ateges pakon limrah.

Konteks: Tuturan menika kadadosan antawisipun Sulun Prabu dados penutur kaliyan Pipin ingkang dados lawan tuturipun. Tuturan menika kadadosan ing wanci enjing. Tuturan menika ugi kadadosan ing dalemipun Sulun Prabu. Pasedherekan antawisipun Sulun Prabu kaliyan Pipin inggih menika raket sanget amargi Pipin putri pambarep Sulun Prabu. Tuturan menika Sulun Prabu nepangaken Handaka kaliyan putri-putianipun kanthi nepangaken setunggal-setunggal. Nalika menika Pipin liwat lajeng dipuntimbali ramanipun. Pipin dipuntepangaken kaliyan Handaka kanca ramanipun. Nalika menika Handaka nyuwun pirsa gegayutanipun Pipin kaliyan Marong, menapa dereng pala krama. Handaka inggih nlesih bab Eram, lajeng Sulun Prabu ndhawuhi Pipin madosi rayi-rayinipun saperlu tepangan kaliyan kancanipun saking Sala. Ancasing tuturan supados Pipin madosi rayi-rayinipun ingkang badhe dipuntepangaken kaliyan Handaka.

Data 3/1:
Tuturan:
Sulun Prabu: *“ Iya.* ***Golekana adhimu, ben padha kenal karo kancane bapak saka Sala iki!****”*
Pipin : “ *Riris sampun wonten ngajeng. Manik mbokmenawi taksih tileman.”*
(Sumber: KTBK/20)

Data ing nginggil awujud tindak tutur langsung pakon tanggap sarana panambang {-ana} ingkang gadhah *fungsi* ndhawuhi tiyang sanes supados purun

nindakaken tumindak ingkang dipunandharaken penutur. Tuturan menika kadadosan antawisipun Sulun Prabu kaliyan Pipin. Pipin menika putri pambarepipun Sulun Prabu. Sulun Prabu dhawuh dhateng Pipin supados madosi rayinipun amargi badhe dipuntepangaken dhateng kancanipun saking Sala.

Tindak tutur langsung pakon saged dipuntingali wonten tuturan *"Golekana adhimu, ben padha kenal karo kancane bapak saka Sala iki!"*, dipuntingali saking fungsinipun tuturan menika dipunandharaken jumbuh kaliyan wosing tuturan inggih menika pakon kanthi ngginakaken cakrik ukara pakon. Titikanipun cakrik ukara pakon, kawiwitan hurup kapital kanthi titikan tandha pakon (!) ing sawingkingipun ukara. Dipuntingali kanthi *konvensional* tuturan *"Golekana adhimu, ben padha kenal karo kancane bapak saka Sala iki!"* menika ndhawuhi tiyang angka kalih inggih menika Pipin madosi rayi-rayinipun.

Pakon tanggap katingal ing *satuan lingual* tembung *'golekana'*. Tembung *'golekana'* awujud pakon amargi kawuwuhan panambang {-ana}. Panambang {-ana} menika gadhah teges 'pakon'. Tembung *'golekana'* menawi dipunrimbag → {D-} + {-ana} → *golek* + {-ana} = *golekana*.

Tumindak ingkang dipuntindakaken dhateng Pipin inggih menika Pipin lajeng klepat tindak madosi rayi-rayinipun. Tuturan saking Pipin ingkang ungêlipun *"Riris sampun wonten ngajeng. Manik mbokmenawi taksih tileman"* menika namung winates ngandharaken pawartos dhateng Sulun Prabu bilih rayinipun angka kalih sampun wonten ngajeng saha rayinipun angka tiga taksih tileman. Wonten tuladha sanes ngengingi pakon tanggap {D-} + {-ana} kanthi teges pakon paminta.

b) Tindak Tutur Langsung Pakon Tanggap {D-} + {-ana}/{-nana} Ateges Pakon Paminta

Pakon tanggap {D-} + {-ana}, ukaranipun awujud tembung tanggap mawi panambang {-ana}. Wujuding pakon ing pakon tanggap {D-} + {-ana} manut *konteks* kawontenan tutur inggih menika pakon paminta. Ing ngandhap menika tuladha pakon tanggap sarana panambang {-ana} ateges pakon paminta.

Konteks: Tuturan menika ing antawisipun Handaka (penutur) saha Manik (lawan tutur). Tuturan menika kadadosan sakbibaripun Handaka manggihi Manik kaliyan Marong ing wit pelem. Manik dipuninterogasi dening Handaka kaliyan bapanipun. Ing wit pelem menika Manik kaliyan Marong sami ngenggar-enggar manah. Sajatosipun Marong menika sampun dados tunangan mbakyunipun Manik, Pipin. Kawontenan ingkang katingal ing tuturan menika wekdal gumujeng antawisipun Handaka kaliyan Manik bab minta sraya saking Manik. Minta sraya menawi saged nyingkiraken unek-unek ing manahipun Manik, badhe dipundadosaken jatukramanipun. Handaka pakon supados Manik mboten namung nyukani kesempatan dhateng kanca-kancanipun nanging ugi nyukani kesempatan dhateng Handaka.

Data 3/28:

Tuturan:

Detektip Handaka: *"**Nanging, yen kowe menehi kesempatan marang kanca-kancamu, aku ya wenehana kesempatan, lo!** Marga melik nggendhong lali. Sapa ngerti Pras kuwi meneng-meneng melik karo katresnanmu!? Krungu minta srayamu kaya ngono apane ora dienggo kalodhangan kang adi kuwi!"*

Manik : *"Alaa, Paklik ndadak meri barang. Coba kula dilairake langkung cepet sedasa taun ngoten, sip, nggih, Paklik!"*

(Sumber: KTBK/81)

Tuturan ing nginggil menika kalebet tindak tutur langsung pakon tanggap. Ukara pakon tanggap katingal ing tuturan *"Nanging, yen kowe menehi kesempatan marang kanca-kancamu, aku ya wenehana kesempatan, lo!"*. Tuturan menika kadadosan nalika Handaka kaliyan Manik, swasananipun gumujeng. Pakon tanggap katingal ing *satuan lingual 'wenehana'*. Tembung *'wenehana'*

menawi dipunrimbag kados mekaten, {D-} + {-ana} → *'weneh'* + {-ana} = *wenehana*.

Wosing tuturan sami kaliyan ukara ingkang dipunandharaken. Tuturan menika wosipun pakon kanthi cakrik ukara pakon ing *struktur* ukaranipun. Ing basa seratan, cakrik ukara pakon titikanipun wonten tandha pakon ing sawingkingipun ukara.

Manut *konteks* kawontenanipun, tuturan *"Nanging, yen kowe menehi kesempatan marang kanca-kancamu, aku ya wenehana kesempatan, lo!"* ateges pakon paminta bilih Handaka minangka penutur gadhah paminta dhateng Manik supados paring kesempatan dhateng Handaka, boten namung kanca-kancanipun. Ancasing tuturan menika ndhawuhi marang lawan tutur inggih menika Manik supados nyukani kasempatan dhateng Handaka.

Pakonipun Handaka namung gumujeng saengga Manik ugi mangsuli kanthi gumujeng. Tuturan saking lawan tuturipun, *"Alaa, Paklik ndadak meri barang. Coba kula dilairake langkung cepet sedasa taun ngoten, sip, nggih, Paklik!"* katingal namung gumujengan. Menika kalawau tuladha tindak tutur langsung pakon tanggap {D-} + {-ana} ateges pakon paminta, salajengipun tuladha sanes kanthi teges pakon panantang.

c) Tindak Tutur Langsung Pakon Tanggap {D-} + {-ana}/{-nana} Ateges Pakon Panantang

Pakon panantang gadhah teges mratelakaken tumindak ingkang nantang. Manut *konteks* kawintenanipun. Adatipun pakon panantang menika ngginakaken

tembung pambiyantu kadosta, *'coba'*. Ing ngandhap menika tuladha ingkang kapanggihaken ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha*.

Konteks: Tuturan menika bab serat kitir radi aneh ingkang dipuntampi Eram. Amargi radi aneh, Eram lajeng ngaturaken dhateng Handaka. Tuturan menika antawisipun Handaka minangka penutur saha Pipin minangka mitra tutur. Tuturan kadadosan sabibaripun Handaka nyuwun tulung dhateng Pipin supados nyonto seratan kitir wau. Amargi Pipin boten enggal-enggal nindakaken menapa ingkang dipunkajengaken Handaka mila Handaka lajeng ngoyak-oyak Pipin. Ancasing tuturan supados Pipin enggal-enggal nindakaken prentah saking Handaka. Handaka dhawuh dhateng Pipin supados enggal-enggal nindakaken dhawuh saking Handaka.

Data 3/71:
Tuturan:
Handaka: *"Ssstt!* ***Ayo, kana, lakonana pakonku!*** *Enggal!"*
Pipin uga gage mbudhal nglaksanakake pakone Handaka.

(Sumber: KTBK/138)

Data tuturan ing nginggil menika kadadosan antawisipun Handaka kaliyan Pipin. Handaka minangka penutur saha Pipin minangka mitra tutur. Tuturan ing nginggil menika kalebet tindak tutur langsung pakon. Katingal wonten tuturan *"Ayo, kana, lakonana pakonku!"* menika wosipun mrentah kanthi cakrik ukara pakon. Ing basa seratan, cakrik ukara pakon titikanipun kawiwitan hurup kapital saha wonten tandha pakon (!) ing sawingkingipun ukara. Tuturan *"Ayo, kana, lakonana pakonku!"* kalebet pakon tanggap ingkang kawuwuhan panambang {-ana} inggih menika *satuan lingual* tembung *'lakonana'*.

Tembung *'lakonana'* saking tembung lingga *'laku'* ateges tumindak majeng, ewah majeng, boten mandheg, lan sapanunggalanipun (BJ, 1939:257). Menawi dipunrimbag, {D-} + {-ana} → *laku* + -ana = *lakuana* → *lakonana*. Panambang {-ana} menawi kawuwuhan ing tembung lingga ingkang pungkasanipun awujud vokal, panambang {-ana} ewah dados {-nana}. Tembung *'lakonana'* dados pakon

amargi kawuwuhan panambang {-ana} kalawau. Ancasing tuturan menika supados Pipin tumindak majeng boten mandheg ngengingi dhawuhipun Handaka.

Tuturan *"Ayo, kana, lakonana pakonku!"* ateges pakon panantang sanajan kawiwitan tembung pambiyantu *'ayo'* manut *konteks* kawontenan tuturipun mratelakaken nantang. Pipin menika dipuntantang dening Handaka enggal nindakaken dhawuhipun. Sanajan sanes tumindak langsung Pipin nindakaken pakon kasebat.

3) Tindak Tutur Langsung Pakon Tanggap {D-} + {-na}/{-kna}

Panambang {-na} dados titikanipun pakon tanggap. Panambang {-na} menika gadhah teges pakon, ingkang kedah dipuntindakaken dening tiyang sanes manut lingganipun. Jinising pakon tanggap kanthi tegesipun ingkang kapanggihaken ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* inggih menika limrah, pangajak, saha panantang.

a) Tindak Tutur Langsung Pakon Tanggap {D-} + {-na}/{-kna} Ateges Pakon Limrah

Pakon limrah namung ngandharaken dhawuh saking penutur dhateng mitra tutur manut *konteks* kawontenanipun. Ing ngandhap menika tuladha kutipan data pakon tanggap kanthi teges pakon limrah.

Konteks: Tuturan kadadosan nalika Eram nampi serat kitir ingkang radi *aneh.* Serat kitir kalawau lajeng dipunparingaken dhateng Handaka. Tuturan menika antawisipun Handaka minangka penutur kaliyan Eram minangka mitra tutur. Eram ingkang nampi kitir kalawau mikir menapa tegesipun gegayutan kaliyan sedanipun Trianah. Handaka njlentrehaken bilih kitir wau saged ugi gegayutan kaliyan sedanipun Trianah. Handaka ugi nedahaken bilih ingkang nyukani kitir wau tumut nglayat saha tumut kepungan. Tuturan menika dhawuh Handaka dhateng Eram supados Eram nimbali Pipin. Ancasing tuturan supados Eram minangka mitra tutur nimbali Pipin.

Data 3/65:
Tuturan:
Handaka: *"Yen ngono, iki daksimpene dhisik. Pareng, ya?"*
Eram: *"Mangga. Naging, kinten-kinten tegesipun menapa? Menapa wonten gegayutanipun kaliyan sedanipun Bu Sulun?"*
Handaka: *"Bisa wae. Bisa uga. Nanging, sing genah, wong sing nulis lan menehake kitir iki ana kene. Melu nglayat menyang sarean lan mesthine melu kepungan iki. Daksimpene dhisik. Mengko yen ketemu wadine dakjarwani!* ***Anu, Mas, undangna Pipin, kon mrene, ya!****"*
(Sumber: KTBK/136)

Tuturan *"Anu, Mas, undangna Pipin, kon mrene, ya!"* ing data nginggil awujud tindak tutur langsung pakon kanthi cakrik ukara pakon. *Fungsi* cakrik ukara pakon wonten ukara nedahaken bilih ukara kasebat kalebet ukara pakon. Ukara pakon menika pakon dhateng mitra tutur supados nindakaken menapa ingkang dipunwedharaken penutur. Tuturan menika antawisipun Handaka kaliyan Eram. Handaka menika minangka penutur ingkang medharaken tuturan pakon *"Anu, Mas, undangna Pipin, kon mrene, ya!"* saha Eram minangka mitra tutur ingkang kedah nindakaken dhawuh saking Handaka.

Tuturan *"Anu, Mas, undangna Pipin, kon mrene, ya!"* dipunsebat tindak tutur langsung pakon amargi wosipun sami kaliyan ukara ingkang dipunwedhar. *Struktur* ukaranipun kanthi cakrik ukara pakon amargi ing sawingkingipun ukara menika wonten tandha pakon (!). Ing basa seratan, titikan cakrik ukara pakon dipunserat kanthi tandha pakon (!) ing sawingkingipun ukara.

Pakon tanggap sarana panambang {-na} katingal wonten *satuan lingual* tembung *'undangna'*, tembung *'undangna'* dados pakon amargi kawuwuhan panambang {–na}. Tembung lingga ingkang kawuwuhan panambang {-na} dados tembung kriya tanggap saha gadhah teges 'pakon' utawi hagnya (pakon dhateng tiyang sanes supados nindakaken pakaryan ingkang kasebataken wonten

lingganipun (Sasangka, 1989:56). Rimbagipun, {D-} + {-na} → *undang* + {-na} = *undangna*. Pakon tanggap kanthi panambang {-na} menika gadhah teges pakon limrah manut *konteks* kawontenan tutur inggih menika penutur dhawuh dhateng mitra tutur supados nindakaken tumindak ingkang dipunkajengaken dening penutur. Tuladha sanes tindak tutur langsung pakon tanggap mawi panambang {-na} ateges pakon pangajak kados ingkang kajlentrehaken ing ngandhap.

b) Tindak Tutur Langsung Pakon Tanggap {D-} + {-na}/{-kna} Ateges Pakon Pangajak

Pakon pangajak ateges pangajak dhateng mitra tutur manut *konteks* kawontenan. Adatipun pakon pangajak kawuwuhan tembung pambiyantu, kadosta *'ayo'*, *'mangga'*, *'cobi'*, lan sapanunggalanipun. Ing ngandhap menika tuladha tindak tutur langsung pakon tanggap {D-} + {-na} ateges pakon pangajak ingkang dipunpanggihaken ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha*.

Konteks: Tuturan kadadosan antawisipun Handaka kaliyan Manik. Tuturan menika kadadosan nalika kepungan ambeng. Sedaya tiyang menika katitik saged dados durjananipun. Ing kepungan ambeng menika Eram nampi serat kitir. Handaka interogasi marang tiyang-tiyang ing kepungan ambeng. Ancasing tuturan menika pakon marang Manik supados njlentrehaken kenging menapa Manik paring pawartos dhateng Eram. Sajatosipun Eram sampun mboten wonten sesambetan kaliyan keluwarga Sulun Prabu setunggal taun kepengker. Eram sakmenika sampun tumut kalimput ing kadurjanan menika amargi Manik. Eram paring sumerepan dhateng Handaka bilih ingkang paring pawartos inggih menika Manik.

Data 3/72:
Tuturan:
Handaka : *"Manik?!* ***Mara jlentrehna, kena apa kowe ndadak ngabari Ir. Eram, wong Ir. Eram wis genah dudu keluwargamu maneh!***"
Manik : *"Dalem, Paklik?!"*
Handaka: *"Iya, kowe! Apa karepmu nginterlokal Ir. Eram bengi-bengi, ngabari yen ibumu seda?!"*
Manik : *"Menapa perlu kedah kula jawab samenika?"*
Handaka: *"Iya! Jawaben saiki, ta, wis! Blak-blakan wae!"*

Sulun Prabu: *"Lo, Dhimas, mengko gek ....?"*
Handaka : *"Priye, Nik? Ngomonga!"*
Manik : *"La, anu, ta, Paklik. Menawi Mas Eram sampun mireng kabar ibu seda, rak enggal sesambetan malih kaliyan Mbak Pipin. mboten wonten ingkang mepalangi malih. Menawi Mas Eram wangsul kaliyan Mbak Pipin, Mas Marong rak saged wangsul dhumateng kula!"*

(Sumber: KTBK/145)

Data tuturan wonten nginggil kanthi tuturan *"Mara jlentrehna, kena apa kowe ndadak ngabari Ir. Eram, wong Ir. Eram wis genah dudu keluwargamu maneh!"* menika ngemu tindak tutur langsung pakon tanggap. Katingal wonten titikan *satuan lingual* tembung *'jlentrehna'*. Tuturan menika kadadosan antawisipun Handaka kaliyan Manik. Ancasing tuturan menika Handaka ndhawuhi marang Manik supados njlentrehaken nalika Manik paring pawartos dhateng Eram bab sedanipun Trianah. *Fungsi* pakon tanggap wonten *satuan lingual* tembung *'jlentrehna'* menika supados nindakaken pakaryan njlentrehaken. *Satuan lingual 'jlentrehna'* dados pakon tanggap amargi sarana panambang {–na}, menawi dipunrimbag dados mekaten, {D-} + {-na} → *jlentreh* + {-na} = *jlentrehna*. Panambang {-na} gadhah teges supados nindakaken pakaryan kados ingkang dipunsebataken wonten lingganipun.

Tuturan *"Mara jlentrehna, kena apa kowe ndadak ngabari Ir. Eram, wong Ir. Eram wis genah dudu keluwargamu maneh!"* menika tindak tutur langsung pakon. Wosipun sami kaliyan ukara ingkang dipunwedhar. *Struktur*-ipun kanthi cakrik ukara pakon. Ing basa seratan, cakrik ukara pakon titikanipun kawiwitan hurup kapital saha wonten tandha pakon (!) sawingkingipun ukara. Tuturan *"Mara jlentrehna, kena apa kowe ndadak ngabari Ir. Eram, wong Ir. Eram wis*

genah dudu keluwargamu maneh!" ateges pakon pangajak manut *konteks* kawontenan tutur kanthi *satuan lingual* tembung pambiyantu *'mara'*.

Tumindak pakaryan 'njlentrehaken' saged dipuntingali saking wangsulanipun lawan tutur inggih menika *"La, anu, ta, Paklik. Menawi Mas Eram sampun mireng kabar ibu seda, rak enggal sesambetan malih kaliyan Mbak Pipin. mboten wonten ingkang mepalangi malih. Menawi Mas Eram wangsul kaliyan Mbak Pipin, Mas Marong rak saged wangsul dhumateng kula!"* sanajan mboten tumindak *verbal* kanthi kontekstual, wonten tuturan menika nedahaken bilih tumindak menika namung winates ing tuturan kanthi nindakaken tumindak 'njlentrehaken'. Tuladha sanes ingkang mengku tindak tutur langsung pakon tanggap sarana panambang {-na} ateges pakon paminta.

Konteks: Tuturan kadadosan antawisipun Handaka (O_1) kaliyan Marong (O_2). Tuturan menika bab panylidhikan Handaka tumrap tlacak sepatu. Tlacak menika kangge bukti sinten ingkang merjaya Trianah. Kadadosan wonten wingking dalemipun Sulun Prabu sacelakipun kamar tidhur. Nalika menika Marong ngangge sepatu kets ingkang sami kaliyan durjananipun. Handaka nyuwun dhateng Marong supados nlacakaken kembangan sepatu wonten siti, menawi tlacakipun sami Marong saged dipuntedahaken dados durjana, menawi beda tlacakaipun Marong aman. Bibar Handaka pakon mekaten lajeng Marong kapeksa purun nlacakaken kembangan sepatunipun, nanging Marong gadhah kapitayan bilih kembangan tlacak sepatu mboten sami kaliyan kembangan tlacak ing jedhela. Antawisipun Marong kaliyan Handaka dereng sami mangertos, nanging Marong sampun nduga menawi Handaka menika detektip kondhang. Ancasing tuturan menika supados Marong minangka mitra tutur nlacakaken sepatunipun.

Data 3/33:
Tuturan:
Handaka: *"**Iya, coba, tlacakna kene!** Aja ndredheg dhisik!"*

(Sumber: KTBK/85)

Data ing nginggil menika kalebet tindak tutur langsung pakon kanthi cakrik ukara pakon. Katingal ing tuturan *"Iya, coba, tlacakna kene!"*, ing wingking

ukara menika wonten tandha pakon (!). Wosipun sami kaliyan ukara ingkang dipunwedhar dening penutur. Tuturan menika kadadosan antawisipun Handaka ingkang dados penutur saha Marong ingkang dados mitra tutur. Handaka ndhawuhi Marong supados nlacakaken kembangan sepatunipun ing siti. Bab menika dipuntindakaken amargi kangge panylidhikanipun Handaka tumrap durjana. Menawi tlacakipun Marong sami saged kabukti Marong durjananipun nanging menawi beda Marong aman. Kanthi kapitayan sajroning manahipun Marong, bilih tlacak kembangan sepatunipun boten sami mila Marong nindakaken pakon saking Handaka. Ancasing tuturan menika supados Marong minangka mitra tutur purun nindakaken dhawuhipun Handaka inggih menika nlacakaken kembangan sepatunipun menapa sami menapa boten.

Pakon tanggap sarana panambang {-na} katingal ing *satuan lingual* tembung *'tlacakna'*. Tembung *'tlacakna'* dipunrimbag dados, {D-} + {-na} → *tlacak* + {-na} = *tlacakna*. Manut *konteks* kawontenan, tuturan menika ateges pakon paminta dipuntandhani kanthi *satuan lingual* tembung pambiyantu *'coba'*.

2. Tindak Tutur Boten Langsung Pakon

Tindak tutur pakon boten langsung manut wosing isi beda kaliyan ukara ingkang dipunwedharaken penutur. Cakrik ukara carita saha cakrik ukara pitaken saged dipunginakaken kangge mrentah/pakon/dhawuh. Adatipun pakon kanthi *struktur* cakrik ukara carita saha cakrik ukara pitaken langkung alus.

Ing basa sinerat, cakrik ukara carita titikanipun kawiwitan hurup kapital saha wonten tandha titik (.) ing sawingkingipun ukara kadidene cakrik ukara pitaken wonten tandha pitaken (?) ing sawingkingipun ukara. Wujuding tindak tutur boten

langsung pakon ingkang dipunpanggihaken ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* inggih menika pakon tanduk saha pakon tanggap kanthi titikanipun piyambak-piyambak.

a. Tindak Tutur Boten Langsung Pakon Tanduk

Pakon tanduk inggih menika ukara pakon ingkang wasesanipun nindakaken pakaryan kanthi ngginakaken tembung kriya ingkang kawuwuhan ater-ater anuswara ({ny-}, {m-}, {ng-}, {n-}) utawi wasesanipun awujud tembung tanduk. Wujuding pakon tanduk ingkang kapanggihaken ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* anggitanipun Suparto Brata inggih menika kanthi titikan {D-} + {-a} saha {N-} + {D-} + {-a}.

1) Tindak Tutur Boten Langsung Pakon Tanduk {D-} + {-a}

Pakon tanduk {D-} + {-a} ukaranipun awujud tembung tanduk kriya-lingga kanthi panambang {-a} ingkang mratelakaken pakon. Pakon tanduk ingkang kapanggihaken ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* gadhah tegesipun piyambak-piyambak manut *konteks* kawontenan tutur.

a) Tindak Tutur Boten Langsung Pakon Tanduk {D-} + {-a} Ateges Pakon Limrah

Tindak tutur boten langsung pakon tanduk {D-} + {-a} ateges pakon limrah menika wosipun beda kaliyan *struktur* ukara ingkang dipunwedhar dening penutur. Titikan pakon tanduk sarana panambang {-a} ingkang gadhah teges penutur dhawuh dhateng mitra. Tuladha tindak tutur boten langsung pakon tanduk {D-} + {-a} ateges pakon limrah kajlentrehaken ing ngandhap menika.

Konteks: Tuturan kadadosan antawisipun Handaka (O_1) kaliyan Riris (O_2). Tuturan menika kadadosan ing kamaripun Handaka. Riris kaliyan

> Handaka wicantenan bab durjana. Riris damel vonis bilih ngkang merjaya Trianah inggih menika Eram kaliyan Pipin. Ananging lajeng dipunsagah dening Handaka bilih buktinipun dereng ganep. Handaka kapengin mangertos kenging menapa Riris adreng temenan anggenipun kapengin palakrama kaliyan Risang. Handaka dhawuh dhateng Riris supados matur kenging menapa Riris kapengin sanget palakrama kaliyan Risang. Ancasing tuturan menika supados Riris minangka mitra tutur mangsuli pitakenanipun Handaka.

Data 3/56:
Tuturan:
Handaka: *"**Kandhaa blaka.** Aku kudu ngerti sebabe!"*
Riris : *"Margi, margi Mas Risang nggregik mawon. Dados, dados inggih kula pasrah!"*

(Sumber: KTBK/118)

Tuturan *"Kandhaa blaka."* ing data nginggil ngemu tindak tutur pakon boten langsung pakon tanduk {D-} + {-a} ateges pakon limrah. Tindak tutur boten langsung, wosipun beda kaliyan ukara ingkang dipunwedhar. Sanajan wosipun pakon nanging *struktur* ukaranipun carita. *Fungsi* cakrik ukara carita saged dipunginakaken kangge pakon. Cakrik ukara carita ing basa seratan titikanipun kawiwitan hurup kapital saha wonten tandha titik (.) ing sawingkingipun ukara. Pakon kanthi cakrik ukara carita menika pakon langkung alus.

Tuturan *"Kandhaa blaka."* ateges pakon limrah manut *konteks* kawontenan tutur. Tuturan menika pakon dhateng mitra tutur supados nindakaken menapa ingkang dipunwedharaken dening penutur. Tuturan menika antawisipun Handaka kaliyan Ririrs. Handaka menika minangka penutur ingkang medharaken tuturan pakon *"Kandhaa blaka."* saha Riris minangka mitra tutur ingkang kedah nindakaken dhawuh saking Handaka.

Pakon tanduk sarana panambang {-a} katingal wonten *satuan lingual* tembung *'kandhaa'*, tembung *'kandhaa'* dados pakon amargi kawuwuhan panambang {–a}. Tembung lingga ingkang kawuwuhan panambang {-a} dados

tembung kriya saha gadhah teges ‘pakon’ utawi hagnya (pakon dhateng tiyang sanes supados nindakaken pakaryan ingkang kasebataken wonten lingganipun (Sasangka, 1989:56). Rimbagipun, {D-} + {-a} → *kandha* + {-a} = *kandhaa*. Ing ngandhap tuladha sanes bab tindak tutur boten langsung pakon tanduk {D-} + {-na} nanging ateges pakon paminta.

b) Tindak Tutur Boten Langsung Pakon Tanduk {D-} + {-a} Ateges Pakon Paminta

Pakon paminta gadhah teges pakon kanthi nyenyuwun dhateng tiyang ingkang dipunajak wicantenan. Jinising tindak tutur boten langsung pakon tanduk {D-} + {-a} ingkang kapanggihaken ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* inggih menika awujud cakrik ukara carita saha cakrik ukara pitaken. Ing ngandhap menika tuladhanipun tindak tutur boten langsung kanthi cakrik ukara carita.

Konteks: Tuturan menika antawisipun Handaka ingkang dados penutur kaliyan Sulun Prabu ingkang dados mitra tutur. Handaka kaliyan Sulun Prabu menika kanca kala rumiyin taksih SMP. Prastawa menika ing wanci enjing sabibaripun Handaka tepangan kaliyan Riris lajeng Riris pamit dhateng wingking. Tuturan menika Handaka nyuwun pirsa bab gegayutan Pipin kaliyan Eram amargi nalika semanten Trianah boten sarujuk menawi Pipin sesambungan kaliyan Eram. Handaka nyuwun dhateng Sulun Prabu dipuncariyosaken langkung jangkep bab Insinyur Eram, menapa sasampunipun dipuntulak Trianah, Eram taksih gegayutan kaliyan Pipin. Sulun Prabu paring sumerep menawi gegayutanipun Eram kaliyan Pipin saged sesidheman utawi sampun mboten wonten gegayutanipun. Ancasing tuturan menika supados Sulun Prabu nyariosaken Eram kanthi jangkep.

Data 3/3:

Tuturan:

Handaka: *“Sik, Mas.* ***Coba critaa maneh bab Insinyur Eram luwih jangkep.*** *Sawise ditulak Mbakyu Tri, apa dheweke saiki ya isih hubungan karo Pipin?”*

Sulun Prabu: *“Embuh, ya, yen sesidheman. Nanging, sajake blas ora hubungan maneh. Pipin jan katrem tenan atine, lan terus meneng. Ngomong marang ibune mung yen perlu banget.”*

(Sumber: KTBK/23)

Data wonten nginggil menika awujud tuturan ingkang ungêlipun *"Coba critaa maneh bab Insinyur Eram luwih jangkep."* ngemu tindak tutur boten langsung pakon tanduk. Tuturan menika kadadosan antawisipun kanca nalika taksih sekolah wonten SMPN II Surabaya, inggih menika Handaka (O_1) kaliyan Sulun Prabu (O_2). Handaka kapengin mangertosi bab Eram langkung jangkep malih, inggih menika sesambunganipun kaliyan Pipin. Tuturan *"Coba critaa maneh bab Insinyur Eram luwih jangkep."* wosipun pakon kanthi ukaranipun ngginakaken cakrik ukara carita. Pakon tanduk ing *satuan lingual* tembung '*critaa'* nedahaken dhawuh dhateng Sulun Prabu inggih menika tumindak cariyos. Ancasing tuturan menika supados nyariosaken bab Eram langkung jangkep sabibaripun dipuntulak dening Trianah.

Tembung '*critaa'* menika dados pakon amargi sarana panambang {–a}. Panambang {–a} menika gadhah teges supados nindakaken pakaryan kados ingkang dipunsebataken wonten lingganipun. Tembung '*critaa'*, lingganipun kawuwuhan panambang {–a} ateges ngaturi supados cariyos. Pangrimbagipun tembung *'critaa'* menawi dipunrimbag dados mekaten, {D-} + {-a} → *crita* +{-a} = *critaa*.

Manut *konteks* kawontenan tutur, tuturan *"Coba critaa maneh bab Insinyur Eram luwih jangkep."* ateges pakon paminta kanthi alus tumrap Sulun Prabu. Paminta katitik saking *satuan lingual* tembung *'coba'*. Tumindak saking lawan tutur saged katingal wonten wangsulanipun Sulun Prabu, *"Embuh, ya, yen sesidheman. Nanging, sajake blas ora hubungan maneh. Pipin jan katrem tenan atine, lan terus meneng. Ngomong marang ibune mung yen perlu banget."* Sulun

Prabu mangsuli menapa ingkang dados dhawuhipun saking Handaka. Sulun Prabu lajeng tumindak kanthi wangsulan bilih antawisipun Pipin kaliyan Eram sampun mboten wonten sesambungan. Sulun Prabu ugi ngendika bilih sesambungan menika saged sesidheman. Tumindakipun Sulun Prabu menika namung winates ing tuturan sanajan namung winates ing tuturan sampun cetha kados pundi Eram sabibaripun dipuntulak dening Trianah. Wonten tuladha tindak tutur boten langsung pakon tanduk {D-} + {-a} ateges pakon paminta kanthi cakrik ukara pitaken.

Konteks: Tuturan menika antawisipun Handaka (O_1) kaliyan Riris (O_2). Tuturan menika kadadosan nalika Handaka wicantenan kaliyan Riris. Tuturan menika kadadosan wonten kamaripun Handaka. Handaka paring sumerep bab kadurjanan sedanipun Trianah (ibunipun Riris). Riris sampun sujana bilih ingkang njalari sedanipun Trianah amargi raja pati. Handaka maringi sumerepan dhateng Riris supados ngugem rerasan sujananipun, kaping pisan rerasan kalawau ampun ngantos ngambra-ambra amargi dados nistha sedanipun Trianah. Kaping kalih, menawi durjananipun mangertos dipuntitik saged ngrekadaya damel alibi. Ancasing tuturan inggih menika Handaka nyuwun dhateng Riris menawi manggihi bab ingkang mutawatiri utawi pikantuk bukti enggal supados nyariosaken dhateng Handaka kemawon, ampun dhateng tiyang sanes.

Data 3/59:

Tuturan:

Handaka: *"Ris, ngene, ya. Saiki tambah kowe sing sujana yen ibumu sedane diweweka dening durjana. Ora seda kacilakan biyasa. Nanging, dakjaluk pangrasamu kuwi aja kok babrake marang liyan. Ugemen dhewe wae. Sepisan, yen nganti rerasan kuwi ngambra-ambra, rak dadi nisthane prekara sedane ibumu. Kaping pindhone, yen pancen ana durjanane, ngerti dititik lan diwaspadakake, durjanane banjur gawe tlacak-tlacak palsu sing bakal gawe rekasane para pengusut. Lan padha ngrekadaya gawe alibi kang maton. Dadi, ben dakuruse karo ramamu dhewe wae.* ***Yen ana apa-apa sing ndrawasi utawa mutawatiri, utawa koktemokake bukti anyar, critaa wae marang aku, ya?*** *Aja nyang wong liya!"*

(Sumber: KTBK/122)

Data wonten nginggil menika awujud tindak tutur boten langsung pakon tanduk nanging cakrikipun ukara pitaken katingal ing tuturan *"Yen ana apa-apa sing ndrawasi utawa mutawatiri, utawa koktemokake bukti anyar, critaa wae marang aku, ya?"*, kanthi *satuan lingual* tembung pakon tanduk *'critaa'* ingkang mengku teges dhawuh dhateng tiyang ingkang mirengaken tuturan pakon kasebat. *Satuan lingual 'critaa'* menawi dipunrimbag → {D-} + {-a} → *crita* + {-a} = *critaa*.

Tuturan menika antawisipun Handaka (O_1) kaliyan Riris (O_2). Handaka dhawuh dhateng Riris menawi wonten bab menapa kemawon ingkang ndrawasi utawi mutawatiri utawi manggihaken bukti enggal dipuncariyosaken dhateng Handaka kemawon. Ancasing tuturan menika supados Riris minangka mitra tutur nindakaken dhawuhipun Handaka inggih menika nyariosaken dhateng Handaka menawi Riris manggihaken bab ingkang ndrawasi utawi mutawatiri.

Tuturan *"Yen ana apa-apa sing ndrawasi utawa mutawatiri, utawa koktemokake bukti anyar, critaa wae marang aku, ya?"* menika ngemu tindak tutur boten langsung pakon amargi wosipun beda kaliyan *struktur* ukaranipun. Wosipun pakon nanging *struktur* ukaranipun ngginakaken cakrik ukara pitaken. Ing basa seratan, cakrik ukara pitaken titikanipun kawiwitan hurup kapital saha wonten tandha pitaken (?) ing sawingkingipun ukara. Adatipun tuturan kanthi cakrik ukara pitaken nedahaken bilih pakon kasebat dipunwedharaken kanthi alus.

Manut *konteks* kawontenan tutur, tuturan *"Yen ana apa-apa sing ndrawasi utawa mutawatiri, utawa koktemokake bukti anyar, critaa wae marang aku, ya?"* ateges pakon paminta. Tumindakipun kanthi boten langsung, Riris ngugemi

dhawuhipun Handaka sanajan boten wonten titikan ingkang nedahaken bilih Riris nindakaken dhawuh kasebat.

2) Tindak Tutur Boten Langsung Pakon Tanduk {N-} + {D-} + {-a}

Pakon tanduk {N-} + {D-} + {-ana} menika pakon tanduk kanthi wasesanipun tembung tanduk ingkang kawuwuhan ater-ater anuswara saha dados pakon amargi sarana panambang {-a}. Ing ngandhap menika tuladha tindak tutur boten langsung pakon tanduk {N-} + {D-} + {-a} ateges pakon limrah saha pakon pangajak ingkang dipunpanggihaken ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* anggitanipun Suparto Brata.

a) Tindak Tutur Boten Langsung Pakon Tanduk {N-} + {D-} + {-a} Ateges Pakon Limrah

Pakon limrah ngandharaken pakon saking penutur dhateng mitra tutur. Pakon ateges pakon limrah dipuntingali saking *konteks* kawontena tutur. Ing ngandhap menika tuladha data tindak tutur boten langsung pakon tanduk {N-} + {D-} + {-a} ateges pakon limrah ingkang kapanggihaken ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha*.

Konteks: Tuturan menika antawisipun Handaka kaliyan Marong bab panylidhikan Handaka. Handaka minangka penutur saha Marong minangka mitra tutur. Handaka murugi Marong ingkang taksih lenggahan ing pang pelem. Tuturan menika kadadosan ing pekawisan wingking dalemipun Sulun Prabu. Nalika menika Handaka ngajak Marong nyelaki jendhela saperlu nedahaken tlacak sepatu ing sacelakipun jendhela. Handaka nedahaken malih dhateng Marong bab lakunipun durjana kalawau dalu. Tuturan menika ndhawuhi Marong supados minggah ing pang pelem saha ningali njawi pager tembok. Ancasing tuturan supados Marong minangka mitra tutur nindakaken dhawuhipun Handaka ningali ing suwalikipun pager tembok kados pundi larah-larahanipun durjana merjaya Trianah.

Data 3/38:
Tuturan:
Handaka: *"Rene! Ayo daktuduhi liya maneh. Bali meneka pang pelem cangkokan mau. Terus munggaha maneh.* ***Nginguka njaba pager tembok.*** *Kowe rak weruh kayu lonjoran kaya tilas andhang. Dienggo andha. Wonge menek andha mau mlebu rene, mlembar liwat wit pelem kuwi!"*
(Sumber: KTBK/86)

Data ing nginggil wonten tuturan ingkang ungêlipun *"Nginguka njaba pager tembok."* ngemu tindak tutur boten langsung pakon. Tuturan menika antawisipun Handaka kaliyan Marong. Handaka minangka penutur (O_1) saha Marong minangka mitra tutur (O_2). Tuturan menika ngrembag bab tlacakipun durjana. Handaka nedahaken dhateng Marong bilih durjana ingkang merjaya Trianah damel tlacak wonten pekawisan wingking dalemipun Sulun Prabu.

Handaka dhawuh dhateng Marong minggah ing wit pelem saha ningali njawi pager tembok. Ing njawi pager menika wonten kajeng lonjoran. Handaka ngandharaken bilih durjana menika ngginakaken kajeng lonjoran dipundamel andha saha lajeng mlebet mlebar liwat wit pelem kasebat. Ancasing tuturan menika supados Marong minangka mitra tutur nindakaken dhawuhipun Handaka ningali njawi pager tembok.

Tuturan *"Nginguka njaba pager tembok."* menika awujud pakon tanduk sanajan kanthi titikan cakrik ukara carita. Pakon tanduk katingal wonten *satuan lingual* tembung *'nginguka'*, tembung *'nginguka'* awujud pakon tanduk wantah ingkang kawuwuhan ater-ater anuswara {ng-} saha kawuwuhan panambang {-a}. Menawi tembung *'nginguka'* dipunrimbag dados mekaten {N-} + {D-} + {-a} → {ng-} + *inguk* + {-a} = *nginguka*. Sanajan tuturan menika awujud ukara pakon nanging ukaranipun ngginakaken cakrik ukara carita. Adatipun ukara carita

miturut *fungsi konvesional*-ipun ngandharaken pawartos nanging tindak tutur boten langsung ukara carita *fungsi*-nipun saged dados ‘pakon’ menawi dipuntingali adhedhasar surasaning isi.

Ing basa seratan, cakrik ukara carita titikanipun kawiwitan hurup kapital saha wonten tandha titik (.) ing sawingkingipun ukara. Tuturan *“Nginguka njaba pager tembok.”*ateges pakon limrah, penutur dhawuh dhateng mitra tutur kados ingkang dipunsebataken ing ukara pakon tanduk. Ing ngandhap tuladha sanes bab tindak tutur boten langsung pakon tanduk mawi panambang {-a} ingkang ateges pakon pangajak.

b) Tindak Tutur Boten Langsung Pakon Tanduk {N-} + {D-} + {-a} Ateges Pakon Pangajak

Pakon tanduk {N-} + {D-} + {-a} menika ukaranipun awujud tembung tanduk mawi panambang {-a}. Pakon tanduk {N-} + {D-} + {-a} ateges pakon pangajak amargi manut *konteks* kawontenan tutur pakon tanduk menika mratelakaken pangajak dhateng tiyang ingkang dipunajak wicantenan. Ing ngandhap menika tuladha bab tindak tutur boten langsung pakon tanduk sarana panambang {-a} kanthi teges pakon pangajak.

Konteks: Tuturan antawisipun Handaka kaliyan Manik. Handaka minangka penutur saha Manik minangka mitra tutur. Handaka kaliyan Manik saweg ngrembag bab durjana. Tuturan menika kadadosan wonten kamar. Rasukan ingkang dipunsandhang Manik werni biru kanthi rikma sapundhak. Tuturan menika kadadosan sasampunipun Manik nyuntak raos remen saha Manik sujana bilih ingkang merjaya inggih menika Suherwindra. Manik nyuwun pirsa dhateng Handaka kados pundi supados saged nyepeng Suherwindra. Ananging Handaka meling dhateng Manik bilih ampun kelimpe amargi kadurjanan menika dereng kawiyak. Tuturan menika pangajak saking Handaka dhateng Manik supados Manik nurut dhateng dhawuhipun. Ancasing tuturan supados

Manik purun nuruti dhawuhipun Handaka nyidhem perkawis kadurjanan.

Data 3/53:

Tuturan:

Handaka: *"Ho-ho-ho! Aja kelimpe kowe, Manik!* ***Wis, ta, kowe saiki nuruta wae karo pakonku.*** *Nganti menit iki, sing sujana yen ibumu diperjaya kuwi mung kowe, Marong, lan ramamu. Sidheman aja nganti wong liya maneh duwe pikiran kaya mengkono. Luwih sithik sing sujana, luwih apik. Dadi, Si durjana ora kudu waspada. Kita bisa golek limpene!"*

Manik: *"Ah, mbulet, Paklik ki. wong durjana kari cek ngono wae kudu diubeng-ubengake, digoleke bukti sing jangkep! Enggih, pendheke kula turuti. Nanging janji, pokoke Mas Marong ampun ngantos ditangkep. Yen ditangkep, kula ajeng tumut mlebet pakunjaran. Nggih, Paklik?!"*

(Sumber: KTBK/111)

Tuturan kanthi ungêlipun *"Wis, ta, kowe saiki nuruta wae karo pakonku."* kalebet tindak tutur boten langsung pakon tanduk ateges pakon pangajak. Manut *konteks*-ipun tuturan menika ngajak dhateng Manik supados Manik nurut kaliyan pakon saking Handaka. Tuturan menika antawisipun Handaka kaliyan Manik. Handaka minangka penutur (O_1) saha Manik minangka mitra tutur (O_2). Ancasing tuturan menika supados Manik purun nurut kaliyan dhawuhipun Handaka.

Tuturan *"Wis, ta, kowe saiki nuruta wae karo pakonku."* ngemu tindak tutur boten langsung pakon tanduk. Wosipun beda kaliyan ukaranipun. Sanajan wosipun pakon nanging *struktur* ukara ngginakaken cakrik ukara carita. Ing basa seratan, cakrik ukara carita titikanipun kawiwitan hurup kapital saha wonten tandha titik (.) ing sawingkingipun ukara. Pakon tanduk katingal ing *satuan lingual 'nuruta'*. Tuturan *"Wis, ta, kowe saiki nuruta wae karo pakonku."*menika dados pakon tanduk amargi sarana panambang {-a} ing wasesanipun. Menawi dipunrimbag, {N-} + {D-} + {-a} → {n-} + *turut* + {-a} = *nuruta*.

Tuturan *"Wis, ta, kowe saiki nuruta wae karo pakonku."* kalebet pakon pangajak dipuncethakaken kaliyan ukara-ukara salajengipun inggih menika menawi Manik purun nurut kaliyan dhawuhipun Handaka, purun nyidhem perkawis kasebat saking tiyang sanes pramila saged madosi limpenipun durjana. Tumindak saking Manik winates ing tuturan *"Ah, mbulet, Paklik ki. wong durjana kari cek ngono wae kudu diubeng-ubengake, digoleke bukti sing jangkep! Enggih, pendheke kula turuti. Nanging janji, pokoke Mas Marong ampun ngantos ditangkep. Yen ditangkep, kula ajeng tumut mlebet pakunjaran. Nggih, Paklik?!"*. Manut tuturan menika Manik nuruti menapa dhawuhipun Handaka nanging kanthi sarat inggih menika Marong menika ampun ngantos dipuncepeng menawi dipuncepeng Manik badhe tumut mlebet pakunjaran.

b. Tindak Tutur Boten Langsung Pakon Tanggap

Pakon tanggap menika ukara ingkang wasesanipun tembung tanggap kanthi jejeripun nindakaken pakaryan. Adatipun tembung tanggap menika wasesanipun ngginakaken tembung kriya ingkang kawuwuhan ater-ater *{dak}-, {kok-}, {di-}*. Ananging menawi tembung tanggap dados pakon tanggap gadhah titikanipun piyambak. Wonten novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* anggitanipun Suparto Brata, kapanggihaken tuladha ingkang mengku tindak tutur boten langsung pakon tanggap sarana panambang {–en}/{-nen}, sarana panambang {–ana}/{-nana}, saha sarana panambang {–na}/{-kna}.

1) Tindak Tutur Boten Langsung Pakon Tanggap {D-} + {-en}/{-nen}

Pakon tanggap {D-} + {-en}/{-nen} menika wasesanipun awujud tembung tanggap ingkang kawuwuhan panambang {-en}. Panambang {-en} ingkang

kawuwuhan ing tembung lingga saged dados tembung kriya kanthi teges ‘pakon’ nanging panambang {-en} ugi saged andhapuk tembung kaanan utawi tembung watak.

Jinising tindak tutur boten langsung pakon tanggap sarana panambang {-en} ingkang kapanggihaken ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* gadhah teges pakon limrah saha pakon paminta. Ing ngandhap menika kajlentrehaken tindak tutur langsung pakon tanggap kanthi titikan saha tegesipun piyambak.

a) Tindak Tutur Boten Langsung Pakon Tanggap {D-} + {-en}/{-nen} Ateges Pakon limrah

Pakon tanggap {D-} + {-en} menika ukaranipun awujud tembung tanggap mawi panambang {-en}. Teges pakon limrah inggih menika ngandharaken pakon saking penutur dhateng mitra tutur supados mitra tutur nindakaken tumindak menapa ingkang dipunandharaken dening penutur manut *konteks* kawontenan tutur. Ing ngandhap menika tuladhanipun tindak tutur boten langsung pakon tanggap {D-} + {-en} kanthi teges pakon limrah.

Konteks: Tuturan antawisipun Handaka kaliyan Marong, Handaka penutur saha Marong lawan tuturipun. Wicantenan kadadosan ing pekawisan wingking dalemipun Sulun Prabu. Handaka manggihaken Marong ingkang taksih methangkring ing wit pelem. Handaka ngajak Marong nyelaki jendhela lajeng nedahaken bab tlacak sepatu. Sasanesipun tlacak sepatu ugi wonten tegesan rokok Gudang Garam ing mriku. Marong dipundhawuhi Handaka supados nlacakaken kembangan sepatunipun menapa sami kaliyan tlacak kembangan sepatu durjana menika. Kanthi kapeksa Marong purun nlacakaken kembangan sepatunipun ing siti. Pranyata kembangan sepatunipun Marong kaliyan kembangan sepatu ing celak jendhela beda. Kanthi raos legeng, Marong tumut ngetutaken Handaka tumuju dhateng sumur. Ing celak sumur menika ugi wonten tlacak sepatu ingkang sami kaliyan tlacak sepatu ing celak jendhela. Handaka dhawuh dhateng Marong supados ningali tlacak ing celak sumur. Ancasing tuturan menika supados Marong

ningali tlacak sepatu ingkang dipunpanggihaken Handaka ing wanci enjing wau.

Data 3/35:

Tuturan:

Handaka: *"**Iki delengen.** Daktemokake uga mau esuk! Dadi, mau bengi kuwi ana wong sing ngadeg-ngadeg ing jendhela kana mau, rokokan Gudang Garam, terus mlebu omah liwat ngidaki lemah teles iki!"*

(Sumber: KTBK/85)

Data tuturan wonten nginggil ingkang ungêlipun *"Iki delengen."* menika kalebet tindak tutur boten langsung pakon tanggap {D-} + {-en} ingkang ateges pakon limrah. Tuturan menika kadadosan antawisipun Handaka kaliyan Marong. Perkawis menika kadadosan wonten sawingkingipun pekawisan dalemipun Sulun Prabu. Wosing tuturan menika dhawuh saking Handaka dhateng Marong ningali bukti ingkang dipuntindakaken durjana. Ancasing pakon menika supados Marong minangka lawan tutur ningali ingkang dipunkajengaken Handaka minangka penutur.

Wosing tuturan *"Iki delengen."* menika pakon nanging beda kaliyan ukara ingkang dipunwedhar. Wosipun pakon nanging *struktur* ukaranipun ngginakaken cakrik ukara carita. Ing basa seratan, cakrik ukara carita titikanipun kawiwitan hurup kapital saha wonten tandha titik (.) ing sawingkingipun ukara. *Fungsi* pakon tanggap katingal wonten titikan *satuan lingual 'delengen'*. Tembung *' delengen'* dados pakon tanggap amaragi kawuwuhan panambang {-en}, menawi dipunrimbag, {D-} + {-en} → *deleng* + {-en} = *delengen*.

Tuturan *"Iki delengen."* manut *konteks* kawontenan tutur ateges pakon limrah. Tuturan menika ngandharaken pakon dhateng mitra tutur. Dipuntingali kanthi kontekstual nedahaken bilih tuturan kasebut sampun dipuntindakaken dhateng Marong kanthi ningali menapa ingkang dipunkajengaken Handaka. Ing

ngandhap menika tuladha sanes bab tindak tutur boten langsung pakon tanggap sarana panambang {-en} ateges pakon limrah, tuladha ing ngandhap menika ngginakaken cakrik ukara pitaken.

Konteks: Tuturan menika bab serat kitir radi aneh ingkang dipuntampi Eram. Tuturan menika antawisipun Handaka minangka penutur saha Pipin minangka mitra tutur. Tuturan kadadosan sabibaripun Handaka nyuwun tulung dhateng Pipin supados nyonto seratan kitir wau. Ananging Pipin radi adreng kenging menapa seratan kitir kedah dipunconto. Handaka dhawuh supados Pipin nyerat kados seratan kitir nanging kanca Pipin ingkang estri ugi kedah nyonto seratan kitir. Utaminipun ingkang kala wingi dalu dhateng ing pesta tanggap warsanipun Pipin. Ancasing tuturan supados Pipin nindakaken pakon saking Handaka.

Data 3/70:

Tuturan:

Handaka: *"Iki dudu tulisane dhukun sing kudu diramesi. Iki kanggo cathetan Markas Resimenku, Mares Ska Detektip Bisma, paraga andesahae Pak Esmiet, pengarang sastra Jawa saka Blambangan. Wis, kana, lakokna! Ëé, kosik.* ***Enake kanca-kancamu wadon sing mau bengi kokundang, ya konen nulis mengkono, urut Mahar, terus sing sijine kuwi sapa?****"*

Pipin: *"Tantiyam. Tantiyam sampun emah-emah menika?"*

(Sumber: KTBK/138)

Data tuturan wonten nginggil ingkang ungêlipun *"Enake kanca-kancamu wadon sing mau bengi kokundang, ya konen nulis mengkono, urut Mahar, terus sing sijine kuwi sapa?"* menika kalebet tindak tutur boten langsung pakon tanggap {D-} + {-en} ingkang ateges pakon limrah. Tuturan menika kadadosan antawisipun Handaka kaliyan Pipin. Perkawis menika kadadosan nalika kepungan ambeng. Wosing tuturan menika pakon saking Handaka dhateng Pipin supados Pipin akon dhateng kanca-kancanipun nyonto seratan kitir. Ancasing pakon menika supados Pipin minangka lawan tutur nindakaken pakon ingkang dipunkajengaken Handaka minangka penutur.

Tuturan *"Enake kanca-kancamu wadon sing mau bengi kokundang, ya konen nulis mengkono, urut Mahar, terus sing sijine kuwi sapa?"* nedahaken tindak tutur pakon. Wosipun beda kaliyan ukara ingkang dipunwedhar. Wosipun pakon nanging *struktur* ukaranipun ngginakaken cakrik ukara pitaken. Ing basa seratan, cakrik ukara pitaken titikanipun kawiwitan hurup kapital saha wonten tandha pitaken (?) ing sawingkingipun ukara. *Fungsi* pakon tanggap katingal wonten titikan *satuan lingual 'konen'*. Tembung *' konen'* dados pakon tanggap amargi kawuwuhan panambang {-en}, menawi dipunrimbag → {D-} + {-en} → *akon* + {-en} = *akonen* → *konen* (wonten *penghilangan* morfem {-a}).

Tuturan *"Enake kanca-kancamu wadon sing mau bengi kokundang, ya konen nulis mengkono, urut Mahar, terus sing sijine kuwi sapa?"* manut *konteks* kawontenan tutur ateges pakon limrah. Tuturan menika ngandharaken pakon dhateng mitra tutur. Tumindak ingkang dipuntindakaken dening Pipin kanthi tumindak *non verbal*.

b) Tindak Tutur Boten Langsung Pakon Tanggap {D-} + {-en}/{-nen} Ateges Pakon Paminta

Teges pakon paminta menika wujuding pakon kanthi nyuwun pitulungan dhateng mitra tuturipun. Adatipun pakon paminta ngginakaken tembung pambiyantu, kadosta *'tulung'*, *'cobi'*. Ing ngandhap menika kajlentrehaken tuladha kutipan data tindak tutur boten langsung pakon tanggap {D-} + {-en} ateges pakon paminta.

Konteks: Tuturan menika dipunandharaken Sulun Prabu dhateng Handaka. Sulun Prabu minangka O_1 saha Handaka minangka O_2. Tuturan menika nalika ngrembag keluwarganipun Suherwindra. Sulun Prabu cariyos blaka bab gegayutan antawisipun keluwarga Sulun Prabu kaliyan keluwarga

Berlin Yasakartana. Keluwarga Berlin Yasakartana kalebet keluwarga ingkang mapan ing Probolinggo, ramanipun Suherwindra kalebet pegawe doane saha ibunipun asring ngawontenaken kagiyatan kadosta arisan dagang utawi pyuh-pyuhan. Sulun Prabu cariyos bilih Trianah ugi tumut arisan kanthi pyuh-pyuhan. Sulun Prabu boten mangretos menapa kadurjanan menika wonten gegayutanipun kaliyan keluwarga Berlin Yasakartana. Tuturan menika Sulun Prabu dhawuh dhateng Handaka supados purun nyimpen wadi temenan bab perkawis keluwarganipun Berlin Yasakartana. Ancasing tuturan supados Handaka nyimpen temenan bab perkawis keluwarganipun Sulun Prabu kaliyan keluwarganipun Berlin Yasakartana menawi boten perlu sanget boten dipunwedhar ing umum.

Data 3/5:

Tuturan:

Sulun Prabu: *"Ngene, ya, Dhimas. Aku ya arep blaka marang sliramu.* ***Nanging iki ya simpenen wadi temenan.*** *Yen ora perlu banget, aja kokwedhar ing umum. Aku mesthi isin banget. Bapake Suherwindra kuwi rak pegawe doane. Ibune ubet nganakake kegiyatan ing kalangan ibu-ibu kebandhan, nganakake arisan dagang utawa pyuh-pyuhan, istilahe. Sapa sing kepengin methok dhisik, ya kudu wani nganyang. Yen nganyang ngono, rugine akeh. Nanging, yen kene ora butuh dhuwit terus ora nganyang nganti methok sing kari-kari, bathine ya akeh. La, embuh ngono, kok Jeng Tri ki ya melu. Malah nganti pirang-pirang nomer ngono. Dipyuh kabeh, la, nyaure kangelan. Mbulet. Sanajan sidane toh daktutup, nanging kahananku ya dhadhal dhuwal. La, Suherwindra kuwi biyen sing diutus nagih dhuwit arisan kuwi mrene. Apa kira-kira ana ngrempelane ati saka keluwargane Suherwindra, aku ora ngerti. Nanging, yen didulu saka akrape, mesthine prekara arisan dagang kuwi, ibune ya ora dadi masalah. Ngono, lo, Dhimas, critane. La, anane kadadean mau bengi, bisa uga bakal miyak ireng-putihe srawunge Suherwindra marang anak-anakku. Yen sing nindakake Suherwindra, motife kepriye? Apa ana gathuke karo anggone tansah srawung raket karo putri-putriku, yakuwi kepengin dadi mantuku, apa prekara bab tagihan arisan dagang, apa ana gayuhan liya sing aku ora mangreteni, kayata bab warisan barang sing mau kokkandhakake. Aku ora ngerti babar pisan silsilahe keluwarga agung Berlin Yasakartana-mbuh sing putri, mbuh sing kakung-sing nyangkut dharah karo Jeng Trianah, sing banjur bisa disangkutake karo bab warisan keluwarga."*

Handaka : *"Wongtuwane Suherwindra asmane sapa?"*

Sulun Prabu: *"Berlin Yasakartana, Bu Berlin. Kondhang kok, ing masyarakat mapan ing Probolinggo kene, marga anggone kecukupakan bandha lan kegiyatane sosial ing masyarakate."*

(Sumber: KTBK/25-26)

Tuturan *"Nanging iki ya simpenen wadi temenan."* ing nginggil ngemu tindak tutur pakon. Tindak tutur pakon menika kalebet tindak tutur boten langsung. Tindak tutur boten langsung menika wosipun beda kaliyan *struktur* ukaranipun. Tuturan *"Nanging iki ya simpenen wadi temenan." struktur* ukaranipun kanthi cakrik ukara carita. Titikanipun cakrik ukara carita ing basa seratan kanthi tandha titik (.) ing sawingkingipun ukara. Tuturan menika antawisipun Sulun Prabu minangka penutur saha Handaka minangka mitra tutur. Tuturan menika awujud dhawuh saking Sulun Prabu dhateng Handaka. Ancasing tuturan supados Handaka nindakaken dhawuhipun Sulun Prabu. Tuturan menika awujud pakon tanggap katingal saking *satuan lingual* tembung *'simpenen'*.

Satuan lingual tembung *'simpenen'* dados pakon amargi tembung lingganipun kawuwuhan panambang {-en}. Menawi dipunrimbag dados, {D-} + {-en} = *simpen* + {-en} → *simpenen*. Panambang {-en} menika kajawi saged adhapuk tembung kriya ingkang gadhah teges 'pakon' ugi saged adhapuk tembung kaanan utawi tembung watak.

Tuturan *"Nanging iki ya simpenen wadi temenan."* menika boten namung ngandharaken pawartos nanging kanthi boten langsung ndhawuhi mitra tutur inggih menika Handaka supados nindakaken ingkang dipunkajengaken penutur. Manut *konteks* kawontenan tutur, tuturan menika ateges pakon paminta saking Sulun Prabu dhateng Handaka supados nyimpen kanthi temenan perkawis keluwarga Berlin Yasakartana. Ing ngandhap menika tuladha sanes tindak tutur boten langsung pakon tanggap {D-} + {-en} ateges pakon paminta kanthi cakrik ukara pitaken.

Konteks: Tuturan kadadosan antawisipun Handaka (O_1) kaliyan Riris (O_2). Tuturan menika kadadosan ing kamaripun Handaka. Riris kaliyan Handaka wicantenan bab durjana. Riris damel vonis bilih ingkang merjaya Trianah inggih menika Eram kaliyan Pipin. Ananging vonis ingkang dipunandharaken dening Riris dereng ganep buktinipun, pramila Riris kedah nyidhem vonis kasebat. Handaka dhawuh dhateng Riris supados nyidhem vonis ingkang dereng cekap buktinipun. Ancasing tuturan menika supados Riris minangka mitra tutur nindakaken dhawuh saking Handaka.

Data 3/55:

Tuturan:

Handaka: *"Tumrapku kuwi dudu bukti. Isih kudu ditliti maneh. Isih kudu daktlesih, Ir. Eram kuwi tekan kene mau bengi apa pancen lagi esuk iki mau? Ngene wae. Aku daknerusake panylidhikanku. Critamu kuwi uga dakgatekake. Nanging, kowe aja melu-melu dhisik gawe vonis kang kaya mengkono.* ***Sidhemen dhisik, ya?****"*

Riris: *"Inggih. Kula badhe mendel mawon rumiyin. Kula pasrah dhumateng Paklik. Nanging, kula pitados, liding crita mangke durjananipun inggih tiyang kalih menika."*

(Sumber: KTBK/116-117)

Tuturan wonten nginggil menika tuturan antawisipun Pipin minangka penutur saha Riris minangka lawan tutur. Tuturan *"Sidhemen dhisik, ya?"* menika ngemu tindak tutur boten langsung pakon tanggap sarana panambang {-en} ingkang ateges pakon paminta. Tuturan *"Sidhemen dhisik, ya?"* wosipun pakon kanthi *struktur* ukara ngginakaken cakrik ukara pitaken. Ing basa seratan, cakrik ukara pitaken titikanipun kawiwitan hurup kapital saha ing sawingkingipun ukara wonten tandha pitaken (?). Dene pakon tanggap katingal ing *satuan lingual* tembung *'sidhemen'*. Pakon tanggap menika ukaranipun awujud tembung tanggap dados pakon amargi kawuwuhan panambang {-en}. Tembung tanggap *'sidhemen'* menawi dipunrimbag dados, {D-} + {-en} → *sidhem* + {-en} = *sidhemen*. Sasangka (1989: 51) bilih panambang {-en} menawi dipungadheng ing tembung ingkang pungkasanipun vokal, panambang {-en} menika dados {-nen}.

Tuturan *"Sidhemen dhisik, ya?"* menika ateges pakon paminta manut *konteks* kawontenan tutur. Tuturan menika pakon kanthi alus dhateng Riris supados nyidhem praduganipun tumrap durjana. Tumindak ingkang dipuntindakaken dening Riris winates ing tuturan *"Inggih. Kula badhe mendel mawon rumiyin. Kula pasrah dhumateng Paklik. Nanging, kula pitados, liding crita mangke durjananipun inggih tiyang kalih menika."* Tuladha sanes pakon paminta ngginakaken tembung pambiyantu *'coba'*.

Konteks: Tuturan menika antawisipun Handaka kaliyan Pipin. Handaka minangka penutur saha Pipin minangka mitra tutur. Handaka paring sumerep dhateng Pipin bilih Handaka dipuninterlokal dening ramanipun Pipin supados nguwali perkawis keluwarga Sulun Prabu. Pipin mboten mangertosi menapa ramanipun dumadakan nyuwun pitulungan dhateng Handaka. Handaka nyukani sumerep bilih sedaya perkawis kala-kala saged dipunwudhari piyambak nanging ugi kedah nyuwun pitulungan saking tiyang sanes. Handaka paring tuladha-tuladha sanesipun supados Pipin mangertos. Ancasing tuturan supados Pipin mangertos menapa ingkang dipunkajengaken Handaka.

Data 3/10:
Tuturan:
Pipin: *"Kula mboten mudheng. Kenging menapa kok rama ndadak nyuwun tulung Panjenengan kapurih ngudhari karuwetan keluwarga. Kenging menapa kok mboten dipunwudhari piyambak?"*
Handaka: *"Lo, wis lumrah dhokter ora bisa nambani awake dhewe, kudu njaluk ditulung dhokter liyane.* ***Coba ithik-ithiken wetengmu, rak ora keri.*** *Nanging, yen aku sing ngithik-ithik wetengmu, kowe mesthi cekikikan. Kanggo ngrasakake awake dhewe, kudu oleh bantuan saka wong liya. Arep kepengin weruh rupane dhewe, dibutuhake pengilon. Mengkono uga maknani ruwete keluwargamu, ramamu merlokake bantuanku."*
(Sumber: KTBK/44)

Wonten data nginggil ingkang ungêlipun *"Coba ithik-ithiken wetengmu, rak ora keri."* ngemu tindak tutur pakon inggih menika tindak tutur boten langsung. Tindak tutur boten langsung menika wosipun beda kaliyan ukara ingkang dipunwedhar dening penutur. Tuturan *"Coba ithik-ithiken wetengmu, rak ora keri."* wosipun pakon sanajan *struktur* ukaranipun cakrik ukara carita. Ing basa

seratan, cakrik ukara carita titikanipun kawiwitan hurup kapital saha wonten tandha titik (.) ing sawingkingipun ukara. Tuturan menika kadadosan antawisipun Handaka kaliyan Pipin. Pipin menika dereng mangertos bab sedanipun Trianah (ibunipun). Pipin nyuwun pirsa dhateng Handaka kenging menapa ramanipun nyuwun pitulungan dhateng Handaka boten dipunwudhari piyambak.

Pakon tanggap saking tuturan *"Coba ithik-ithiken wetengmu, rak ora keri."* katingal ing *satuan lingual 'ithik-ithiken'*. *Satuan lingual 'ithik-ithiken'* kadadosan saking tembung lingga, dados pakon amargi kawuwuhan panambang {-en}. Rimbagipun tembung *'ithik-ithiken'* → {D-} + {-en} → *ithik* + {-en} = *ithiken*.

Tuturan menika ateges pakon paminta. *Fungsi* paminta menika katingal wonten titikan *satuan lingual 'coba'*. Tuturan menika wosipun pakon paminta saking Handaka dhateng Pipin. Ancasing tuturan menika supados Pipin minangka mitra tutur nindakaken ingkang dipunkajengaken penutur.

Tumindak ingkang dipuntindakaken inggih menika ngithik-ithik pandaranipun Pipin piyambak menawi dipunithik-ithik piyambak boten keri nanging menawi dipunithik-ithik tiyang sanes tamtu keri. Tuturan menika kangge negesaken dhateng Pipin bilih tiyang menika mbetahaken tiyang sanes. Kala-kala nyuwun pitulungan dhateng tiyang sanes.

2) Tindak Tutur Boten Langsung Pakon Tanggap {D-} + {-ana}/{-nana}

Pakon tanggap menika ukara ingkang awujud tembung tanggap. Pakon tanggap ingkang kawuwuhan panambang {-ana} gadhah teges pakon. Ing novel

Kunarpa Tan Bisa Kandha kapanggihaken jinising tindak tutur langsung pakon tanggap kanthi titikan panambang {-ana} ingkang gadhah teges piyambak.

a) Tindak Tutur Boten Langsung Pakon Tanggap {D-} + {-ana}/{-nana} Ateges Pakon limrah

Pakon tanggap {D-} + {-ana} kadadosan saking tembung lingga mawi panambang {-ana}. Pakon limrah manut *konteks*-ipun ngandharaken dhawuh saking penutur dhateng mitra tutur supados mitra tutur nindakaken tumindak ingkang dipunkajengaken dening penutur. Ing ngandhap menika kutipan data tindak tutur boten langsung pakon tanggap sarana panambang {-ana} ateges pakon limrah.

Konteks: Tuturan menika antawisipun Handaka kaliyan Pipin. Handaka minangka penutur saha Pipin minangka mitra tutur. Tuturan menika kadadosan ing kamar. Wicantenan antawisipun Handaka kaliyan Pipin ingkang ngrembag perkawis hadhiah buket nalika tanggap warsanipun Pipin saha sesambunganipun Pipin kaliyan Eram. Swasana manut *konteks*, Pipin keranta-ranta manahipun amargi dipuntakeni dening Handaka perkawis ingkang andamel Pipin duka. Handaka dhawuh dhateng Pipin ngelapi waspanipun amargi manahipun Pipin keranta-ranta pramila waspanipun medal. Ancasing tuturan supados Pipin mangertos ingkang dipunkajengaken Handaka.

Data 3/12:
Tuturan:
Handaka: *"O, iya sokur! Aku wis seneng oleh warta yen kowe wis nyuthel lelakon karo Ir. Eram. Ora hubungan maneh, rak iya, ta? Ya, wis, mung kuwi thok, kok, pepenginanku.* ***Wis, kana, lapana eluhmu,*** *gek aku celukna Riris.* ***A****rep daktakoni kaya kowe mau."*

(Sumber: KTBK/47)

Data tuturan ing nginggil kanthi ungêlipun *"Wis, kana, lapana eluhmu, gek aku celukna Riris."* ngemu tindak tutur boten langsung pakon tanggap {-ana}. Tindak tutur boten langsung menika wosipun beda kaliyan ukara ingkang dipunwedhar dening penutur. Tuturan *"Wis, kana, lapana eluhmu, gek aku*

celukna Riris." wosipun mrentah nanging *struktur* ukaranipun kanthi cakrik ukara carita. Cakrik ukara carita ing basa seratan, titikanipun kawiwitan hurup kapital saha wonten tandha titik (.) ing sawingkingipun ukara.

Pakon tanggap sarana panambang {-ana} katingal ing tuturan *"Wis, kana, lapana eluhmu"* kanthi *satuan lingual 'lapana'*. Tembung *'lapana'* dados pakon amargi kawuwuhan panambang {-ana}. Panambang {-ana} menawi kawuwuhaken ing tembung lingga dados kriya tanggap saha panambang {-ana} menika gadhah teges 'pakon'. *Satuan lingual 'lapana'* menawi dipunrimbag → {D-} + {-ana} → *lap* + {-ana} = *lapana*.

Tuturan menika kadadosan antawisipun Handaka kaliyan Pipin. Handaka minangka penutur saha Pipin minangka mitra tutur. Tuturan menika kadadosan ing kamar. Handaka mbetahaken wicantenan kaliyan Pipin. Wicantenan menika ngrembag perkawis sesambunganipun Pipin kaliyan Eram saha bab buket hadhiah tanggap warsanipun Pipin. Handaka dhawuh dhateng Pipin ngelapi waspanipun. Ancasing tuturan menika supados Pipin ngelapi waspanipun.

Manut *konteks* kawontenan tutur, tuturan *"Wis, kana, lapana eluhmu, gek aku celukna Riris."* Mengku teges pakon limrah. Penutur dhawuh dhateng mitra tutur supados nindakaken menapa ingkang dipunkajengaken dening penutur. Tuturan menika dipuntindakaken dening Pipin sanajan boten langsung dipunjlentrehaken ing salebeting novel.

b) Tindak Tutur Boten Langsung Pakon Tanggap {D-} + {-ana}/{-nana} Ateges Pakon Paminta

Pakon paminta manut *konteks* kawontenan tutur gadhah *fungsi* pakon dhateng mitra tutur. Adatipun ngginakaken tembung pambiyantu kadosta, *'tulung'*, *'cobi'*. Ing ngandhap menika tuladhanipun tindak tutur boten langsung pakon tanggap {D-} + {-ana} ateges pakon paminta.

Konteks: Tuturan antawisipun Handaka (O_1) kaliyan Manik (O_2). Tuturan kadadosan wonten kamaripun Sulun Prabu. Handaka gadhah pepenginan kepanggih Manik. Handaka lajeng madosi ing pekawisan wingking dalemipun Sulun Prabu. Wonten pekawisan wingking Handaka menangi Manik kaliyan tiyang jaler, inggih menika Marong. Kekalihipun saweg ngenggar-enggar manah wonten pang uwit pelem. Handaka lajeng madosi Sulun Prabu saperlu dipunajak dhateng kamaripun. Handaka ngaturi Sulun Prabu nyelaki jendhela. Jendhela sampun dipunbikak lajeng Handaka ngaturi Sulun Prabu mirsani wit pelem. Pranyata wonten wit pelem menika Manik kaliyan Marong. Handaka pakon dhateng Manik supados dhateng mriki (kamaripun Sulun Prabu). Wonten kamaripun Sulun Prabu, Handaka kaliyan Manik wicantenan. Nalika kalawau dalu ing pesta tanggap warsanipun Pipin, Manik nate minta sraya mawi samudana bilih sinten ingkang saged nyumingkiraken unek-unek manahipun dados jatukramanipun. Manik nduga bilih ingkang mirengaken minta srayanipun inggih menika Marong. Tuturan menika kadadosan amargi Handaka dhawuh dhateng Manik supados ngepenakaken pangraosipun Manik. Ancasing tuturan menika supados Manik ngepenakaken pangraosipun bilih Manik menika taksih enem saha ayu.

Data 3/29:

Tuturan:

Handaka: *"Gemes, aku! Cah ayu kaya kowe kuwi graitane mesthi jero lan angen-angene mesthi jembar! Jaman iki jamane wong ayu kaya kowe, Manik.* ***Nikmatana****. Janjimu marang aku trepana!"*

(Sumber: KTBK/81)

Tuturan *"Nikmatana."* ing nginggil menika ngemu tindak tutur boten langsung pakon. Tuturan menika wosipun beda kaliyan ukara ingkang

dipunwedharaken dening penutur. Wosipun mrentah nanging *struktur* ukaranipun ngginakaken cakrik ukara carita. Tuturan menika ateges dhawuh dhateng tiyang ingkang dipunajak wicantenan (mitra tutur) supados nindakaken menapa ingkang dipunkajengaken penutur.

Tuturan *"Nikmatana."* ngemu pakon tanggap, kadadosan saking tembung lingga mawi panambang {-ana}. Tembung lingga mawi panambang {-ana} ateges 'pakon'. Tuturan *"Nikmatana."* Menawi dipunrimbag → {D-} + {-ana} → *nikmat* + {-ana} = *nikmatana*.

Tuturan menika antawisipun Handaka kaliyan Manik. Handaka minangka penutur ingkang medharaken tuturan pakon *"Nikmatana."* saha Manik ingkang dados mitra tutur. Handaka menika dhawuhi Manik supados ngepenakaken pangraosipun amargi taksih enem. Tembung *"nikmatana"* dados tembung pakon amargi sarana panambang {-ana}.

Sasangka (1989:57), ngandharaken bilih saben tembung lingga ingkang dipunwuwuhi panambang {-ana} racakipun dados tembung kriya saha gadhah teges (a) pakon, (b) sanadyan di . . . kados ingkang kasebat wonten lingganipun (*kontradiktif*). Tuturan menika ateges pakon paminta saking Handaka dhateng Manik supados ngepenakaken pangraosipun.

3) Tindak Tutur Boten Langsung Pakon Tanggap {D-} + {-na}/{-kna}

Pakon tanggap {D-} + {-na} ukaranipun awujud tembung tanggap mawi panambang {-na}. Panambang {-na} dados titikanipun pakon tanggap. Panambang {-na} menika gadhah teges pakon, ingkang kedah dipuntindakaken dening tiyang sanes manut lingganipun. Jinising pakon tanggap kanthi tegesipun

ingkang kapanggihaken ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* inggih menika limrah, pamenging, saha paminta.

a) Tindak Tutur Boten Langsung Pakon Tanggap {D-} + {-na}/{-kna} Ateges Pakon Limrah

Teges pakon limrah ing pakon tanggap {D-} + {-na} menika pakon saking penutur dhateng mitra tutur, mitra tutur kedah nindakaken tumindak menapa ingkang dipunandharaken penutur. Tuladha kutipan data tindak tutur boten langsung pakon tanggap {D-} + {-na} ateges pakon limrah dipunjlentrehaken ing ngandhap menika.

Konteks: Tuturan menika antawisipun Marong kaliyan Hehe (kancanipun Manik) ugi wonten kanca-kanca sanesipun. Marong minangka penutur saha Hehe minangka mitra tutur. Tuturan menika kadadosan ing ngajengan. Hehe ingkang nembe dhateng lajeng nyuwun minum utawi rokok. Rokok menika ing sakipun Marong lajeng Marong ngulungake dhateng Hehe. Jumblat ugi nyuwun dipunwucali rokok. Hehe saderengipun wangsul dhateng sekolahan, piyambakipun badhe rokokan kaliyan leyeh-leyeh. Ananging rokok ingkang dipunparingaken dhateng Hehe kantun setunggal, pramila Marong dhawuh dhateng Hehe supados tumbas rokok. Ancasing tuturan supados Hehe numbasaken rokok nanging Hehe boten nindakaken pakon saking Marong.

Data 3/16:
Tuturan:
Marong: *"O, iya?* ***Ya tukokna yen ngono****. Gudang Garam abang. Iki dhuwite!"*

(Sumber: KTBK/48)

Data tuturan ing nginggil menika kalebet tindak tutur boten langsung pakon tanggap. Tuturan *"Ya tukokna yen ngono."* ngemu tindak tutur pakon. Tindak tutur pakon ingkang kapanggihaken ing tuturan *"Ya tukokna yen ngono."* kalebet tindak tutur boten langsung. Tindak tutur boten langsung, wosipun beda kaliyan ukara ingkang dipunwedhar dening penutur. *Struktur* ukara tuturan *"Ya tukokna yen ngono."* mengku cakrik ukara carita sanajan wosipun mrentah. Ing basa

seratan, cakrik ukara carita titikanipun kawiwitan hurup kapital saha sawingkingipun ukara katitik tandha titik (.).

Tuturan menika kadadosan antawisipun Marong kaliyan Hehe. Marong minangka penutur saha Hehe minangka mitra tutur. Marong ndhawuhi Hehe supados numbasaken ses amargi kantun setunggal. Ancasing tuturan supados Hehe nindakaken dhawuh saking Marong.

Pakon tanggap tandhanipun saking *satuan lingual* tembung *'tukokna'*. Tembung *'tukokna'* dados pakon amargi kawuwuhan panambang {-na}, menawi dipunrimbag dados mekaten, {D-} + {-na} → *tuku* + {-na} = *tukuna* → *tukokna*. Tembung lingga ingkang pungkasanipun vokal kawuwuhan panambang {-na} malih dados {-kna}.

Tuturan *"Ya tukokna yen ngono."* ngemu teges pakon limrah manut *konteks* kawontenan tutur. Ateges pakon limrah amargi namung ngandharaken pakon dhateng mitra tutur supados mitra tutur nindakaken tumindak ingkang dipunandharaken dening penutur.

b) Tindak Tutur Boten Langsung Pakon Tanggap {D-} + {-na}/{-kna} Ateges Pakon Paminta

Wujuding pakon paminta ing pakon tanggap {D-} + {-na} manut *konteks* kawontenanipun ateges pakon kanthi alus. Adatipun pakon paminta ngginakaken tembung pambiyantu kadosta, *'tulung'*, *'kula aturi'*, *'cobi'* lan sapanunggalanipun. Ing ngandhap menika tuladha pakon tanggap sarana panambang {-ana} ateges pakon paminta.

Konteks: Tuturan Handaka kaliyan Mahar. Handaka minangka penutur (O_1) saha Mahar minangka mitra tutur (O_2). Tuturan menika kadadosan wonten

kamar tidhuripun Pipin. Tuturan menika ngrembag bab durjana. Mahar dipuntakeni kenging menapa nalika wau dalu tanggap warsanipun Pipin, Mahar enggal-enggal wangsul. Mahar ugi dipuntakeni bab buket ingkang dipunbetha Mahar saking Bu Berlin Yasakartana. Kawontenan ingkang katingal ngenggar-enggar manah. Tuturan menika ndhawuhi Mahar supados paring sumerep dhateng Mahar bilih ampun cariyos bab sinten Handaka. Ancasing tuturan supados Mahar mangsuli menawi wonten ingkang nyuwun pirsa, kedah wangsulan bilih Handaka menika Paklikipun Pipin.

Data 3/51:
Tuturan:
Handaka: *"Wis, Jeng Mahar, ayo metu. Sikepmu sing biyasa wae, kaya sadurunge ketemu aku. Kowe pranyata wong wadon kang tatag. Dakjaluk kowe aja kesusu mulih. Bubar saka sarean, balia mrene, melu ngrubung ambeng. Kanca-kanca liya uga cendheten. Kowe ora susah crita bab aku sapa.* ***Kandhakna wae aku paklike Pipin.*** *Ya?"*
Mahar: *"Enggih, Pak Detektip. Kula inggih kepengin kabar kawusananipun prekawis menika. Menawi leres rajapejah, mugi enggal ketangkep durjananipun!"*

(Sumber: KTBK/105)

Data tuturan ing nginggil menika kalebet tindak tutur boten langsung pakon tanggap. Tuturan *"Kandhakna wae aku paklike Pipin."* ngemu tindak tutur pakon. Tindak tutur pakon ingkang kapanggihaken ing tuturan *"Kandhakna wae aku paklike Pipin"* kalebet tindak tutur boten langsung. Tindak tutur boten langsung, wosipun beda kaliyan ukara ingkang dipunwedhar dening penutur. *Struktur* ukara tuturan *"Kandhakna wae aku paklike Pipin"* mengku cakrik ukara carita sanajan wosipun mrentah. Ing basa seratan, cakrik ukara carita titikanipun kawiwitan hurup kapital saha sawingkingipun ukara katitik tandha titik (.).

Tuturan menika kadadosan antawisipun Handaka kaliyan Mahar. Handaka minangka penutur saha Mahar minangka mitra tutur. Handaka ndhawuhi Mahar miturut surasaning ukara saderengipun bilih Mahar boten sisah cariyos bab Handaka sinten nanging matur menawi Handaka menika paklikipun Pipin.

Ancasing tuturan supados Mahar nindakaken dhawuh saking Handaka kanthi wangsulan tuturan *"Enggih, Pak Detektip."*

Pakon tanggap tandhanipun saking *satuan lingual* tembung *'kandhakna'*. Tembung *'kandhakna'* dados pakon amargi kawuwuhan panambang {-na}, menawi dipunrimbag dados mekaten, {D-} + {-na} → *kandha* + {-na} = *kandhana* → *kandhakna*. Tembung lingga ingkang pungkasanipun vokal kawuwuhan panambang {-na} malih dados {-kna}.

Tuturan *"Kandhakna wae aku paklike Pipin."* ngemu teges pakon paminta manut *konteks* kawontenan tutur. Ateges pakon paminta amargi Handaka kanthi alus nyuwun dhateng Mahar supados Mahar matur dhateng tiyang sanes menawi Handaka menika Paklikipun Pipin. Tumindakipun Mahar saweg winates ing tuturan *"Enggih, Pak Detektip."* Tuturan *"Enggih, Pak Detektip."* menika negesaken bilih Mahar boten cariyos dhateng sinten-sinten bab sinten Handaka. Tumindak ingkang dipuntindakaken dening Mahar menika kalebet tumindak *verbal*. Tuladha sanesipun ingkang ngemu tindak tutur boten langsung pakon tanggap sarana panambang {-na} kanthi cakrik ukara pitaken.

Konteks: Tuturan Handaka dhateng Eram. Handaka minangka penutur saha Eram minangka mitra tutur. Tuturan menika kadadosan nalika kepungan ambeng. Nalika Eram nampi kitir radi aneh lajeng dipunaturaken dhateng Handaka. Handaka nampi kitir lajeng ndhawuhi Pipin sarta rayi-rayinipun nyonto seratan kitir. Bibar Pipin nyonto serata kalawu enggal-enggal dipunaturaken dhateng Handaka. Eram sujana bilih Handaka grusa-grusu ingkang nganalisis bab kadurjanan. Eram dereng cetha bab Eram kesangkut kaliyan interlokal saking Manik. Handaka nedahaken bilih Eram saged tumut nindakaken kadurjanan. Handaka ndhawuhi Eram ningali serat kitir. Ancasing tuturan supados Eram ningali serat kitir kanthi temenan.

Data 3/31:
Tuturan:
Handaka: *"Ati-ati, aja grusa-grusu.* ***Iki coba, tamatna, apa?!"***

(Sumber: KTBK/85)

Data tuturan ing nginggil kanthi ungêl *"Iki coba, tamatna, apa?!"* kalebet tindak tutur pakon boten langsung. Tuturan *"Iki coba, tamatna, apa?!"* wosipun mrentah/dhawuh nanging ukaranipun beda. *Struktur* ukaranipun ngginakaken cakrik ukara pitaken, ing basa seratan cakrik ukara pitaken titikanipun kawiwitan hurup kapital saha wonten tandha pitaken (?) ing sawingkingipun ukara.

Pakon tanggap katingal ing *satuan lingual* tembung *'tamatna'*. Tembung *'tamatna'* saged dados pakon amargi sarana panambang {-na}. Tembung *'tamatna'* menawi dipunwudhal → { D-} + {-na} → *tamat* +{-na}= *tamatna*. Tuturan menika antawisipun Handaka kaliyan Eram. Handaka minangka penutur ingkang medharaken tuturan kasebat saha Eram minangka mitra tutur ingkang nindakaken dhawuh saking Handaka. Tumindak ingkang dipuntindakaken Eram kanthi nampi dluwang, dipunwaos seratanipun sanajan dipunwaos nanging Eram boten mangertos tegesipun.

Tuturan *"Iki coba, tamatna, apa?!"* manut *konteks* kawontenan tutur kalebet pakon paminta. Pakon paminta ing tuturan menika ugi ngginakaken tembung pambiyantu *'coba'*. Handaka minangka penutur gadhah paminta dhateng Eram ningali seratan kitir.

c) Tindak Tutur Boten Langsung Pakon Tanggap {D-} + {-na}/{-kna} Ateges Pakon Pamenging

Pakon pamenging menika mratelakaken penging dhateng mitra tutur. pakon pamenging ngginakaken tembung pambiyantu *'aja'*. Ing ngandhap menika

tuldhanipun tindak tutur boten langsung pakon tanggap {D-} + {-a} ateges pakon pamenging.

Konteks: Tuturan kadadosan antawisipun Handaka kaliyan Eram. Pasedherekan ing katingal boten rumaket amargi Handaka kaliyan Eram saweg tepang sapisanan. Tuturan menika kadadosan nalika layon dipunbidhalaken. Handaka nedahaken bilih pawicantena kaliyan Eram kala wau sanes interogasi namung pawicantenan bab keluwarganipun Sulun Prabu. Handaka ugi ngandharaken bilih sedanipun Trianah menika ngandhut wewadi. Handaka pakon marang Eram supados boten criyos kaliyan tiyang sanes ugi menawi wonten bab-bab ingkang boten logis, Eram kedah criyos marang Handaka lajeng sakbibaripun ngeteraken layon Eram sakulawarga kedah tumut nglempak. Ancasing tuturan menika pamenging dhumateng Eram supados samangke menawi Eram manggihaken bab-bab ingkang boten logis utawi nyleneh, Eram boten kepareng criyos dhumateng sinten-sinten kejawi criyos dhumateng Handaka.

Data 3/60:

Tuturan:

Handaka: *"O, wis. Wis! Ya mung omong-omong bab keluwarga Sulun Prabu, kok. Dudu interogasi. Karo ngandhani yen sedane Mbakyu Tri iki ngandhut wewadi. Nanging, kowe ora perlu ngumbar warta kuwi marang sadhengah uwong. Malah mengko yen kowe nemoni bab-bab kang ora logis, nyleneh,* ***aja crita sapa-sapa kajaba perlokna crita marang aku.*** *Hèh, ya, ana maneh. Mengko kowe lan keng rama lan ibumu pisan, bubar ngeterake layon menyang sarean, nglumpuka mrene maneh, ya!"*

(Sumber: KTBK/132)

Wonten data tuturan nginggil, tuturan ingkang ungêlipun *"Malah mengko yen kowe nemoni bab-bab kang ora logis, nyleneh, aja crita sapa-sapa kajaba perlokna crita marang aku."* ngemu tindak tutur pakon. Jinising tindak tutur pakon ingkang kapanggihaken ing tuturan menika kalebet tindak tutur boten langsun. Tindak tutur boten langsung menika wosipun beda kaliyan ukara ingkang dipunwedhar.

Tuturan *"Malah mengko yen kowe nemoni bab-bab kang ora logis, nyleneh, aja crita sapa-sapa kajaba perlokna crita marang aku."* wosipun mrentah/pakon

sanajan *struktur* ukaranipun ngginakaken cakrik ukara carita. Cakrik ukara carita menika saged dipunginakaken kangge pakon. Ing basa seratan, cakrik ukara carita titikanipun kawiwitan hurup kapital saha katitik tandha titik (.) ing sawingkingipun ukara.

Tuturan kadadosan antawisipun Handaka kaliyan Eram. Handaka menika ngandharaken bilih wicantenan kalawau sanes interogasi namung wicantenan bab keluwarga Sulun Prabu saha pamenging dhateng Eram supados boten cariyos dhateng tiyang sanes. Pakon tanggap {D-} + {-na} ukaranipun awujud tembung tanggap mawi panambang {-na}. Pakon tanggap {D-} + {-na} katingal ing *satuan lingual 'perlokna'*. Tembung *'perlokna'* rimbagipun → {D-} + {-en} → *perlu* + {-en} = *perluna* → *perlokna*. Panambang {-na} menawi kawuwuhan ing tembung lingga ingkang pungkasanipun vokal ewah dados {-kna}.

Fungsi pakon pamenging menika katingal wonten tuturan *aja crita sapa-sapa kajaba perlokna crita marang aku*, titikan *satuan lingual*-ipun *'aja'*. Wosing tuturan menika Handaka pakon dhateng Eram. Ancasing tuturan menika supados Eram minangka lawan tutur nindakaken pakon pamenging saking Handaka menawi manggihaken bab-bab ingkang boten nalar, Eram boten kepareng cariyos dhateng tiyang sanes kajawi namung cariyos dhateng Handaka. Eram kanthi boten langsung nindakaken menapa ingkang dipunkajengaken Handaka amargi sedanipun Trianah ngandhut wewadi.

BAB V
PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembagan ingkang sampun dipunwedharaken wonten bab saderengipun, analisis jinising pakon, titikan pakon tanduk saha pakon tanggap, saha tegesing pakon ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* anggitanipun Suparto Brata saged dipunpendhet dudutan kados andharan ing ngandhap.

1. Adhedhasar asiling panaliten, jinising pakon wonten novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* anggitanipun Suparto Brata kaperang dados kalih dipuntingali kanthi *tinjauan sudut pandang pragmatik* inggih menika tindak tutur saha cakrik ukara. Adhedhasar jinising tindak tutur miturut cara medharaken kaperang dados kalih inggih menika tindak tutur langsung saha tindak tutur boten langsung. Dipuntingali kanthi *struktur* ukaranipun kaperang dados tigang warni, inggih menika cakrik ukara carita, cakrik ukara pakon, saha cakrik ukara pitaken. Titikan cakrik ukara carita inggih menika kawiwitan hurup kapital saha sawingkingipun ukara wonten tandha titik (.). Titikan cakrik ukara pakon, kawiwitan hurup kapital saha wonten tandha pakon (!) ing sawingkingipun ukara salajengipun titikan cakrik ukara pitaken wonten sawingkingipun ukara tandhanipun pitaken (?).
2. Titikan pakon tanduk saha pakon tanggap adhedhasar asiling panaliten inggih menika ukara tanduk dados pakon tanduk sarana panambang {-a} saha panambang {-ana}/{-nana}. Menawi pakon tanduk kanthi panambang {-

na}/{-kna} boten dipunpanggihaken wonten novel *Kunarpa Tan Bisa Kandha* anggitanipun Suparto Brata (boten sami kaliyan teori ingkang dipunrujuk). Salajengipun ukara tanggap dados pakon tanggap sarana panambang {-en}/{-nen}, {-ana}/{-nana}, saha {-na}/{-kna}.

3. Tegesing pakon wonten asiling panaliten menika maneka warni wujudipun. Wujuding pakon kadosta pakon limrah, pakon pangajak, pakon paminta, pakon panantang, saha pakon pamenging. Wujuding pakon menika gadhah ancas nedahaken ingkang njalari penutur ngandharaken tuturan pakon kasebat.

B. Implikasi

Asiling panaliten menika dipunginakaken kangge nambahi seserapan ngelmu basa dhateng tiyang-tiyang ingkang remen maos novel. Seserapan ngelmu basa mliginipun ngelmu bab *kajian linguistik* tindak tutur pakon tanduk saha pakon tanggap.

C. Pamrayogi

Panaliten bab tindak tutur pakon tanduk saha pakon tanggap taksih kathah kekiranganipun. Kekirangan-kekirangan menika kadadosan amargi winatesing ngelmu saking panaliti bab *kajian pragmatik*. Pramila taksih prelu dipuntindakaken panaliten langkung lêbêt malih, kadosta wiyaring teba saha cak-cakaning tindak tutur pakon tanduk saha pakon tanggap wonten pasrawungan utawi wonten basa seratan.

DHAFTAR PUSTAKA

Antunsuhono. 1960. *Paramasastra Djawa I (cap-capan katelu)*. Yogyakarta: Hien Hoo Song.

_____. 1956. *Paramasastra Djawa II (cap-capan kapindho)*. Yogyakarta: Hien Hoo Song.

Brata, Suparto. 2009. *Kunarpa Tan Bisa Kandha.* Yogyakarata: NARASI.

Cahyono, Yudi Bambang. 1995. *Kristal-kristal Ilmu Bahasa*. Surabaya: Airlangga University Press.

Chaer, Abdul dan Leoni Agustina. 2010. *Sosiolinguistik Perkenalan Awal*. Jakarta: Rineka Cipta.

_____. 1994. *Linguistik Umum*. Jakarta: Rineka Cipta.

Dardjowidjojo, Soenjono. 2003. *Psikolinguistik (Pengantar Pemahaman Bahasa Manusia)*. Jakarta: Yayasan Obor Indonesia.

Hadiwidjana, R. D. S. 1967. *Tata Sastra*. Jogja: U. P. Indonesia.

Indriani, Anita. 1993. *Kajian Pragmatik Tindak Tutur Perintah Dalam Bahasa Jawa Pada Mahasiswa Yang Tinggal Di Samirono*. Skripsi. Yogyakarta: PBD UNY.

Kridalaksana, Harimurti, dkk. 2001. *Wiwara: Pengantar Bahasa dan Kebudayaan Jawa*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.

Kurniawan, Winda. 2012. *Kajian Tindak Tutur Direktif Dalam Bahasa Jawa Khutbah Jumat di Masjid Al Barokah Desa Kalak Kab. Pacitan*. Skripsi. Yogyakarta: PBD UNY.

Leech, Geoffrey. 2011. *Prinsip-prinsip Pragmatik (terjemahan M. D. D. Oka).* Jakarta: Universitas Indonesia.

Nurgiyantoro, Burhan. 2010. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

Padmosoekotjo, S. *Paramasastra Jawa (Cap-capan II).* 1987. Surabaya: P. T. Citra Jaya Mukti.

Poerwadarminta, W. J. S. 1939. *Baoesastra Djawa.*

Purwo, Bambang Kaswanti. 1994. *PELLBA 7 Pertemuan Linguistik Lembaga Bahasa Atma Jaya: Ketujuh*. Yogyakarta: Kanisius.

_____. 1990. *Pragmatik Dan Pengajaran Bahasa (Menyibak Kurikulum 1984)*. Yogyakarta: Kanisius.

Rahardi, Kunjana. 2005. *Pragmatik Kesantunan Imperatif Bahasa Indonesia*. Jakarta: Erlangga (Anggota IKAPI).

Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 1989. *Paramasastra Jawa Gagrag Anyar*. Surabaya: PT Citra Jaya Mukti.

Setiyadi, Bambang. 2006. *Metode Penelitian Untuk Pengajaran Bahasa Asing: Pendekatan Kuantitatif dan Kualitatif*. Yogyakarta: Graha Ilmu.

Setiyanto, Aryo Bimo. 2007. *Paramasastra Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Panji Pustaka.

Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

_____. 1988. *Metode Linguistik*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

Tarigan, Henry Guntur. 1986. *Pengajaran Pragmatik*. Bandung: Angkasa Bandung.

Wijana, I Dewa Putu. 1996. *Dasar-Dasar Pragmatik*. Yogyakarta: ANDI OFFSET.

Yule, George. 2006. *Pragmatik (Terjemahan)*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Lampiran 1: Jinising Tindak Tutur Pakon, Titikanipun Pakon Tanduk saha Pakon Tanggap, Tegesing Pakon

No	Konteks	Data	Jinis					Titikan							Teges					Andharan
			TT		CU			Ptd				Ptgg								
			Ttl	Ttl	Pt	C	P	L D- +-a	Tdw N- +-a	Tko-i N- +-ana/-nana	Tko-ké N- +-na/-kna	Tgko-w D- +-en/-nen	Tgko-i D- +-ana/-nana	Tgko-ké D- +-na/-kna	P L	pgjk	pntg	pmnta	pmgg	
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21
1	Tuturan menika ing dalemipun Sulun Prabu wanci enjing. Tuturan menika antawisipun Sulun Prabu (O_1) kaliyan Pipin (O_2).	Sulun Prabu: " ***Iya. Golekana adhimu, , ben padha kenal karo kancane bapak saka Sala iki!***" Pipin: " *Riris sampun wonten ngajeng. Manik mbokmenawi taksih tileman."* Sumber: KTBK/20.	√				√						√		√					-Tuturan menika kalebet tindak tutur langsung kanthi cakrik ukara pakon. Titikanipun ukara pakon dipunwiwiti kanthi hurup kapital lajeng tandha pakon (!) ing wingking ukara. -Titikan kangge pakon tanggap inggih menika {**D-} + {-ana}** → ***golek*** **+ {-ana}** ing tembung *golekana*, ateges pakon limrah.
2	Tuturan menika antawisipun Sulun Prabu (O_1)	Sulun Prabu: "*Nanging, bocahe mau jan njondhil tenan, sliramu mara-mara takon prekara Eram!*																		-Tuturan menika kalebet tindak tutur boten langsung kanthi cakrik ukara carita. Titikanipun ukara carita dipunwiwiti kanthi

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21
	kaliyan Handaka (O_2). Ancasing tuturan menika ndhawuhi Handaka supados medharaken dhateng Sulun Prabu menawi putri-putrinipun kecakan perkawis.	*Aku mau rak wis meling, yen ngantia anak-anakku kecakan ing prekara sedane Jeng Tri, aja diumumake,* ***kandhakna marang aku dhewe wae.*** *Kanthi ndumuk cek ngono mau bocahe rak banjur ngerti. Swasana keluwargaku tutuge dadi ora kepenak. Ah, Dhimas, priye saiki olehe kudu nentremake atine Pipin?"* Sumber: KTBK/21.		√		√								√				√		hurup kapital lajeng tandha titik (.) ing wingking ukara. -Titikan ukara pakon tanggap inggih menika {**D-**} + {**-na**} → ***kandha*** + {**-na**} ing tembung *kandhakna*, ateges paminta.
3	Tuturan menika antawisipun Handaka (O_1) saha Sulun Prabu (O_2). Tuturan menika ngrembag sesambungani pun Pipin kaliyan Eram sabibaripun dipuntulak Trianah.	Detektip Handaka: *"Sik, Mas.* ***Coba critaa maneh bab Insinyur Eram luwih jangkep****. Sawise ditulak Mbakyu Tri apa dheweke saiki ya isih hubungan karo Pipin?"* Sulun Prabu: *"Embuh, ya, yen sesidheman. Nanging, sajake blas ora hubungan maneh. Pipin jan katrem tenan atine, saha terus meneng. Ngomong marang ibune mung yen perlu banget."* Sumber: KTBK/23.		√		√		√											√		-Tuturan menika kalebet tindak tutur boten langsung kanthi cakrik ukara carita. Titikanipun ukara carita dipunwiwiti kanthi hurup kapital lajeng tandha titik (.) ing wingking ukara. -Titikan ukara pakon tanduk inggih menika **{D-} + {-a}** → ***crita*** **+ {-a}** ing tembung *critaa*, ateges pakon paminta.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21
4	Wonten tuturan menika Handaka kapengin mangertos sinten kemawon kancanipun Pipin supados Handaka gadhah gambaran pribadhi kancanipun Pipin. Handaka dados (O_1) saha Sulun Prabu dados (O_2).	Detektif Handaka: *"Sapa, Mas, kancane Pipin sing teka?* ***Sebutna jenenge ben aku duwe gambaran pribadhine.****"* Sumber: KTBK/23.		√		√								√				√		-Tuturan menika kalebet tindak tutur boten langsung kanthi cakrik ukara carita. Titikannipun ukara carita dipunwiwiti kanthi hurup kapital lajeng tandha titik (.) ing wingking ukara. -Titikan ukara pakon tanggap inggih menika {**D-} + {-na}** → ***sebut*** **+ {-na}** ing tembung *sebutna*, ateges pakon paminta.
5	Tuturan menika pakon dhateng Handaka supados andharan bab keluwarganipun Suherwindra dipunsidhem	Sulun Prabu: *"Ngene, ya, Dhimas. Aku ya arep blaka marang sliramu.* ***Nanging iki ya simpenen wadi temenan****. Yen ora perlu banget, aja kokwedhar ing umum. Aku mesthi isin banget. Bapake Suherwindra kuwi rak pegawe doane. Ibune ubet nganakake*																		-Tuturan menika kalebet tindak tutur boten langsung kanthi cakrik ukara carita. Titikannipun ukara carita dipunwiwiti kanthi hurup kapital lajeng tandha titik (.) ing wingking ukara. -Titikan ukara pakon tanggap inggih menika {**D-} + {-en}** →

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21
	mboten dipunwara-wara ing umum. Tuturan menika antawisipun Sulun Prabu (O_1) saha Handaka (O_2).	*kegiyatan ing kasahagan ibu-ibu kebandhan, nganakake arisan dagang utawa pyuh-pyuhan, istilahe. Sapa sing kepengin methok dhisik, ya kudu wani nganyang. Yen nganyang ngono, rugine akeh. Nanging, yen kene ora butuh dhuwit terus ora nganyang nganti methok sing kari-kari, bathine ya akeh ..."* Sumber: KTBK/25-26.		**√**		**√**						**√**						**√**		***simpen* + {-en}** ing tembung *simpenen*, ateges paminta.
6	Tuturan kadadosan antawisipun Sulun Prabu (O_1) saha Handaka (O_2). Tuturan menika pakon paminta saking Sulun Prabu supados Handaka ngginakaken sedaya teori kangge ndhungkap	Sulun Prabu: *"Ya embuh kono kersamu, Dhimas. Pokoke prekara iki dakpasrahake sliramu mutlak anggone nylidhiki saha mangreteni durjanane. Yen durjanane keluwargaku dhewe, sliramu aja kandha sapa-sapa. Ben aku dhewe wae sing ngerti. Nanging, yen durjanane wong liya, dudu keluwargaku, apike ya ditangkep pisan wae.* ***Nggonen sakabehe teori****, cakna kabeh kewasisanmu.....* *....."*																		-Tuturan menika kalebet tindak tutur boten langsung kanthi cakrik ukara carita. Titikannipun ukara carita dipunwiwiti kanthi hurup kapital lajeng tandha titik (.) ing wingking ukara. -Titikan ukara pakon tanggap inggih menika {**D-} + {-en} → *anggo*** + {-en} ing tembung *nggonen*, ateges pakon paminta.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21
	kadurjanan ing keluwarga Sulun Prabu.	Detektip Handaka: *"Nanging, iki genah rajapati."* Sumber: KTBK/32.		√		√						√						√		
7	Tuturan kadadosan antawisipun Sulun Prabu (O_1) saha Handaka (O_2). Tuturan menika pakon paminta saking Sulun Prabu supados Handaka ngecakaken kewasisanipun kangge ndhungkap durjana.	Sulun Prabu: *"Ya embuh kono kersamu, Dhimas. Pokoke prekara iki dakpasrahake sliramu mutlak anggone nylidhiki saha mangreteni durjanane. Yen durjanane keluwargaku dhewe, sliramu aja kandha sapa-sapa. Ben aku dhewe wae sing ngerti. Nanging, yen durjanane wong liya, dudu keluwargaku, apike ya ditangkep pisan wae. Nggonen sakabehe teori,* ***cakna kabeh kewasisanmu****....."* Detektip Handaka: *"Nanging, iki genah rajapati."* Sumber: KTBK/32.		√		√									√				√		-Tuturan menika kalebet tindak tutur boten langsung kanthi cakrik ukara carita. Titikannipun ukara carita dipunwiwiti kanthi hurup kapital lajeng tandha titik (.) ing wingking ukara. -Titikan ukara pakon tanggap inggih menika {**D-} + {-na} → *cak* + {-na}** ing tembung *cakna*, ateges paminta.
8	Tuturan menika antawisipun Handaka	Handaka: *"Pipin, aku iki sedulur sinara wedine ramamu.*																		-Tuturan menika kalebet tindak tutur boten langsung kanthi cakrik ukara carita. Titikanipun ukara carita dipunwiwiti kanthi

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21
	kaliyan Pipin. Tuturan menika kedadosan wonten kamaripun Pipin. Handaka dhawuh dhateng Pipin supados mirengaken jlentrehan saking Handaka bab Sulun Prabu nyuwun pitulungan.	*Dhek isih jaka biyen komplot banget, ngungkuli sedulur. Nasib saha cita-cita kaya-kaya wis nyawiji. Yen aku kerepotan, ditulung ramamu, yen ramamu kethetheran sinau, njaluk bantuan aku.* ***La, siki rungokna****.* Sumber: KTBK/43.		√		√								√	√					kanthi hurup kapital lajeng tandha titik (.) ing wingking ukara. - Titikan ukara pakon tanggap inggih menika {**D-} + {-na} → *rungu* + {-na}** ing tembung *rungokna*, ateges pakon limrah.
9	Tuturan menika antawisipun Handaka kaliyan Pipin. Tuturan menika kadadosan wonten kamaripun Pipin.	Handaka: *"Mau bengi aku diinterlokal ramamu. Ora mung ngabarake prekara sedane ibumu kang ndadak. Luwih saka kuwi, ramamu rumangsa ana karuwetan ing sajrone tata uripe keluwargane, ya keluwargamu. Piyambake njaluk tulung marang aku kaya dhek isih jaka biyen, dikon*																		-Tuturan menika kalebet tindak tutur boten langsung kanthi cakrik ukara carita. Titikanipun ukara carita dipunwiwiti kanthi hurup kapital lajeng tandha titik (.) ing wingking ukara. -Titikan ukara pakon tanduk inggih menika {**D-} + {-a} → *melu* + {-a}** ing tembung *melua*, ateges paminta.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21
	Handaka dhawuh dhateng Pipin supados tumut nguwali ingkang nyingseti kebahagiaan keluwargan-ipun.	*nyoba ngudhari keruwetan iki. Mula saiki dakperlokake rembugan karo kowe.**Kadidene putrane pembarep, kowe uga melua nguculi tali urip sing nyingseti kebahagiaan keluwargamu.** Tekan kene, ngerti kowe apa karepku?"* Sumber: KTBK/43.		√		√		√										√		
10	Tuturan menika kadadosan antawisipun Handaka (O_1) kaliyan Pipin (O_2). Handaka nyukani sumerep dhateng Pipin bilih sedaya perkawis kala-kala saged dipunwudhari piyambak nanging saged nyuwun pitulungan.	Pipin: *"Kula boten mudheng. Kenging menapa kok rama ndadak nyuwun tulung Panjenengan kapurih ngudhari karuwetan keluwarga. Kenging menapa kok mboten dipunwudhari piyambak?* Handaka: *"Lo, wis lumrah dhokter ora bisa nambani awake dhewe, kudu njaluk ditulung dhokter liyane. **Coba ithik-ithiken wetengmu, rak ora keri**. Nanging, yen aku sing ngithik-ithik wetengmu, kowe mesthi cekikikan. Kanggo ngrasakake awake*																		-Tuturan menika kalebet tindak tutur boten langsung kanthi cakrik ukara carita. Titikannipun ukara carita dipunwiwiti kanthi hurup kapital lajeng tandha titik (.) ing wingking ukara. -Titikan ukara pakon tanggap inggih menika {**D-**} + {**-en**} → ***ithik*** + {**-en**} ing tembung *ithik-ithiken*, ateges pakon paminta.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21
		dhewe, kudu oleh bantuan saka wong liya. Arep kepengin weruh rupane dhewe, dibutuhake pengilon. Mengkono uga maknani ruwete keluwargamu, ramamu merlokake bantuanku." Sumber: KTBK/44.		√		√						√						√		
11	Tuturan menika kadadosan nalika Handaka nyuwun katrangan Pipin bab sesambetan-ipun kaliyan Eram. Wangsusaha-ipun Pipin menawi piyambakipun sampun mboten wonten sesambetan kaliyan Eram.	Detektip Handaka: *"Aku njaluk jawaban sing jujur. Saiki ibumu wis ora ana, kowe ora perlu kuwatir.* ***Jawaben, apa sajrone dilarang ibumu, kowe isih sesambungan karo Ir. Eram?"*** Pipin: *"Mboten! Kula sumpah, pejah, kula mboten sesambetan kaliyan Mas Eram!"* Sumber: KTBK/46.		√	√							√						√		-Tuturan menika kalebet tindak tutur boten langsung kanthi cakrik ukara pitaken. Titikanipun ukara pitaken dipunwiwiti kanthi hurup kapital lajeng tandha pitaken (?) ing wingking ukara. -Titikan ukara pakon tanggap inggih menika {**D-**} **+ {-en}** → ***jawab* + {-en}** ing tembung *jawaben*, ateges pakon paminta.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21
	Swasana katingal sedhih.																			
12	Tuturan menika antawisipun Handaka (O_1) saha Pipin (O_2). Tuturan menika bab sesambetan-ipun Pipin kaliyan Eram, Handaka ndhawuhi Pipin supados ngelap waspanipun.	Handaka: *"O, iya sokur! Aku wis seneng oleh warta yen kowe wis nyuthel lelakon karo Ir. Eram. Ora hubungan maneh, rak iya, ta? Ya, wis, mung kuwi thok, kok, pepenginanku.* ***Wis, kana, lapana eluhmu,*** *gek aku celukna Riris.* ***Arep*** *daktakoni kaya kowe mau."* Sumber: KTBK/47.		√		√							√		√					-Tuturan menika kalebet tindak tutur boten langsung kanthi cakrik ukara carita. Titikanipun ukara carita dipunwiwiti kanthi hurup kapital lajeng tandha titik (.) ing wingking ukara. -Titikan ukara pakon tanggap inggih menika {**D-} + {-ana} → *lap* + {-ana}** ing tembung *lapana*, ateges pakon limrah.
13	Tuturan menika antawisipun Handaka (O_1) saha Pipin (O_2). Handaka dhawuhi Pipin supados nimbali rayinipun (Riris).	Handaka: *"O, iya sokur! Aku wis seneng oleh warta yen kowe wis nyuthel lelakon karo Ir. Eram. Ora hubungan maneh, rak iya, ta? Ya, wis, mung kuwi thok, kok, pepenginanku. Wis, kana, lapana eluhmu,* ***gek aku celukna Riris.*** *Arep daktakoni kaya kowe mau."* Sumber: KTBK/47.		√		√								√	√					-Tuturan menika kalebet tindak tutur boten langsung kanthi cakrik ukara carita. Titikanipun ukara carita dipunwiwiti kanthi hurup kapital lajeng tandha titik (.) ing wingking ukara. -Titikan ukara pakon tanggap inggih menika {**D-} + {-na} → *celuk* + {-na}** ing tembung *celukna*, ateges pakon limrah.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21
14	Tuturan menika antawisipun Pipin dados penutur (O_1) saha Riris dados lawan tutur (O_2). Tutuan menika nyuraosi Riris bilih piyambakipun dipuntimbali Handaka.	Pipin: *"Ris! Ditimbali Paklik sing saka Sala! Nyang kamarku!* Riris: *"Kena apa? Perlu apa?"* Pipin: *" Bakal ditarap, kowe! Diongkreh-ongkreh hubunganmu karo Risang!* ***Cobanen wae teka mrana!****"* Sumber: KTBK/47.	√				√					√					√			-Tuturan menika kalebet tindak tutur langsung kanthi cakrik ukara pakon. Titikanipun ukara pakon dipunwiwiti kanthi hurup kapital lajeng tandha pakon (!) ing wingking ukara. -Titikan ukara pakon tanggap inggih menika {**D-} + {-en} → *coba* + {-en}** ing tembung *cobanen*, ateges panantang.
15	Tuturan menika kadadosan antawisipun Pipin kaliyan Riris. Pipin gadhah pakon saking Handaka nimbali Riris. Pipin menika radi mboten remen kaliyan Handaka amargi	Pipin: *"Aku ora kandha 'njugarake'. Mung diongkreh-ongkreh! Sajake seneng nyaruwe bab jejodhoan ngono kuwi. Coba, aku mau dipleter prekara sesambungan karo Mas Eram!* ***Kana, mranaa!*** *Selak nesu kae mengko ngenteni kesuwen tekamu!"* Sumber: KTBK/47.	√				√		√							√					-Tuturan menika kalebet tindak tutur langsung kanthi cakrik ukara pakon. Titikanipun ukara pakon dipunwiwiti kanthi hurup kapital lajeng tandha pakon (!) ing wingking ukara. -Titikan ukara pakon tanduk inggih menika {**N-} + {D-} + {-a} → {m-} + *rana* + {-a}** ing tembung *mranaa*, ateges pakon limrah.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21
	Sesambetan-ipun kaliyan Eram dipunongkreh-ongkreh.																			
16	Tuturan menika antawisipun Marong (O_1) kaliyan Hehe, Jumblat ingkang dados O_2. Kawontenan nalika menika Hehe, Jumblat, saha Prasetya sami takziah ing griyanipun Manik.	Marong: *"O, iya?* ***Ya tukokna yen ngono****. Gudang Garam abang. Iki dhuwite!"* Sumber: KTBK/48.		√		√								√	√					-Tuturan menika kalebet tindak tutur boten langsung kanthi cakrik ukara carita. Titikanipun ukara carita dipunwiwiti kanthi hurup kapital lajeng tandha titik (.) ing wingking ukara. -Titikan ukara pakon tanggap inggih menika {**D-} + {-na} → *tuku* + {-na}** ing tembung *tukokna*, ateges pakon limrah.
17	Tuturan menika bab Handaka nimbali Riris. Riris sampun mangertos bab menapa ingkang dipunrembag.	Riris: *"Paklik nimbali kula?"* Detektip Handaka: *"Riris, kowe? Iya.* ***Mrenea!****"* Riris: *"Kula kaliyan Mas Risang. Piyambakipun kepengin tepang kaliyan keluwarga kula ingkang tebih*																		-Tuturan menika kalebet tindak tutur langsung kanthi cakrik ukara pakon. Titikanipun ukara pakon dipunwiwiti kanthi hurup kapital lajeng tandha pakon (!) ing wingking ukara. -Titikan ukara pakon tanduk inggih menika {**N-} + {D-} + {-a} → {m-} + *rene* + {-a}** ing

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21
	Pramila Pipin mbetha Risang ingkang dados tunanganipun.	*tebih-tebih. Menika tunangan kula, kok, Paklik. Dados inggih bakal dados keluwarga piyambak."* Sumber: KTBK/49.	√				√		√						√					tembung *mrenea*, ateges pakon limrah.
18	Tuturan menika antawisipun Handaka (O_1) kaliyan Riris (O_2). Tuturan menika ndhawuhi Riris supados ngemut-emut menapa taksih wonten kabar saking Eram sakbibaripun dipuntulak dening Trianah.	Handaka: *"Babar pisan ora tau ana kabare? Per telepon ya ora?* ***Coba, eling-elingen****."* Riris: *"O, nate. Sepisan. Inggih namung sepisan menika, telpon dipuntampi ibu. Wah, sakjam ibu ngendika bantas nguman –uman Mas Eram sak keluwarganipun wonten ing telpon! Upami mboten dipunpedhot Mas Eram ngaten, mbokmenawi inggih gangsal jam ibu kiyat srengen terus wonten ing telpon."* Sumber: KTBK/51.		√		√						√							√		-Tuturan menika kalebet tindak tutur boten langsung kanthi cakrik ukara carita. Titikanipun ukara carita dipunwiwiti kanthi hurup kapital lajeng tandha titik (.) ing wingking ukara. -Titikan ukara pakon tanggap inggih menika {**D-**} + {**-en**} → ***eling*** + {**-en**} ing tembung *eling-elingen*, ateges pakon paminta.
19	Tuturan menika antawisipun Sulun Prabu kaliyan	Sulun Prabu: *"Tembayatan urip jejodhoan sing kepeksane kudu disranani tindak kadurjana? Saka oyote wis ora becik. Iya, ta?"*																		-Tuturan menika kalebet tindak tutur langsung kanthi cakrik ukara pakon. Titikannipun ukara pakon dipunwiwiti kanthi hurup kapital lajeng tandha pakon (!)

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21
	Handaka. Handaka nyukani sumerep dhateng Sulun Prabu ngemut-emut perkawis sesambungani pun Pipin kaliyan Eram ingkang dipunpethal.	Handaka: *"Nanging, marga urip jejodhoan kanthi jodho katresnane ati, luwih aweh kebahagiyaan urip katimbang diprtuthes dipisahake! Dipidahake karo wong sing ditresnani kuwi bisa ndadekake urip katula-tula sadawene umur!* ***Emuta prekarane Pipin kang dipethal karo Ir. Eram!*** *Pipin dadi urip nglengleng kaya mengkono! Apa Panjenengan ora mesakake?"* Sumber: KTBK/59.	√				√	√							√					ing wingking ukara. -Titikan ukara pakon tanduk inggih menika {**D-} + {-a} → *emut* + {-a}** ing tembung *emuta*, ateges pakon limrah.
20	Tuturan antawisipun Sulun Prabu (O_1) saha Handaka (O_2). Tuturan menika nyariosaken bab praduga saking Handaka, sinten ingkang merjaya	Sulun Prabu: *"Wis, Dhimas.* ***Urusana dhisik prekara iki nganti cetha kabul kawusanane****. Mengko solusine kepriye, dipikir keri! Ya?"* Sumber: KTBK/59.		√		√							√		√					-Tuturan menika kalebet tindak tutur boten langsung kanthi cakrik ukara carita. Titikanipun ukara carita dipunwiwiti kanthi hurup kapital lajeng tandha titik (.)ing wingking ukara. -Titikan ukara pakon tanggap inggih menika {**D-} + {-ana} → *urus* + {-ana}** ing tembung *urusana*, ateges pakon limrah.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21
	Trianah. Sulun Prabu pakon dhateng Handaka supados ngurus perkawis dumugi cetha.																			
21	Tuturan menika kadadosan antawisipun Tantiyam kaliyan Dewaji nanging wonten Tuturan menika piwelingipun Tantiyam dhateng garwanipun Dewaji supados mapag watara tabuh setunggal utawi tiga.	Tantiyam: *"O, iya ngono, Mas De. **Aturen dhewe**. Jam siji ya apik, jam telu ya kena. Pokoke aku melu ngeterke layon nganti tekan dipetak."* Sumber: KTBK/62.		√		√						√			√					-Tuturan menika kalebet tindak tutur boten langsung kanthi cakrik ukara carita. Titikanipun ukara carita dipunwiwiti kanthi hurup kapital lajeng tandha titik (.) ing wingking ukara. -Titikan ukara pakon tanggap inggih menika {**D-**} + {**-en**} → ***atur*** + {**-en**} ing tembung *aturen*, ateges pakon limrah.
22	Tuturan	Handaka: *"**Pirsanana nggon***																		-Tuturan menika kalebet tindak

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21
	menika antawisipun Handaka (O_1) kaliyan Sulun Prabu (O_2). Tuturan menika pakon dhateng Sulun Prabu supados mirsani sinten ingkang wonten ing wit pelem.	***wit pelem kae!*** *Sapa?"* Sumber: KTBK/70.	√				√						√		√					tutur langsung kanthi cakrik ukara pakon. Titikanipun ukara pakon dipunwiwiti kanthi hurup kapital lajeng tandha pakon (!) ing wingking ukara. -Titikan ukara pakon tanggap inggih menika {**D-} + {-ana} → *pirsa* + {-ana}** ing tembung *pirsanana*, ateges pakon limrah.
23	Tuturan menika kadadosan ing wanci siyang, antawisipun Handaka kaliyan Manik. Handaka nimbali Manik amargi kapengin gineman ing kamar nanging boten kaliyan Marong.	Detektip Handaka: *"Manik! Dakgoleki kowe, Nik! Aku kepengin omong-omong karo kowe ing kamar kene!* ***Mrenea, ya!*** *Ijen wae! Mas Marong ben ngenteni neng kono, apa melu jagong neng ngarepan!"* Sumber: KTBK/70.	√				√		√							√				-Tuturan menika kalebet tindak tutur langsung kanthi cakrik ukara pakon. Titikanipun ukara pakon dipunwiwiti kanthi hurup kapital lajeng tandha pakon (!) ing wingking ukara. -Titikan ukara pakon tanduk inggih menika {**N-} + {D-} + {-a} → {m-} + *rene* + {-a}** ing tembung *mrenea*, ateges pakon pangajak.
24	Tuturan	Detektip Handaka: *"Ngene,*																		-Tuturan menika kalebet tindak

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21
	menika kadadosan antawisipun Handaka (O_1) kaliyan Manik (O_2). Wonten tuturan menika Handaka pakon dhateng Manik supados njagi tuturipun ampun ngala-ala bab ibunipun ingkang sampun seda.	*Mas, Manik. Prekara iki aja dibukak dhisik. Mas Sulun saha Manik tutup mulut sing rapet. Aku daknutugake panylidhikanku. Mengko kita rundhing maneh, priye sing kudu dilakoni, sing kudu dilapurake menyang pihak kawogan. Pendheke, aku mengko yen arep tumindak apa-apa magepokan karo pihak polisi, matur dhisik karo Panjenengan.* ***Manik, Cah Ayu, empeten tuturmu sing sahadhep kuwi.*** *Kowe ya ayu kaya ibumu, kok. Eman ayumu yen kok terusake anggonmu ngelek-elek ibumu!"* Sumber: KTBK/79.		√		√						√						√		tutur boten langsung kanthi cakrik ukara carita. Titikanipun ukara carita dipunwiwiti kanthi hurup kapital lajeng tandha titik (.) ing wingking ukara. -Titikan ukara pakon tanggap inggih menika {**D-} + {-en} → *empet* + {-en}** ing tembung *empeten*, ateges paminta.
